M. TLEWMURATOV, J.T. BERDIEV,
Z. TLEWMURATOVA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXI'

# 8



M. TLEWMURATOV, J. T. BERDIEV,
Z. TLEWMURATOVA

# QARAQALPAQSTAN TARIYXI'

## 8-KLASS

ULUWMA WORTA BILIM BERIW MEKTEPLERI USHI'N

Qayta islengen ha'm toli'qti'ri'lg'an basi'li'm

*Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xali'q bilimlendiriw ministrligi tasti'yi'qlag'an*

NO'KIS
«BILIM»
2014

UOK 94(575.172)(075)
KBK 63.3(0=Qar)
T-77

**Qaraqalpaqstan tariyxi'**. 8-klass ushi'n sabaqli'q. No'kis.: «Bilim», 2014-ji'l, 120 bet.

**UOK 94(575.172)(075)**
**KBK 63.3(0=Qar)**
**T-77**

Avtorlar: **M. Tlewmuratov**
**J. T. Berdiev**
**Z. Tlewmuratova**

Pikir bildiriwshiler:

**B. E. Kojamuratov** — *QR ROMO metodisti;*
**B. Sh. Shamambetov** — *tariyx ilimlerinin' doktori';*
**R. Axmetshin** — *tariyx ilimlerinin' kandidati';*
**M. B.Tajimuratov** — *Shi'mbay rayoni' 10-sanli' mekteptin' tariyx pa'ni mug'allimi;*
**Z. A. Da'wletnazarova** — *No'kis qalasi', 38-sanli' mekteptin' tariyx pa'ni qa'niygesi;*
**B. S.Uzaqov** — *NMPI jani'ndag'i' 4-sanli' Shi'mbay rayoni' akademiyali'q liceydin' tariyx pa'ni wogi'ti'wshi'si'.*

ISBN 978-9943-4190-9-4

© «Bilim» baspasi', 2014-j.

# KIRISIW

**Qi'mbatli' woqi'wshi'lar!**

Qaraqalpaqstan xalqi' wo'zinin' wog'ada bay tariyxi'na iye. A'sirler dawami'nda ata-babalari'mi'z wo'z ma'deniyati'n qa'sterlep, asi'rap, rawajlandi'ri'p keleshek a'wladqa, sizlerge miyras yetip qaldi'rg'an. Ata-babalari'mi'z usi' ma'deniyatti' qa'liplestirip ha'm rawajlandi'ri'p qanday tariyxi'y waqi'yalardi' basi'nan keshirgenligi bizge tariyxti' u'yreniw arqali' belgili boladi'. Tariyx ata-babalari'mizdi'n' ta'g'dirin u'yreniw menen birge bizdi keleshekke sharlaydi', ata-babalari'mi'zdi'n' islegen ma'rtlik islerine maqtani'sh sezimlerimizdi payda yetedi.

Sizlerdin' qoli'n'i'zdag'i' bul kitapta, sizlerdin' 7-klasta Qaraqalpaqstan tariyxi' boyi'nsha alg'an bilimlerin'izdi dawamlap Qaraqalpaqstanni'n' XVI a'sirden XIX a'sirdin' wortalari'na shekemgi arali'qtag'i' Qaraqalpaqstan xalqi'ni'n' tariyxi' jazi'lg'an. Bunda Xiywa xanli'g'i'ni'n' du'ziliwinen baslap Xorezm woypatli'g'i'ndag'i' siyasiy waqi'yalar, bul jerdegi xali'qti'n' social-ekonomikali'q jag'dayi', administrativlik du'zilisi, xali'qlardi'n' jaylasi'wi', qaraqalpaq xalqi'ni'n' xali'q retinde qa'liplesiwi, rawajlani'wi', a'sirler dawami'nda jasag'an wori'nlari', ma'deniyati' u'yreniledi. Xiywa xanli'g'i' qurami'nda Qaraqalpaqstan xalqi'ni'n' basi'nan wo'tkergen awi'r awhallari', qi'yi'nshi'li'qti' jen'iwi, xali'qti'n' bati'rli'g'i', xali'qti'n' ari'n arlag'an bati'rlardi'n' yerligi, xali'qlardi'n' tuwi'sqanshi'li'q baylani'slari', Xiywa xanli'g'i'ni'n' ha'm qaraqalpaqlardi'n' ma'mleketshiliginin' rawajlani'wi' ha'm xali'qlardi'n' ma'deniyati'ni'n' rawajlani'wi'ndag'i' wo'zgeshelikleri, jetiskenlikleri ha'm basqa da ko'plegen ma'seleler ha'm waqi'yalar bayan yetiledi.

Bul sabaqli'qti'n' to'rtinshi basi'li'wi' boli'p, 2003-ji'li' «Qaraqalpaqstan» baspasi'nan shi'qqan uluwma worta bilim beriw mekteplerinin' 8-klasi' ushi'n «Qaraqalpaqstan tariyxi'» sabaqli'g'i' tiykari'nda qayta basi'li'p shi'qti'. Baspada buri'ng'i' sabaqli'qti'n' mazmuni' haqqi'nda ayti'lg'an tilek ha'm yeskertiwler yesapqa ali'ndi' ha'm jan'a woqi'wli'q bag'darlama ha'm standartlarg'a sa'ykeslestirildi.

Kitapti' jazi'wda Qaraqalpaqstan tariyxi' sabaqli'g'i'nan, Qaraqalpaqstan tariyxi' boyi'nsha ko'plegen jan'a ilimiy izertlewler ha'm kitaplardan paydalani'ldi'.

## §1. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' etnikali'q qa'liplesiw tariyxi'nan. XVI a'sirdegi qaraqalpaqlardi'n' ma'deniyati'

Qaraqalpaqlardi'n' tariyxi'n ha'm etnografiyasi'n izertlewshi ilimpazlar qaraqalpaqlardi'n' xali'q retinde qa'liplesiwinde watan bolg'an aymaqti' ani'qlaw boyi'nsha da izertlew jumi'slari'n ali'p barg'an. Na'tiyjede bu'gingi ku'ni qaraqalpaqlardi'n' tiykarg'i' watani' tu'slik Aral a'tirapi' yekenligi ani'qlang'an.

Woni' ani'qlawda S. P. Tolstov, I. A. Jdanko, S. K. Kamolov si'yaqli' ali'mlari'mi'zdi'n' miynetleri bar. Wolardi'n' pikirlerine sa'ykes qaraqalpaqlardi'n' xali'q retinde qa'liplesiwi uzaq dawam yetken. Aral a'tirapi'nda, A'miwda'rya ha'm Si'rda'ryani'n' quyar ayaqlari'nda a'yyemnen jasap kiyati'rg'an qa'wimler qaraqalpaq xalqi'ni'n' qa'liplesiwinde qatnasadi'. VII—XI a'sirlerde ha'zirgi Qaraqalpaqstan aymag'i'ni'n' bir bo'limin qamti'g'an Kerder wa'layati' ha'zirgi qaraqalpaq xalqi'ni'n' jasap ati'rg'an worni' yekenligi ha'm kerderlilerdin' qaraqalpaqlardi'n' qa'liplesiwinde qatnasqanli'g'i' ani'qlang'an. Qaraqalpaqlar usi' Aral a'tirapi' dalalari'nda xojali'qti'n' birneshe tu'ri menen (an'shi'li'q, bali'qshi'li'q, diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q) shug'i'llang'an. Wolar wo'zlerinin' siyasiy turmi'si'nda Xorezm xalqi' menen ti'g'i'z qatnasta bolg'an.

Arxeologlar Qaraqalpaqstan aymag'i'nda jaylasqan, bizin' erami'zg'a deyingi yesteligi — Topi'raqqalani' izertlep, wol jerde qala diywallari'ni'n' gerbishlerine sali'ng'an nag'i'slardi' tapqan. Bul nag'i'slar qalani'n' diywali'n quri'wda qatnasqan ruwlardi'n' tan'balari' yekenligi ani'qlang'an. Bul tan'balardi'n' ko'pshiligi qaraqalpaq ruwlari'ni'n' tan'balari'na uqsas bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' yen' da'slepki xali'q boli'p qa'liplesiwinde ruw ha'm qa'wimler — usi' Aral a'tirapi'nda bizin' erami'zg'a shekemgi I a'sirlerde jasag'an Sak-massaget qa'wimleri, apasiaklar bolg'an. Apasiaklar iran tilles qa'wimler boli'p, wolar A'miwda'ryani'n' quyar ayag'i'nda ha'm atawlari'nda jasag'an. Bul iran tilles ruw ha'm qa'wimlerge I a'sirden baslap Woray-

li'q Aziyadan kelgen Sak-massaget ma'deniyati' menen gunnlar ma'deniyati' aralasadi'.

VI a'sirde bati's Tu'rk qag'anati' du'ziliwi menen Worta Aziyag'a soni'n' ishinde Aral a'tirapi'na tu'rkiy tilles ruw ha'm qa'wimler ko'plep aralasadi'. Na'tiyjede VII — VIII a'sirlerde Aral a'tirapi'nda bir-biri menen qon'si'li'q jag'dayda og'uzlar ha'm peshenegler dep atalg'an ruw ha'm qa'wim birikpeleri payda boladi'.

Og'uzlar da'slebinde Si'rda'rya a'tirapi'ndag'i' rayonlarda qa'liplesip, son'i'nan Kishi Aziyag'a shekemgi arali'qqa ken'nen taralg'an. Bul og'uzlar ma'deniyati' menen Worayli'q Aziyadan kelgen qa'wimler ma'deniyati'ni'n' aralasi'wi' na'tiyjesinde qa'liplesken. Al, peshenegler bolsa jergilikli Sak-massaget ha'm Sarmat-alan' qa'wimleri ma'deniyati'ni'n' aralasi'wi' na'tiyjesinde qa'liplesken.

Usi' og'uz-pesheneg qa'wim birikpeleri qon'si'las jasag'ani' sebepli wo'z ara ma'deniy qatnasqa tu'sedi. Og'uzlardi'n' ha'm peshenеglerdin' ma'deniyati' qaraqalpaqlardi'n' xali'q retinde qa'liplesiwinde u'lken ta'sir tiygizgen. Ilimpazlardi'n' pikirine qarag'anda pesheneg qa'wim birikpesi qaraqalpaq xalqi'ni'n' qa'liplesiwinde etnikali'q uytqi'ni' qurag'an. Yag'ni'y basqasha aytqanda pesheneglerdi qaraqalpaqlar dep qarawg'a da boladi'.

Solay yetip, qaraqalpaqlardi'n' qa'liplesiwinde uytqi' bolg'an tiykarg'i' bo'limi IX — XI a'sirlerde qa'liplesken peshenegler menen baylani'sli'.

Bunnan keyingi da'wirde qaraqalpaqlardi'n' bul uytqi'si' qi'pshaqlar menen, son'i'nan mong'ollardi'n' jawlap ali'wlari'-nan son'g'i' da'wirde basqa da ko'plegen ruwlar menen etnikali'q ha'm ma'deniy qatnasi'qlar jasaydi'. Bul ma'deniy qatnasi'qlar na'tiyjesinde qaraqalpaq xalqi'ni'n' qurami'na jan'a etnikali'q belgiler ha'm jan'a ma'deniy wo'zgeshelikler kelip qosi'ladi'. Qaraqalpaqlardi'n' xali'q retinde ani'q ha'm toli'q qa'liplesiwi XI — XVI a'sirlerde tuwra keledi.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' qa'liplesiwinde ko'plegen ruw ha'm qa'wimler qatnasqan. Sol sebepli XVI a'sirde qaraqalpaqlardi'n' qurami' ko'plegen ruwlar ha'm ruw birikpelerinen turg'an. Qaraqalpaqlardi'n' ruwli'q du'zilisi tariyxshi'lar ha'm etnograflar ta'repinen u'yrenilip shi'g'i'lg'an. Qaraqalpaqlardi'n' etnogra-

fiyasi'n teren' u'yrengen ali'mlar, soni'n' ishinde T. A. Jdanko ha'm basqalar ta'repinen qaraqalpaqlardi'n' ruwli'q du'zilisinin' kesteleri islep shi'g'i'lg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' ruwli'q du'zilisi yen' basli' alti' ruwdan ibarat. Wolar qi'tay, qi'pshaq, keneges, man'g'i't, qon'i'rat, mu'yten. Bul ruwlar qaraqalpaqlardi'n' iri ruwlari' boli'p, wolar wo'z gezeginde ju'da' ko'plegen mayda ruwlarg'a bo'linedi, al sol mayda ruwlar wo'z gezeginde tiyrelerge ha'm ko'shelerge bo'linedi.

Bul u'lken alti' ruw yeki ari'sqa birigedi. I — qon'i'rat ari'si', bunda qon'i'rat ruwlari' ha'm mu'yten ruwlari', II — won to'rt ruw ari'si' bunda qi'tay, qi'pshaq, keneges, man'g'i't ruwlari'. Bul yeki ari's birigip qaraqalpaq xalqi'n payda yetedi.

Qaraqalpaq etnoniminin' qalay kelip shi'qqanli'g'i' ilimpazlar ta'repinen toli'q ilimiy jaqtan ani'qlanbag'an. Bul etnonimnin' kelip shi'g'i'wi' haqqi'nda ha'r qi'yli' ilimiy boljawlar bar.

Ilimpazlardin' bir topari' qaraqalpaq etnoniminin' ha'r qi'yli' variant ha'm tillerde jazi'lg'an XII—XIV a'sirlerdegi jazba mag'luwmatlari'na tiykarlani'p ha'm og'uz-pesheneg qa'wimlerinin' kiygen bas kiyiminin' tiykari'nda payda bolg'an dep yesaplaydi'. Sebebi qaraqalpaqlar haqqi'nda XII a'sirdegi rus ji'lnamalari'nda «Cherni'e klobuki» dep jazi'p qaldi'rsa, mong'ol ji'lnamasi'nda «qara malaqayli'» tu'rinde keltiriledi. Bunnan basqa shi'g'i's sayaxatshi'lari' ta'repinen «qara bo'rikli» dep atalg'an ruw haqqi'nda jazi'p qaldi'radi'. Bul ati' atalg'an ruw ha'm qa'wim atamalari' qaraqalpaqlar haqqi'nda ayti'ladi' dep yesaplawg'a tiykar bar. Aral a'tirapi'nda jasawshi' qaraqalpaqlar ha'm og'uz qa'wimlerinin' a'wladi' — tu'rkmenlerdin' bas kiyimi bir-birine uqsas.

Bulardan basqa qaraqalpaq etnoniminin' kelip shi'g'i'wi'n shash, buri'm, aydar menen baylani'sti'ri'wshi' pikirler de bar. Bunday pikirler boyi'nsha qaraqalpaq etnonimi qara shash, qara aydar ma'nisin beriwshi qara «g'ulpaq» so'zi tiykari'nda payda bolg'an. «G'ulpaq» so'zi yeski qaraqalpaq tilinde shash, aydar ma'nisin beretug'i'n bolg'an. «G'ulpaq» so'zi son'i'n ala «qalpaq» so'zi menen almasi'p, qara g'ulpaq so'zinin' tiykari'nda «qaraqalpaq» atamasi' payda bolg'an. Sonday-aq, «qara» so'zi a'yyemgi tu'rkshede «bati'r» degen ma'nini an'latqan.

Solay yetip, ha'zirgi qaraqalpaq etnoniminin' kelip shi'g'i'wi' ma'selesinde tariyxshi' ha'm etnograflar yele bir pikirge kelgen joq.

Qaraqalpaqlar a'sirler dawami'nda Xorezmnin' arqa bo'liminde — Aral a'tirapi'nda jasap kelgen. Mong'ollardi'n' basqi'nshi'li'g'i na'tiyjesinde qaraqalpaqlar birneshe bo'limge bo'linip ko'ship ketiwge ma'jbu'r boladi'. Buni'n' sebebi — Mong'ol a'skerleri Xorezm paytaxti' U'rgenish qalasi'n 1221-ji'li' birneshe ay dawami'nda qamal jasaydi'. Biraq qalani' qolg'a kirgize almaydi'. Son'i'nan qalani' suwg'a basti'ri'w maqsetinde, qalani'n' jani'nan ag'i'p wo'tip turg'an jerde, A'miwda'ryani'n' bo'getin buzi'p jiberedi. Qalani' suw basadi'. Son'i'nan A'miwda'ryani'n' suwi' buri'ng'i' an'g'ari' menen aqpay bati's ta'repke bag'dar ali'p, ha'zirgi Tu'rkmenstan ta'repke qaray ag'i'p, Kaspiy ten'izine bari'p quyadi'. A'miwda'ryani'n' ayag'i'nda suwi' aqpay qaladi'. Buri'ng'i' A'miwda'ryadan kanal qazi'p diyqanshi'li'q yetip woti'rg'an ati'zlarg'a suw barmay qaladi'. Usi'ni'n' na'tiyjesinde xali'q diyqanshi'li'q isley almaytug'i'n bolg'an son', basqa suwi' bar jaqlarg'a ko'she baslaydi'.

Usi' waqi'tta qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi A'miwda'ryani'n' taza an'g'ari' ta'repke, bati'sqa qaray ko'ship wornalasadi' ha'm wol jerde a'sirler dawami'nda jasap qala bergen. Qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi bolsa tu'slik Aral boylari'nan ali'slap, Volga ha'm Ural da'ryalari'ni'n' jag'alari'na, ayi'ri'm bo'limleri Qara ten'iz jag'alari'na qaray, al bir bo'limi Si'rda'ryani'n' jag'alari'na ko'ship qoni'slang'an. Bul Si'rda'rya a'tiraplari' Worta Aziya xali'qlari' ta'repinen Tu'rkstan dep atalg'an. Usi'lar menen qatar xali'qti'n' bir bo'limi ha'zirgi Surxanda'rya wa'layati'ni'n' aymag'i'na ko'ship barg'anli'g'i' haqqi'nda da mag'luwmatlar bar.

Bul waqi'tta qaraqalpaqlardi'n' sani'ni'n' qanshali'g'i', qaysi' bo'limi qayda ko'shkenligi toli'q ani'qlanbag'an. Solay da bolsa qaraqalpaqlardi'n' watani'n taslap ko'ship ketiwinde tiykarg'i' bas sebep — suwsi'zli'qti'n' na'tiyjesinde jasawg'a mu'mkinshilik qalmag'ani' yekenligi ani'qlandi'. Bul Aral a'tirapi'nan basqa jaqqa ko'shken qaraqalpaqlardi'n' barli'g'i' da'rya boylari'na diyqanshi'li'qqa qolayli' jerlerge ko'ship barg'an.

Usi'ni'n' na'tiyjesinde qaraqalpaqlardi'n' XVI a'sirdegi da'wirinde Aral a'tirapi'nan si'rtta basqa aymaqlarda jasag'anli'g'i' haqqi'nda mag'luwmatlar ko'plep ushi'rasadi'. Sonli'qtan qaraqalpaqlardi'n' XVI a'sirdegi tariyxi'n u'yreniwde wolardi' jaylasqan wori'nlari'na qaray toparlarg'a bo'lip qaraw wori'nli' boladi'.

XVI a'sirde qaraqalpaqlar Aral a'tirapi'nda, Volga ha'm Ural jag'alari'nda, Si'rda'rya boylari' bolg'an Tu'rkstanda, O'zbekistanni'n' Surxanda'rya wa'layati'nda jasag'an. Usi'larg'a qaray wolardi' aralli' qaraqalpaqlar, Volga boyi' qaraqalpaqlari', Si'rda'rya qaraqalpaqlari' dep ataw mu'mkin.

Volga ha'm Ural jag'alari'na qaraqalpaqlar XIII a'sirlerde tu'slik Aral boylari'nan ko'ship barg'an ha'm sol da'rya jag'alari'nda wornalasi'p, diyqanshi'li'q penen shug'i'llang'an. Bul qaraqalpaqlar XIV a'sirde Toxtami's xan ma'mleketinin' puqarasi' bolg'an. XIV a'sirdin' aqiri'nda Toxtami's xan a'skerleri A'mir Temur a'skerleri ta'repinen qi'yrati'lg'annan son', Toxtami's xanni'n' basqari'wi'ndag'i' Alti'n Worda ma'mleketi qulaydi'. Woni'n' worni'na Nog'ay xanli'g'i' payda boladi'. Bul nog'ay xanli'g'i' XV a'sirlerde Ural ha'm Volga da'ryalanni'n' alaplari'n, Kama da'ryasi'na shekemgi arali'qti' qamti'ytug'i'n aymaqti' iyelegen. Qaraqalpaqlardi'n' Volga ha'm Ural da'ryalari'ni'n' boylari'nda ma'kanlag'an bir bo'limi usi' Nog'ay xanli'g'i'ni'n' siyasiy ha'm ma'deniy turmi'si'na belsene qatnasadi'. Bul xanli'qti'n' qurami'nda qi'pshaq, qon'i'rat, qan'li', uyg'i'r, keneges, nayman, man'g'i't ha'm basqa da tu'rk ha'm mong'ol ruwlari' bolg'an.

Bul xali'qlardi'n' barli'g'i' XV—XVI a'sirlerde nog'aylar dep atalg'an. Sebebi bul waqi'tta nog'ay atamasi' etnonim retinde yemes, al siyasiy birikpenin' ati' retinde qollani'lg'an. Ayi'ri'm jazba dereklerde Nog'ay xanli'g'i'ni'n' qurami'na kiriwshi xali'qlardi' «man'g'i'tlar» dep te atag'an. Sebebi bul Nog'ay xanli'g'i'n basqarg'an adamlar man'g'i't ruwi'nan shi'qqan. Man'g'i't ruwi' Nog'ay xanli'g'i'nda basli' siyasiy ku'sh bolg'an.

Nog'aylardi'n' bul xanli'g'i' XVI a'sirdin' wortalari'na kelip rus a'skerleri Qazan ha'm Astraxan xanli'qlari'n basi'p alg'annan son' a'zziley baslag'an. Sebebi, Qazan ha'm Astraxandi'

ruslar iyelegennen son', nog'aylar wo'zlerinin' ekonomikali'q ku'shinen ayri'lg'an. Buri'n nog'aylardi'n' qoli'na tu'sip turg'an ko'p mug'dardag'i' baji' pullar yendi rus sawdagerleri menen ha'kimiyatti'n' qoli'na wo'tedi.

Soni'n' menen Nog'ay mi'rzalari'ni'n' wo'z ara uri'slari' yeldin' jag'dayi'n qi'yi'nlasti'radi'. XVI a'sirdin' wortalari'nda Nog'ay ha'kimiyati' birqansha gu'reslerden son', Ismayldi'n' qoli'na toplandi'. Biraq ko'plegen mi'rzalar wo'zlerinin' uli'si'na iye boli'p, wolar is ju'zinde Ismayldan g'a'rezsiz bolg'an. Nog'ay mi'rzalari'ni'n' biri Qazi'y Ismaylg'a qarsi' uri'slar ju'rgizip turg'an, al Ismayl bolsa, da'slebinde rus patshasi' menen dosli'q qatnasta bolg'an, al son'i'nan wolardan g'a'rezli jag'dayg'a tu'sip qalg'an.

Qazi'y wo'zinin' uli'si'n Qi'ri'm ta'repke ko'shirip ali'p, wol jerde Kishi Nog'ay birlespesin payda yetedi. Bunday uri'slar na'tiyjesinde payda bolg'an ashli'qlar Ismayl ha'm wonnan son' woni'n' a'wladlari' basqarg'an da'wirde ju'da' ku'sheyip ketedi. Usi'nday uzaq dawam yetken uri'slar ha'm ashli'qlar na'tiyjesinde XVI a'sirdin' aqi'ri'na kelip Ulli' Nog'ay birlespesi ju'da' a'zzilep qaladi'. Nog'aylar arasi'nda i'di'rawshi'li'q baslani'p, bo'leklengen uli'slardi'n' Qi'ri'm xanli'g'i'na, Ural da'ryasi'ni'n' shi'g'i's ta'repine qaray ko'shiwleri baslanadi'. Usi' waqi'tta nog'aylardi'n' ha'r tu'rli at penen atalg'an uli'slar Aral ten'izine jaqi'n jerlerde wornalasqan. Si'rda'rya boylari'na, Aral a'tirapi'na qaray ko'ship wo'zinin' watani'na qayti'p aylani'p kele baslag'an.

XVI a'sirde qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi Si'rda'rya boylari'nda jasag'anli'g'i' belgili. Qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi bul jerge Shi'n'g'i'sxan a'skerleri Xorezmdi jawlap alg'annan son' kelip wornalasqan. Qaraqalpaqlar sol da'wirde massali'q ko'shiwlerdi basi'nan keshirgen. Wolardi'n' bir bo'limi diyqanshi'li'qqa qayi'm bolg'an Si'rda'rya jag'alari'na wornalasqan.

Qaraqalpaqlardi'n' ja'ne bir bo'limi bul jerlerge XVI a'sirde Nog'ay xanli'g'i' bu'lginshilikke ushi'rag'an son' ko'ship kele baslag'an. Si'rda'ryani'n' Aralg'a quyarli'g'i'nan baslap da'ryani'n' worta ag'i'si' jag'alari'na shekem qaraqalpaqlar wornalasi'p, Tashkent qalasi'na shekemgi aymaqlardi' ma'kanlag'an. Wolar bir ma'mleketke birige almag'an, xali'qti'n' bir bo'limi

Buxara xanli'g'i' ta'sirinde bolsa, bir bo'limi Qazaq xanlari'ni'n' puqarasi' bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi usi' da'wirde Si'rda'rya boyla-ri'nda ma'ka'nlap, sol da'wirdegi Si'rda'rya a'tirapi'nda ha'm wol jer menen qon'si'las aymaqlarda ma'kanlag'anli'g'i' haq-qi'nda jazba mag'luwatlar saqlang'an. Bunday mag'luwmat-lardi'n' biri 1578-ji'lg'a tuwra kelip, wonda qaraqalpaqlardi'n' Buxara xanli'g'i'ni'n' siyasiy islerinde belsene qatnasqanli'g'i' haqqi'nda ayti'ladi'. Usi'nday bahali' jazba mag'luwmatlardi'n' biri Sheybaniyler dinastiyasi'ni'n' son'g'i' wa'kili Buxara xani' Abdullaxan da'wirinde du'zilgen. Wonda Si'rda'ryani'n' worta ag'i'si' boyi'nda jaylasqan Si'g'naq qalasi' ha'm woni'n' a'tira-pi'nda jasag'an xali'qlardi'n' atlari' atap wo'tiledi. Bul dizimnin' ishinde basqa da xali'qlar menen birge qaraqalpaqlardi'n' da ati' atap wo'tilgen. Bul hu'jjet 1598-ji'li' du'zilgen.

Usi'layi'nsha XVI a'sirge kelip, Si'rda'rya boyi'nda jasawshi' qaraqalpaqlardi'n' sani' Volga boyi' qaraqalpaqlari'ni'n' yesa-bi'nan ko'beyip barg'an. Wolar usi' da'wirge kelip Worayli'q Aziya ma'mleketlerinin' siyasiy islerinde belsendilik ko'rsete baslaydi'. Bul qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi qazaq xanlari'nan, al yekinshi bo'limleri Buxara xanli'g'i'nan g'a'rezli bolg'an.

Ha'zirgi waqi'tta tariyxshi'lar arasi'nda qaraqalpaqlardi'n' Aral boyi'nan basqa aymaqlarg'a ko'shken waqti'nda wolardi'n' bir bo'limi ko'shpey qalg'an boli'wi' mu'mkin yekenligi haq-qi'nda pikirler bar. Sebebi, qaraqalpaq folklorli'q shi'g'arma-lari'nda qaraqalpaqlardi'n' buri'nnan Aral a'tirapi'nda jasap ati'rg'anli'g'i' haqqi'nda mag'luwmatlar bar.

Soni'n' menen birge, XVI a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda A'miwda'ryani'n' suwi' yeski an'g'ari'na qayti'p keliwine bayla-ni'sli' qaraqalpaqlardi'n' Aral a'tirapi'nan ko'ship ketken topar-lari'ni'n' bir bo'limi wo'zinin' buri'ng'i' watani'na qayta ayla-ni'p kete baslag'an. Bul haqqi'nda mag'luwmatlar xali'q an'i'z-lari'nda ha'm qosi'qlari'nda ko'plep ushi'rasadi'.

Son'g'i' waqi'ttag'i' ilimpazlardi'n' pikirine qarag'anda, XVI a'sirdin' shamasi'nda qaraqalpaqlardin' bir bo'limi ha'zirgi Sur-xanda'rya wa'layati' aymag'i'nda Baysi'n taw a'tirapi'nda jasa-g'an. Bul jerge wolardi'n' Aral a'tirapi'nan ko'ship barg'anli'g'i' haqqi'nda xali'q qosi'qlari'nda ha'm Berdaq shayi'rdi'n' Shejire-sinde de mag'luwmatlar saqlang'an.

Ha'zirgi waqi'tta bir qatar ilimpazlar Baysi'n atamasi' Aral a'tirapi'ndag'i' Jiydeli-Baysi'n dep atalg'an jer atamasi' tiykari'nda payda bolg'an dep yesaplaydi'. Qaraqalpaqlar wol jerge ko'ship bari'wi' menen wo'zinin' Aral a'tirapi'nda qalg'an ma'kanni'n' ati' menen sol ko'ship barg'an jerinin' ati'n da Jiydeli-Baysi'n dep atag'an boli'wi' itimal.

Qaraqalpaqlardi'n' XVI a'sirdegi ma'deniyati' qon'si'las xali'qlardi'n' ma'deniyati' menen uluwmali'q uqsasli'qlarg'a iye bolg'an. A'sirese bul uqsasli'qlar xali'qti'n' ruwxi'y ma'deniyati'nda ani'q bilingen. Qaraqalpaqlar arasi'nda ken'nen wori'n alg'an «Yedige» da'stani' XIV—XVI a'sirdegi bolg'an waqi'yalardi'n' sa'wlesi retinde payda bolg'an boli'p, XV a'sirde qaraqalpaqlar, nog'aylar, qazaqlar ha'm qon'si'las xali'qlar arasi'nda ken'nen taralg'an. Bulardan basqa Soppasli' Si'pi'ra ji'raw (XV a'sir), Jiyrenshe sheshen haqqi'nda an'i'z-a'psanalar (XV a'sir), «Yedil qayda, yel qayda», «Wormanbet biy wo'lgende» tolg'awlari', «Nog'ay joli'» dep atalg'an shi'n'qobi'z namalari' bizin' ku'nimizge shekem kelip jetken.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' XVI a'sirdegi ma'deniyati' tuwrali' ga'p qozg'ag'anda xali'qti'n' talantli' ji'rawlari' ta'repinen saqlani'p, xali'q arasi'nda atqari'lg'an qaharmanli'q da'stanlardi', solardi'n' arasi'nan yen' a'jayi'p da'stanlar bolg'an Yedige ha'm Alpami's da'stanlari' xali'q turmi'si'nda u'lken wori'n iyelegen. Bul da'stanlar xali'qti'n' haqi'yqi'y turmi'si'n sa'wlelendirgen. wolardi'n' g'a'rezsizlik ushi'n ali'p barg'an gu'reslerin ji'rlag'an. A'sirese «Yedige» da'stani' pu'tkil Worta Aziya ha'm basqa da territoriyalarda, tu'rkiy tilles xali'qlar arasi'nda ken' tu'rde tarqalg'an. Bul da'stanlardi' ko'plegen qaraqalpaq ji'rawlari' yadtan bilgen ha'm bizin' ku'nlerimizge shekem jetkergen. Bul Nog'ayli' da'wiri dep atalg'an da'wirdin' tariyxi'y waqi'yalari'n sa'wlelendirgen. Sonli'qtanda bizin' Qaraqalpaqstan Respublikami'zda bul da'stanlardi' u'yreniw, kitap yetip basi'p shi'g'ari'wda ju'da' ko'plegen jumi'slar islendi.

Xali'q arasi'nda ji'rawlar u'lken hu'rmetke iye bolg'an. Ji'rawlar qobi'z shertip, namag'a sali'p da'stanlar ha'm tolg'awlardi' atqaratug'i'n bolg'an.

Qobi'zdan basqa saz a'sbaplari'nan duwtar yesaplang'an. Baqsi'lar duwtar menen xali'q namalari'n ha'm da'stanlari'n atqaratug'i'n bolg'an.

Tariyxqa baylani'sli' a'n'gimelerdi ha'm an'i'zlardi' ko'p biletug'i'n shejire adamlar xali'q arasi'nda u'lken hu'rmetke iye bolg'an. Xali'q arasi'nda «Gu'ldirsin», «Ayazxan», «Hayal-qi'zlar patshali'g'i'» ha'm t.b. an'i'zlar ha'm yertekler awi'zdan-awi'zg'a wo'tip usi' ku'nge shekem jetip kelgen.

Bul jag'daylar qaraqalpaq xalqi'ni'n' ruwxi'y ma'deniyati'ni'n' bayi'wi'na folklorli'q miyraslardi'n' mazmuni' ha'm mug'dari' jag'i'nan ko'beyiwine unamli' ta'sirin tiygizgen.

Qaraqalpaqlar ruwxi'y ma'deniyati' menen bir qatarda wo'ner ka'sibi menen de tuwi'sqan xali'qlardan wo'zgeshelenip turg'an. Bulardan qaraqalpaqlardi'n' jasag'an qara u'ylerin aytsa boladi'. Qaraqalpaq qara u'yleri qazaqlardi'n', tu'rkmenlerdin' ha'm nog'aylardi'n' qara u'ylerine qarag'anda wo'zine ta'n wo'zgesheliklerge iye bolg'an. A'sirese bul wo'zgeshelik qara u'y ag'ashlari'ni'n' formasi'nda ha'm nag'i'slari'nda ani'q ko'ringen.

Qaraqalpaqlar wo'zinin' kiyimleri menen de basqa xali'qlardan aji'rali'p turg'an. Qaraqalpaqlardi'n' yerleri de hayallar si'yaqli' si'rtqi' kiyimleri uzi'n, yetegi dizeden to'men tu'sip ju'retug'i'n bolg'an. Bul si'rtqi' kiyimlerden qi's kiyimi tondi' qaraqalpaqlar qoy terisinen isleytug'i'n bolg'an. Bunda qoy terisinin' ju'ni ishke, al terisi si'rtqa qarati'li'p tigiletug'i'n bolg'an. Shapan — bul da si'rtqi' kiyimlerdin' biri boli'p, wol paxtadan, al shekpendi tu'yenin' ju'ninen isleytug'i'n bolg'an. Ayaqlari'na mal terisinen islengen yetik kiygen, baslari'na jas qoydi'n' terisinen ju'nin si'rti'na qarati'p tigilgen bas kiyim (sho'girme) kiygen.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qaraqalpaqlardi'n' xali'q boli'p qa'liplesiwindegi tariyxi'y watani' qay jerde yekenligin ayti'p berin'?
2. Qaraqalpaqlardi'n' xali'q retinde qa'liplesiwin izertlegen ali'mlardan kimlerdi bilesiz?
3. Qaraqalpaqlardi'n' qa'liplesiwinde uytqi' rolin atqarg'an ruw ha'm qa'wimler birikpelerin ko'rsetin'?
4. Qaraqalpalardi'n' ruwli'q kestesin du'zip shi'qqan ali'm kim?
5. Pesheneg ha'm og'uz qa'wimlerinin' bas kiyimleri qanday formada bolg'an?
6. Qaraqalpaqlar qashan ha'm ne sebep Aral boylari'nan basqa jaqlarg'a ko'shken?

7. Volga boylari'na qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi qashan ko'ship barg'an?
8. Si'rda'rya boylari'na qaraqalpaqlar qashan ha'm qay jerlerden ko'ship barg'an?
9. Xorezmnin' arqa bo'liminde qaraqalpaqlar qaysi' xali'q penen birge jasag'an'?
10. XV a'sirdegi qaraqalpaqlardi'n' qanday da'stanlari'n bilesiz?
11. Qaraqalpaqlardi'n' XIV a'sirde qanday muzi'kali'q a'sbaplari' bolg'an?
12. Qaraqalpaqlardi'n' XVI a'sirdegi turaq jaylari', kiyimleri haqqi'nda ne bilesiz?

## §2. XVII — XVIII a'sirlerde Xiywa xanli'g'i'. XVII a'sirdegi qaraqalpaqlar

Xiywa xanli'g'i' Elbars xan basshi'li'g'i'nda g'a'rezsizlikke yeriskennen son' ko'p uzamay worayli'q ha'kimiyat a'zziley baslaydi. Sebebi, ma'mleket birneshe feodalli'q iyeliklerge bo'linip bul iyeliklerde xanni'n' jaqi'n adamlari' u'stemlik yetken. Wolar xang'a bag'i'nbay xanli'q ha'kimiyatti' iyelew ushi'n gu'resler ju'rgizgen. Bunday wo'z ara uri'slar Elbars xan wo'lgen son' (1516-ji'li') ku'sheyip ketedi.

Xanli'qti'n' a'zzilegenin sezgen Mawarawnnaxrda u'stemlilik yetiwshi Sheybaniylar dinastiyasi' wa'killeri Xorezmdi basi'p ali'p, wo'z ma'mleketine qosi'p ali'wg'a ha'reket yetken. Ubaydulla xan 1537-ji'li' Xorezmdi jawlap aladi'. Biraq kelesi ji'li' Xorezm qaytadan Sheybaniylar u'stemliginen quti'li'p, wo'z g'a'rezsizligin qaytari'p aladi'. Ma'mleketti Ubaydulla u'stemliginen azat yetken xan Din Muxammed ma'mlekettegi feodalli'q bo'lshekleniwshilikti saplasti'ra almaydi'.

Xorezmdi Sheybaniylar ma'mleketine biriktiriwdi Abdulla xan iske asi'radi'. Wol 1593-ji'li' Xorezmdi qolg'a kirgizip, wo'z ma'mleketi qurami'nda uslap turg'an. 1598-ji'li' Buxara xani' Abdulla xan wo'lgen son', Xorezm Buxara xanli'g'i'ni'n' u'stemliginen quti'ladi'. Xorezm basqari'wshi'si' Xajimxan ha'kimiyat basi'na qaytadan kelip, Xorezmde wo'zinin' u'stemligin wornatadi'. XVII a'sirdin' I shereginde bul jerde xan a'wladlari' arasi'nda xanli'q ha'kimiyat ushi'n wo'z ara uri'slar ku'sheyip ketedi.

Xiywa xani' Arab Muxammedtin' waqti'nda woni'n' balalari' Xabash ha'm Elbars sultanlar wo'zinin' a'kesine qarsi' uri'si'p, xanli'q ha'kimiyati'n tarti'p aladi'. Biraq ko'p uzamay wolar wo'zinin' tuwi'sqani' Asfandiyar ta'repinen taxttan tu'siriledi. Asfandiyar taxtti' iyelerde tu'rkmenlerdin' a'skeriy ku'shinen paydalang'an. Wol xanli'q ha'kimiyatti' qolg'a ali'p bolg'an son' xanli'qti' basqari'wda tu'rkmen sa'rdarlari'na su'yenip wolarg'a ko'p jen'illikler beredi. Xanli'qta ha'kimiyatta tu'rkmen feodallari' u'lken ku'shke aylanadi'. Na'tiyjede tu'rkmen feodallari'na qarsi', wo'zbek feodallari'ni'n' g'a'zebi ku'sheyedi. Wolar ma'mlekettegi ha'kimiyatqa iyelik yetiw ushi'n wo'zbek feodallari'nan a'sker toplap Asfandiyarg'a qarsi' uri'sqa shi'g'adi'. Asfandiyar xanni'n' inisi Abulg'azi' xan bul wo'zbek feodallari'ni'n' ekonomikali'q ha'm siyasiy talaplari'nan wo'zinin' maqseti ushi'n paydalani'p wolardi'n' a'skeriy ku'shi menen Asfandiyar xannan xanli'q ha'kimiyatti' tarti'p almaqshi' boladi'. Biraq wol wo'z maqsetine jete almaydi'. Bul uri'slarda Asfandiyar a'skerleri jen'ip shi'g'i'p, Abulg'azi' ta'repdarlari' qi'yrati'ladi' ha'm wolar ha'r jaqqa Araldi' taslap ketiwge ma'jbu'r boladi'.

1643-ji'li' Asfandiyar xan wo'lgennen keyin tu'rkmen feodallari' Xiywa taxti'na wo'z adami'n jiberiwin wo'tinip Buxara xani' Nadir Muxammedke adam jiberedi.

Usi' waqi'tta aralli'lar Abulg'azi'ni' Aralg'a xan yetip ko'teredi. Abulg'azi' aralli' wo'zbeklerdin' a'skeriy ku'shi menen tu'rkmenlerdi qi'yrati'p, Xiywa taxti'n iyeleydi.

XVI a'sirdin' aqi'ri'nda A'miwda'ryani'n' an'g'ari' shi'g'i's ta'repke wo'zinin' yeski an'g'ari'na qaray wo'zgeriwi menen ha'zirgi Qaraqalpaqstanni'n' arqa aymag'i'nda xali'qti'n' jasawi'na qolayli' jag'dayi' payda boli'p, bul aymaqti'n' ta'biyati' diyqanshi'li'q ushi'n qolayli' qa'lipke keledi. Sol sebepli bul aymaqlarg'a qaraqalpaqlar ha'm ko'shpeli wo'zbekler kelip wornalasa baslaydi'.

XVII a'sirdin' wortalari'na kelip A'miwda'ryani'n' ayaq beti, Aral a'tirapi'nda toplani'p qalg'an xali'qti'n' sani' ko'beyip u'lken siyasiy ku'shke aylandi'. Wolar wo'zlerin aralli'lar dep atag'an. Aralli' wo'zbekler wo'zlerinin' ruwli'q du'zilisi boyi'nsha qaraqalpaqlardi'n' ruwli'q du'zilisine sa'ykes keliwshi

qi'pshaq, man'g'i't, keneges, qon'i'rat si'yaqli' iri ruwlardan turg'an. Aralli'lar dep atali'wi'ni'n' ma'nisi wolar Aral ten'izi ta'repte Xorezmnin' arqa aymag'i'nda jasag'an. Sol da'wirde bul aymaq Aral ten'izinin' ati' menen Aral wa'layati' dep atalg'an. Bul aralli'lar XVII a'sirdin' wortalari'nan baslap Xorezm ma'mleketinin' siyasiy islerinde belgili wori'n tutqan.



Xiywa xani' Abulg'azi' (1645 — 1663).

Abulg'azi' usi' aralli'lardi'n' a'skeriy ku'shi menen 1645-ji'li' Xiywa qalasi'n iyeleydi. Tu'rkmen feodallari' ha'kimiyattan shetletiledi ha'm Xorezm aymag'i'nan ha'zirgi Tu'rkmenstanni'n' tu'slik rayonlari'na shekem qi'si'p shi'g'ari'ladi'. Ha'kimiyat qaytadan wo'zbek feodallari' qoli'na wo'tip, xan a'tirapi'ndag'i' xi'zmetkerler wo'zbek feodallari'nan saylang'an.

Abulg'azi' (1644—1663) ha'm woni'n' balasi' Anusha xan (1663—1687) da'wirinde Xiywa xanli'g'i' ku'shli xanli'qqa aylani'p, a'tirapi'ndag'i' qon'si'lari' bolg'an Buxara ha'm Irang'a, tu'rkmenlerge qorqi'ni'sh tuwdi'ri'p turg'an. Biraq Anusha xanni'n' taxtan tu'siriliwi menen Xiywa xanli'g'ni'n' qu'diretliligi jog'aladi'.

Anusha xanni'n' taxttan tu'siriliwi Buxara xanli'g'i' ta'repinen sho'lkemlestirilgen. Bul xang'a qarsi' jasi'ri'n til biriktiriw arqali' xang'a narazi' bolg'an adamlar ta'repinen iske asi'ri'ladi'. Woni'n' worni'na balasi' Erenk taxtqa iyelik yetedi. Biraq ko'p uzamay Erenk xan da wo'ltirilip, worni'na basqari'wshi'lar Buxara xani' ta'repinen belgilengen. Usi'layi'nsha XVII a'sir aqi'ri'na kelip, Xiywa xanli'g'i' siyasiy jaqtan g'a'rezli ma'mleketke aylanadi'. Buxara xani' Subxanquli' xan 1688-ji'li' Shaxniyazdi' Xiywag'a basqari'wshi' yetip jiberedi, biraq wol xan atag'i'n ali'p bolg'an son' Buxarag'a bag'i'nbay, Xiywa xanli'g'i'n g'a'rezsiz ma'mleketke aylandi'radi'. Biraq bul waqi'ttag'i' hu'kim su'rip turg'an ma'mlekettegi feodalli'q wo'z ara uri'slar Shaxniyaz ha'm wonnan keyingi basqari'wshi'lar Arab Muxam-

med xan (1702—1714), Sherg'azi' xan (1715—1728) da'wirlerinde ma'mlekettin' siyasiy ha'm ekonomikali'q ku'shlerin a'zziletedi.

XVII a'sirdin' aqi'ri'nda Xiywa xanli'g'i' tek g'ana siyasiy jaqtan ku'sheyip qoymastan xali'qtag'i' xojali'q turmi'si'nda da birqansha rawajlani'wlar seziledi.

Bul da'wirde Xorezmde Xazarasp, Xiywa, U'rgenish, Qi'yat, Gu'rlen, Vezir, Gazabad ha'm basqa da qalalar bolg'an, bul qalalar tu'rinde boli'p, qala diywali' si'rti'nda worlar qazi'li'p, sol worlarg'a suw jiberip qoyatug'i'n bolg'an. Usi' da'wirde ha'zirgi U'rgenish qalasi' sali'ng'an. Buri'ng'i' U'rgenish qalasi' go'ne U'rgenish dep atali'p, wol jerde suw bolmag'anli'g'i' sebepli qala xalqi' taza U'rgenishke ko'shirilgen.

Buri'ng'i' bar kanallardi' tazalaw menen birlikte diyqanshi'li'qti' rawajlandi'ri'w ushi'n tazadan kanallar qazi'lg'an, bulardan Man'g'i't arna, Gazabad, Shaxabad ha'm Yarmish kanallari' qazi'lg'an.

Bunday quri'li'slardi' ju'rgiziwde Abulg'azi' xanni'n' miynetleri u'lken. Abulg'azi' usi'lar menen qatar ma'mleketlik basqari'wda reformalar ju'rgizgen. Wol wo'z zamani'ndag'i' yen' sawatli' adamlardan boli'p, xali'qlar tariyxi'n jaqsi' bilgen ha'm u'yrengen. Wol wo'mirinin' aqi'ri'na taman Xorezm tariyxi'n jazi'wg'a tiykar sali'p, tariyxshi'lar ushi'n bahali' mag'luwmatlar beriwshi «Shajarai tu'rk» ha'm «Shajrai tarokama» kitaplari'n jazi'p qaldi'rg'an. Bul miynetlerde aralli'lar ha'm qaraqalpaqlar haqqi'nda da mag'luwmatlar ushi'rasadi'.

1714-ji'li' aralli'lar Xiywa xani' Yadgar xang'a bag'i'ni'wdan bas tarti'p, qaraqalpaqlar xani' Yeshmuxammedti Aral xanli'g'i'n basqari'wg'a shaqi'radi'. Biraq woni'n' xanli'q yetiwi uzaq dawam yetpeydi. 1715-ji'li' Xiywa taxti'na Sherg'azi' xan woti'rg'an son', Yeshmuxammed Araldan ketiwge ma'jbu'r boladi'. Aralli'lar Sherg'azi' xanni'n' xanli'g'i'n moyi'nlawg'a ma'jbu'r boladi'. 1723-ji'li' aralli'lar Sherg'azi' xang'a qarsi' ko'teriliske shi'g'adi'. Ko'teriliske Shaxtemir basshi'li'q yetedi. Uri'slar bari'si'nda Sherg'azi' xan wo'ltiriledi. Woni'n' worni'na Elbars xan boladi'. Shaxtemir Xiywa taxti'n iyeley almaydi'. Aralli'lar jen'ilip Elbars xanni'n' hu'kimdarlig'i'n moyi'nlaydi'.

Elbars xan ishki uri'slardi' saplasti'ri'p bolg'an son' si'rtqi' atlani'slarg'a wo'tedi. Wol Xorasang'a birneshe ma'rte atlani'slar

jasag'an. Bul da'wirde Iran shaxi' Nadir (1736—1747) Hindstan ha'm Xorasandi' qolg'a kirgizedi. Wol jawlap ali'wshi' ku'shli armiyag'a iye yedi. Wol siyasiy jaqtan ju'da' a'zzilenip qalg'an Buxara xanli'g'i'n ha'm qaytadan bekkemlene baslag'an Xiywa xanli'g'i'n basi'p ali'wdi' maqset yetedi. 1740-ji'li' Buxara xanli'g'i' Nadir shaxqa bag'i'ng'annan son', Nadir shax a'skerleri Xiywag'a qaray atlanadi'. Elbars wo'z a'skerleri menen Nadir shax a'skerleri aldi'nan shi'g'i'p Hanqa qalasi'na keledi. Usi' jerde Nadir shax a'skerleri Hanqa qalasi'n qamal jasap, qolg'a kirgizedi. Elbars xan Nadir shaxti'n' buyri'g'i' boyi'nsha wo'ltiriledi. Bunnan son' Xiywa aqsu'yekleri qazaqti'n' kishi ju'zi xani' Abi'lxayi'rdi' Xiywa taxti'na mira't yetedi. Wol Xiywada 5 — 6 ku'n g'ana xan boli'p son' wo'zin Nadir shaxqa tapsi'rmaqshi' boli'p tayarlani'p ati'rg'anda Xiywa aqsu'yeklerinin' til biriktiriwshiligin sezip qali'p, xanli'qti' taslap ketip qaladi'.

Nadir Shax to'rt ku'nlik qamaldan son' Xiywani' iyeleydi ha'm Xiywa xanli'g'i' Irang'a bag'i'ni'shli' ma'mleketke aylanadi'. Biraq is ju'zinde Xiywa xanli'g'i' toli'g'i' menen Nadir Shaxqa bag'i'nbag'an. Xiywani'n' arqa bo'liminde 1741-ji'li' Nurali' xan basshi'li'g'i'nda iranli'larg'a qarsi' ko'terilis basla-ni'p, ko'terilisshiler Xiywani' iyeleydi. Bul ko'terilis basti'ri'lg'an son' iranli'lar Xiywag'a Elbars xanni'n' balasi' Abu Muxammedti tayi'nlaydi'. Nadir shax Xiywa xanli'g'i'nda wo'z ta'rtibin toli'q yengize almaydi'. XVIII a'sirdin' 40-ji'llari'nda Xiywada birneshe xanlar almasadi'. Da'slep Xiywa xanlari' «Quwi'rshaq» xanlarg'a aylanadi'. Iran shaxlari' 8—9 ji'l dawami'nda man'g'i't ruwlari'n qollap-quwatlap woti'rg'an. 60-ji'llarda qi'yat, qon'i'rat, no'kis, uyg'i'r ha'm t.b. ruw ag'zalari' iranli'larg'a qarsi' birigip, Man'g'i't beklerinin' qoli'nan ha'kimiyatti' tarti'p aladi'. Wolar ma'mlekettin' Iran Shaxlari'nan g'a'rezsizligin ja'riyalaydi'. Bunnan bi'lay Xiywa xanli'g'i'nda ha'kimiyat qon'i'rat ruwlari'nan shi'qqan inaqlar qoli'na toplanadi'. Muxammed A'min inaq (1763—1790) Xiywada qon'i'ratlar dinastiyasi'ni'n' tiykari'n saladi'. Wol ha'kimiyatti' wo'z qoli'nda uslap qa'legen xan a'wladi'n Xiywag'a xan yetip, qa'lemese tu'sirip taslaytug'i'n da'rejede ku'shke iye bolg'an. Wol ma'mleketti basqari'wda qon'i'rat ruwlari'ni'n' basqari'wshi' toparlari'na su'yenip, g'a'rezsiz feodallardi' bag'i'ndi'ri'wg'a

ku'sh jumsag'an. Ma'mlekette buri'ng'i' to'menlep ketken jag'daylardi' jaqsi'lawg'a yerisken. Yeldin' ekonomikasi'ni'n' joqari' ko'teriliwine tiykar sali'ng'an.

Inaqlardi'n' basshi'li'g'i'nda Xiywa a'skerlerinin' xanli'qti'n' bati's shegaralari'ndag'i' tu'rkmenlerdin' topi'li'si'ni'n' toqtati'li'wi' ha'm 1782-ji'li' Buxara a'skerlerinin' topi'li'si'n qi'yrati'wi' Xiywa inaqlari'ni'n' abi'royi'n artti'rg'an. XVIII a'sirdin' aqi'ri'na kelip xanli'qta inaqlardi'n' ha'kimiyati' bekkemlenip bari'wi' menen birge xanli'qta xan ha'kimiyati' ju'da' a'zzilep ketedi. Barli'q ha'kimiyat inaqlardi'n' qoli'nda toplani'p xanlar wolardi'n' qoli'nda «Quwi'rshaq»qa aylani'p qaladi'. Usi'layi'nsha Xiywa xanli'g'i'nda XVIII a'sirdin' aqi'rlari'na kelip qon'i'ratlar dinastiyasi'ni'n' tiykari'n sali'wshi' inaqlar ha'kimiyatti' wo'z qollari'na aladi'.

XVII a'sirdegi Volga ha'm Ural boyi' qaraqalpaqlari' bul da'wirdegi sol aymaqtag'i' siyasiy sho'lkem bolg'an Nog'ay birikpesinin' qurami'na kirgen. Bul jerde XVI a'sirdin' aqi'ri'nda Nog'ay mi'rzasi' Ismayldi'n' a'wladlari' arasi'nda ha'kimiyat ushi'n talaslardi'n' bari'si'nda Nog'ay mi'rzasi' Wormanbet biy wo'ltirilgennen keyin, ha'kimiyat ushi'n wo'z ara uri'slar ku'sheyip ketedi.

Moskva ma'mleketinin' patshasi' Boris Godunov nog'aylar birikpesin saqlap qali'w maqsetinde bul uri'slardi' toqtati'wg'a ha'reket yetedi. Wol XVII a'sirdin' basi'nan baslap nog'ay mi'rzasi' Ti'naxmettin' a'wladi' Yesterek Mi'rzani'n' Ulli' nog'ay birlespesinin' basqari'wshi'si' boli'wi'na ja'rdem beredi.

Yesterek ha'kimiyat basi'na kelgennen keyin de ko'p waqi'tqa shekem wo'z ara uri'slar toqtamadi', soni'n' menen birge Ulli' Nog'ay wordasi' buri'ng'i'si'nsha Azov ha'm Kuban, Kaspiy ha'm Terek da'ryalari' arali'g'i'nda ko'ship, qoni'slani'p ju'rgen. Kishi Nog'ay wordasi' Qazi' wordasi' menen u'zliksiz uri'slar ju'rgizip turi'wg'a ma'jbu'r bolg'an. Sebebi, Yesterek Qazi' uli'si'na qarsi' atlani'slar jasawg'a Moskva hu'kimeti aldi'nda minnetli bolg'an. Usi'nday jag'daylarda 1613-ji'li' nog'aylar Xo-Urluk basshi'li'g'i'ndag'i' qalmaqlardi'n' topi'li'si'na duwshar boladi'. Bul birinshi atlani'stan nog'aylardi'n' a'zziligin sezgen qalmaqlar Volga ha'm Ural da'ryalari'ni'n' ayag'i'n XVII a'sirdin' 30-ji'llari' toli'q iyelep, nog'aylardan tarti'p aladi'. Jaylaw jerlerinen ayri'lg'an nog'aylardi'n' ko'p-

shilik bo'limi bati'sqa qaray, Volgani'n' Qi'ri'm ta'repki jag'alari'na wo'tiwge ma'jbu'r boladi'. Wolar Qi'ri'mg'a, Qara ten'iz jag'alari'na, Dneprge shekemgi arali'qtag'i' dalali'qlarg'a ko'ship wornalasadi'.

Nog'aylardi'n' bir bo'limi qalmaqlardi'n' qol asti'nda qalg'an bolsa, bir bo'limi shi'g'i'sqa qaray ko'shedi.

Usi'layi'nsha qalmaqlardi'n' qi'si'mi' tiykari'nda Ulli' Nog'ay birlespesi tarqap ketedi. Nog'aylardi'n' «Alti' ul» uli'si' bul waqi'tta Uraldi'n' shi'g'i's ta'repinde — Aral ten'izi jag'alari'nda ma'kanlag'an.

Nog'ay birlespesi qulag'annan keyin woni'n' qurami'nan bo'linip shi'qqan qaraqalpaqlar ko'p waqi'tlarg'a shekem qalmaqlarg'a ha'm ruslarg'a qarsi' uri'slar ju'rgizgen. Tariyxi'y dereklerde 70-ji'llarda ruslardi'n' Kama da'ryasi'ni'n' a'tirapi'ndag'i' jerlerdi iyelep alg'anli'g'i'na qarsi' bashqurt xalqi'ni'n' ko'terilisinde qaraqalpaqlar da belsene qatnasqan. Bunnan son'g'i' XVII a'sirdin' aqi'ri'na tuwra keletug'i'n jazba dereklerde qaraqalpaqlar qazaqlar menen birlikte Tyumen volosti' aymaqlari'na atlani's jasag'anli'g'i' haqqi'nda mag'luwmatlar bar.

Qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi XVII a'sir dawami'nda Volga ha'm Ural boylari'n jawlap alg'an qalmaqlarg'a ha'm wo'zinin' shegarasi'n shi'g'i'sqa qaray ken'eytip kiyati'rg'an Rossiyag'a qarsi' uri'slar ali'p barg'an. Bul uri'sta qaraqalpaqlar ha'm qazaqlar bashqurtlar menen birlikte ha'reket yetken. Wolar usi' ju'rgizgen uri'slari' arqali' wo'zlerinin' jaylawlari'n qaytari'p ali'w, qalmaqlardi' Volga ha'm Ural boylari'nan quwi'p shi'g'i'w, wolarg'a ja'rdem berip turg'an ruslardi'n' shi'g'i's shegaralari'ndag'i' ku'shin a'zziletiwdi aldi'na maqset yetip qoyg'an.

XVII a'sirde qaraqalpaqlardi'n' Si'rda'rya boylari'nda, Tu'rkstan aymag'i'nda jasag'anli'g'i' haqqi'nda jazba mag'luwmatlar ko'plep ushi'rasadi'. Bunday mag'luwmatlarg'a sa'ykes qaraqalpaqlar XVII a'sirdin' wortari'nda Si'rda'rya a'tirapi'ndag'i' xanli'qlardi'n' siyasiy islerinde belsene qatnasadi'.

Bul haqqi'nda Worta Aziya xanli'qlari'ni'n' XVII a'sirdegi belgili tariyxshi'si' Muxammed Yusuf Munshi ta'repinen ko'plegen mag'luwmatlar jazi'p qaldi'ri'lg'an. Woni'n' «Muqimxan tariyxi'» atli' tariyxi'y shi'g'armasi'nda XVII a'sirdegi Buxara xanli'g'i'ni'n' siyasiy islerine qaraqalpaqlardi'n' qi'zg'i'n tu'rde aralasqanli'g'i' tuwrali' xabar yetiledi. Bul mag'luwmatlarg'a

sa'ykes Buxara xani' Baxi Muxammed da'wirinde 1605-ji'li' qaraqalpaqlar basqa xali'qlar menen birge Buxara xanli'g'i'na qarsi' ko'teriliske qatnasqan. Buxara xani' Imamquli' 1611-ji'li' Tu'rkstan ha'm Qarataw a'tiraplari'na, Buxara shegaralari'na jaqi'nlap qalg'an, qaraqalpaqlarg'a ha'm qalmaqlarg'a qarsi' atlani's jasag'an.

Usi'nday mag'luwmatlar Xiywa xani' Abulg'azi' ta'repinen de jazi'p qaldi'ri'lg'an. Wol XVII a'sirdin' 20-ji'llari' Xabash Sultan Xiywa xanli'g'i'ndag'i' siyasiy gu'resler bari'si'nda Xiywadan qashi'p shi'g'i'p, Si'rda'rya boylari'nda jasap ati'rg'an qaraqalpaqlar arasi'na barg'anli'g'i' haqqi'nda jazadi'.

Bulardan basqa usi' da'wirde XVII a'sirdin' 20-ji'llari' Tashkent xani' Tursi'n xanni'n' ma'mleketi qurami'nda qaraqalpaqlardi'n' jasag'anli'g'i' haqqi'nda da mag'luwmatlar bar. Tursi'n xan qazaq xani' Yesim xan ta'repinen 1628-ji'li' wo'ltiriledi. Usi' Tu'rkstandag'i' siyasiy waqi'yani' yesitken Buxara xani' Imamquli' xan a'skerleri Yesim xang'a qarsi' atlani's bari'si'nda Yesim xandi' wo'ltiredi. Bul waqi'yadan son' qaraqalpaqlar Buxara xanli'g'i'na bag'i'ni'shli' bolg'an.

XVI a'sirdin' 2-yari'mi'nda Tu'rkstan qaraqalpaqlari' ha'm qazaqlari' Buxara xanli'g'i'na bag'i'ni'shli' bolg'anli'g'i' haqqi'nda Buxarag'a kelgen rus yelshisi Boris Pozuxin, 1671-ji'li' jazi'p qaldi'rg'an. Bul rus yelshisinin' mag'luwmati'na qarag'anda Tu'rkstan qaraqalpaqlari' ha'm qazaqlari' Buxara jerlerinde de ushi'rasadi', wolardi'n' sani' kem degende 150 mi'n'ni'n' shamasi'. Wolar Buxara xanli'g'i'nda isenimli, a'skeriy ku'sh boli'p 50 mi'n' shamasi'nda a'sker ji'ynay alatug'i'n bolg'an. Qaraqalpaqlar uli'si' Buxara xanli'g'i'na tiyisli bolg'anli'g'i' sebepli wolar a'sker berip turi'wg'a minnetli bolg'an.

Bulardan basqa qaraqalpaqlardi'n' XVII a'sirden baslap XVIII a'sirdin' aqi'ri'na shekem Ulli' taw a'tirapi'nda jasag'anli'g'i' haqqi'nda, wolardi'n' XVII a'sirdin' aqi'ri'nda Tawke xang'a bag'i'ni'shli' bolg'anli'g'i' haqqi'nda mag'luwmatlar bar.

Uluwma alg'anda, Si'rda'rya a'tirapi'nda jasag'an qaraqalpaqlardi'n' XVII a'sirlerdegi tariyxi' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlar XVII a'sirde Si'rda'rya qaraqalpaqlari' siyasiy jaqtan yekige bo'lingenligin ko'rsetedi. Birinshi bo'limi Buxara xanli'g'i'na, al yekinshi bo'limi qazaq xanli'g'i'na bag'i'ni'shli' bolg'an.

*Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:*

1. Xiywa xanli'g'i'n bag'i'ndi'ri'wg'a yerisken Buxara xanlari' haqqi'nda ayti'p berin'?
2. XVII — XVIII a'sirlerde Xiywa xanli'g'i'ni'n' ne sebep si'rt yel ma'mleketleri menen menen qatnasi'qlari' keskin bolg'an?
3. Xiywada tek 5—6 ku'n g'ana xan bolg'an xandi' ani'qlan'?
4. Xiywa xanli'g'i' tariyxi'n jazi'wg'a baslama salg'an tariyxshi' Xiywa xani' kim?
5. Qashan Ulli' Nog'ay birlespesi qulati'ladi'?
6. Volga boyi' qaraqalpaqlari' XVII a'sir dawami'nda kimlerge qarsi' uri'slar ali'p barg'an?
7. Qaraqalpaqlardi'n' Si'rda'rya boylari'nda jasag'anli'g'i' haqqi'nda qanday mag'luwmatlardi' bilesiz?
8. Rus yelshisi Boris Pozuxin XVII a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Buxara xanli'g'i'na Tu'rkstan qaraqalpaqlari'ni'n' qatnaslari' haqqi'nda qanday mag'luwmatlar jazi'p qaldi'rg'an?
9. XVII a'sirde qaraqalpaqlardi'n' Ulli' tawda jasag'an bo'limleri haqqi'nda ayti'p berin'.

## §3. XVIII a'sirdin' birinshi yari'mi'ndag'i' siyasiy waqi'yalar. XVIII a'sirdegi Qaraqalpaq-Rossiya qatnasi'qlari'

XVIII a'sirde Worta Aziya xali'qlari'ni'n' tariyxi'y rawajlani'wi'na u'lken ta'sir jasag'an Worta Aziya aymag'i'nda ju'da' u'lken ko'plegen waqi'yalar boli'p wo'tken. Bul waqi'tta qaraqalpaqlardi'n' Buxara, tu'slik Aral boyi' ha'm Ural a'tiraplari'nda jasap ati'rg'an bo'limleri menen Si'rda'rya boylari'nda jasap ati'rg'an qaraqalpaqlar ti'g'i'z baylani'slar jasap, usi' Si'rda'rya qaraqalpaqlari' do'gereginde ja'mleniw qubi'li'slari' payda boladi'. Biraq bul aqi'ri'na jetpey irkinishke ushi'raydi'. Buni'n' irkinishke ushi'rawi'nda 1723-ji'li' Jong'ar qalmaqlari'ni'n' Si'rda'rya boylari'na topi'li'si' sebep bolg'an.

Bul waqi'tta qaraqalpaqlardi'n' wo'z aldi'na xanli'g'i' bolg'an. Bul xanli'qti'n' basi'nda Yesim xan (Yeshmuxammed) turg'an. Yesim xan ma'mleketinin' aymaqlari' Si'rda'ryani'n' ayag'i' ha'm Volga boyi' qalmaqlari', bashqurt uli'slari' ha'm Qazaq xanli'qlari' menen shegaralas bolg'an. Jong'ar qalmaqlari'ni'n' basi'p ali'wshi'li'q topi'li'si'nan quti'li'w maqsetinde Yesim xan 1722-ji'li' Rossiya menen dosli'q qatnas du'ziwge




XVIII a'sirdegi Aral iyeligi ha'm Si'rda'rya qaraqalpaqlari'.

ha'reket jasag'an. Biraq bul ha'reketler do'nip kiyati'rg'an qa'wipten qaraqalpaqlardi' saqlap qala almaydi'.

Jong'arlar ma'mleketi XVII a'sirdin' 30-ji'llari'nda Bati's Mong'oliyada a'skeriy feodalli'q ma'mleketi boli'p du'zildi. Ma'mleket basshi'si' Xuntaydj basqardi'. Woni'n' xalqi' ko'shpeli wo'mir su'rip, sharwashi'li'q negizgi ka'sibi boldi. Wol ma'mleket a'skeriy jaqtan ku'shli ma'mleket boli'p, armiyasi' 100 mi'n' a'skerden ibarat bolg'an.

1723-ji'li' jong'arlar qazaqlardi' u'lken soqqi'g'a ushi'rati'p, wolardi' u'sh ta'repke qaray ko'ship ketiwine ma'jbu'rleydi.

Bul soqqi'g'a Si'rda'rya qaraqalpaqlari' da duwshar boli'p, wolar da yekige bo'linip ketedi. Wolardi'n' bir bo'limi Si'r-

da'ryani'n' to'menine qaray Aral ten'izi ta'repke, al bir bo'limi Si'rda'ryani' boylap joqari' qaray Tashkent ha'm tu'slik bati's ta'repke ji'li'si'wg'a ma'jbu'r bolg'an.

Usi'layi'nsha Si'rda'rya boylari'nda qaraqalpaqlardi'n' bu-ri'ng'i' jasap ati'rg'an worni' Si'da'ryani'n' worta jag'ali'qlari' jong'arlar ta'repinen basi'p ali'ni'wi' menen Si'rda'rya qaraqal-paqlari' joqari' ha'm to'mengi boli'p yekige bo'linip ketedi. Qaraqalpaqlardi'n' bir topari' jong'ar ma'mleketinin' qarama-g'i'nda Si'rda'rya boylari'nda qalg'an.

Wolardi'n' birqanshasi' Ili da'ryasi'ni'n' boyi'na, jong'arlar ma'mleketinin' aymag'i'na ko'shirilgen.

Joqarg'i' qaraqalpaqlar jong'arlardi'n' soqqi'si' menen wolar-di'n' geypara bo'limi Ferg'ana woypatli'g'i'na ko'ship bari'p wol jerde woti'ri'qshi' xali'q penen aralasadi'.

To'mengi qaraqalpaqlar bolsa Si'rda'rya to'menine qaray ji'li'sip wol jerde qazaqlardi'n' kishi ju'z xanli'g'i' menen qon'-si'las, wolardan siyasiy g'a'rezli jag'dayda jasag'an.

Bul qazaqlardi'n' kishi ju'z xanli'g'i' jong'arlardi'n' topi'li'-si'nan qa'wiplenip, Rossiya menen qatnasti' ku'sheytiwge ha're-ket yetedi. Usi' qazaqlardi'n' kishi ju'z xanli'g'i'na qarasli' bol-g'an to'mengi qaraqalpaqlar da Rossiya menen jaqi'n qatnasta bolg'an.

Aralli' qaraqalpaqlardi'n' XVIII a'sirdegi tariyxi' Xiywa xan-li'g'i', a'sirese aralli' wo'zbeklerdin' turmi'si' menen ti'g'i'z baylani'sli'. XVIII a'sir dawami'nda Xiywa xanli'g'i'nda jasaw-shi' xali'qlar ko'plegen siyasiy waqi'yalardi' basi'nan keshirgen.

Aralli' wo'zbekler etnikali'q kelip shi'g'i'wi', da'stu'ri, ka'sibi, ma'deniyati' jag'i'nan qaraqalpaqlarg'a wog'ada uqsas. Wolar ko'p waqi'tlar dawami'nda Xiywa ha'kimshiligine qarsi' turi'p wo'zlerinen, qaraqalpaqlardan yamasa qazaqlardan xan ko'terip, Xiywa xanli'g'i'nan g'a'rezsiz ma'mleket boli'wg'a umti'lg'an.

Wolar 1714-ji'li' Xiywa xani' Yadgarg'a bag'i'ni'wdan bas tarti'p, qaraqalpaqlardi'n' xani' Yeshmuxammedti Aral xanli'-g'i'n basqari'wg'a shaqi'radi'. Yeshmuxammed (Yesim xan) Aralda qi'sqa waqi't bolsa da Aral xani' boli'p turg'an. Wol diyqanshi'li'q ju'rgiziw maqsetinde jan'a jerlerdi wo'zlestirip, birqansha ilajlar ju'rgizgen. Ha'zirgi Qarao'zek rayoni' ayma-g'i'ndag'i' Yesimjap usi' qi'sqa waqi't Aral xani' boli'p turg'an

qaraqalpaqlar xani' Yeshmuxammedten qalg'an yestelik. Woni' sol Yeshmuxammed qazdi'rg'an.

Aralli' qaraqalpaqlar ha'm wo'zbekler XVIII a'sirde usi'nday siyasiy waqi'yalardi' basi'nan keshirgen ha'm usi' waqi'yalarg'a belsene qatnasqan. XVIII a'sirdin' 2-yari'mi'nda Si'rda'rya boyi'ndag'i' to'mengi qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limi aralli' qaraqalpaqlarg'a ko'ship kelip qosi'la baslag'an. Bulardi'n' ko'ship keliwi XVIII a'sirdin' 40-ji'llari'nan baslang'an. Si'rda'ryani'n' boyi'ndag'i' to'mengi qaraqalpaqlar menen qazaqlar kishi ju'zi xanli'g'i' wortasi'ndag'i' uri'slar sebep bolg'an.

Qaraqalpaqlar menen Rossiya arasi'ndag'i' baylani'slar wo'zinin' sag'asi'n yerte waqi'tlardan baslag'an. Bul Rossiyani'n' a'sirler boyi' ali'p barg'an koloniallі'q siyasati'nan kelip shi'qqan. Rossiya XVI a'sirdin' wortalari'nda Qazan ha'm Astraxan xanli'g'i'n basi'p ali'p woni'n' aymaqlari'n wo'zinin' ma'mleketinin' qurami'na qosi'p aladi'. Wonnan keyin de Rossiya Worta Aziya menen baylani's wornati'wg'a ha'm wolardi'n' aymag'i' yesabi'nan wo'z ma'mleketinin' aymaqlari'n ken'eytiwge bag'darlang'an birqansha ila'jlardi' isledi. Moskva patshali'g'i' Volga da'ryasi' boylap sawda jollari'n wo'z qoli'na alg'annan keyin Worta Aziya bazarlari'na qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' artti'. Woni'n' ani'q mi'sali' yetip 1558—1559-ji'llari' Antoni Jenkinson ismli angliyali' sawdagerdin' Moskva patshali'g'i' arqali' Buxarag'a ha'm Xiywag'a keliwin ha'm sawda isleri menen shug'i'llani'wi'n ayti'wg'a boladi'.

Rossiya patshali'g'i' XVII a'sirde Worta Aziya xanli'qlari' menen wo'zinin' yelshilik baylani'slari'n ku'sheytedi. Tek XVII a'sirdin' wo'zinde g'ana Rossiyag'a Worta Aziyadan 17 ma'rte yelshiler kelgen. Usi' a'sirde Rossiyani'n' ko'plegen qalalari'nda yarmarkalar sho'lkemlestirilgen. Solardan Nijniy Novgorod yarmarkasi' u'lken a'hmiyetke iye boli'p, Worta Aziya sawdagerleri bul yarmarkalarg'a wo'zlerinin' zatlari' menen qatnasi'p woti'rg'an. XVII a'sirlerde sawda ha'm yelshilik baylani'slari' XVIII a'sirdegi siyasiy ha'm ma'deniy baylani'slardi'n' rawajlani'wi'na u'lken negiz boli'p xi'zmet yetken. XVIII a'sirden baslap Rossiya ha'm Worta Aziya xanli'qlari' arasi'nda siyasiy qatnasi'qlar rawajlang'an. Rossiya a'sirese, Petr I da'wirinen baslap Worayli'q Aziya jerlerin teren' biliwge, woni'n' bayli'qlari'n wo'zlestiriwge qi'zi'qqan. Petr I da'wirinen baslap

Worayli'q Aziya jerlerine ilimiy ekspediciyalar jiberile baslag'an. Usi'nday ekspediciyalardi'n' biri Bekovich—Cherkasskiydin' basshi'li'g'i'nda sho'lkemlestiriledi.

Bul ekspediciyag'a A'miwda'ryani'n' Kaspiy ten'izine aqqan yeski an'g'ari'n izertlew, Xiywa ha'm Buxara xanli'g'i'n Rossiyag'a bag'i'ndi'ri'w, A'miwda'ryani'n' Aral ten'izine quyarli'g'i'nda qala sali'w, alti'n ka'nlerin iyelew, Hindstang'a baratug'i'n sawda joli'n u'yreniw si'yaqli' wazi'ypalar ju'kleydi. Ekspediciya 6000 adamnan aslam a'skerlerden turi'p, wolardi'n' 19 tobi' bolg'an. Wolar 138 kemege iye bolg'an. Bunday ku'shli qurallang'an armiya menen 1717-ji'li' ba'ha'rde Xiywag'a atlanadi'. Wolar Xiywa a'skerleri menen u'sh ku'n dawami'nda uri'slar ali'p baradi'. Xiywa xani' Sherg'azi' xan ashi'q uri'sta shi'g'i'nni'n' ko'p boli'wi'n yesapqa ali'p hiyle qollani'wdi' maqul ko'redi. Wol hiyle joli' menen rus a'skerlerin qolg'a tu'siriw maqsetinde so'ylesiwler ju'rgizedi. Usi' so'ylesiwler bari'si'nda ruslardi' bes bo'limge bo'lip, Xiywa a'tirapi'ndag'i' qalalarg'a wornalasti'radi'. Wolardi' Xiywa a'skerleri 1717-ji'li' 29-avgust ku'ni qi'ri'p taslaydi'. Bekovich—Cherkasskiy de wo'ltiriledi.

Bekovich—Cherkasskiydin' basshi'li'g'i'ndag'i' a'skeriy ekspediciya ag'zalari'ni'n' ju'rgizgen isleri wo'zinin' sa'tsiz boli'-wi'na qaramastan, Rossiyani'n' Worayli'q Aziyani' iyelewge qarati'lg'an da'slepki a'skeriy atlani'si' bolg'an.

Rossiya tariyxi'nda Bekovich—Cherkasskiydin' Xiywa xan-li'g'i'na a'skeriy ju'risi ha'm woni'n' jen'iliske ushi'rawi' Rossiyani'n' aldi'ng'i' qatardag'i' ja'miyetlik iskerleri bul waqi'-yag'a wo'z pikirlerin bildirgenligi ma'lim. Petr I yeki a'rman menen du'nyadan ko'z jumg'an. Birinshisi—Turkiyadag'i' Prut boyi'ndag'i' jen'ilisi ushi'n, yekinshisi—Worta Aziyadag'i' Bekovich—Cherkasskiydin' jen'ilisi ushi'n.

Petr I Worta Aziya jerlerin basi'p ali'p, A'miwda'rya ar-qali' Hindstan ma'mleketin basi'p almaqshi' bolg'an.

Bunnan son' da Rossiya hu'kimeti Worta Aziyani' qolg'a kirgiziw pikirinen qaytpaydi'. Biraq yendi wolar a'skeriy ku'sh penen yemes, al diplomatiyali'q jol menen iske asi'rmaqshi' boladi'. Usi' maqsette wolar qazaqlar ha'm qaraqalpaqlar menen jaqi'nlasi'wg'a ha'reket yetedi.

Qaraqalpaqlar menen Rossiya wortasi'ndag'i' qari'm-qatnasi'qlar qaraqalpaq xani' bolg'an Yeshmuxammed waqti'nda birqansha da'rejede janlang'an. Wol Rossiya imperatori' Petr I menen awqam du'ziw arqali' sol da'wirde qaraqalpaqlarg'a jong'arlar ta'repinen do'ngen qa'wipten quti'li'wg'a umti'lg'an.

Qaraqalpaqlarg'a juwap retinde qaraqalpaqlar arasi'na 1721-ji'li' Rossiyadan D. T. Vershinin basshi'li'g'i'nda yelshiler keledi. Wolardi'n' maqseti birinshiden, qaraqalpaqlar arasi'ndag'i' rus tutqi'nlari'n tutqi'nnan azat yetip, Rossiyag'a qaytari'w bolsa, yekinshiden qaraqalpaqlardi' rus patshali'g'i' qurami'na wo'tkeriw bolg'an. Bul ha'reketler haqi'yqi'y na'tiyjege yerise almaydi'.

Qaraqalpaqlar 1725-ji'li' tag'i' da wo'z yelshisin Rossiyag'a jiberip, usi' yelshileri arqali' Rossiya menen qatnasi'qti' jaqsi'lawg'a ha'reket yetedi. Wolardi'n' jazg'an xatlari'nda qaraqalpaqlardi'n' Ufa qalasi'nda bashqurtlar ha'm qalmaqlar menen qatnasi'qlardi' jaqsi'law tuwrali' sha'rtnama du'zgenligi bayanlanadi'.

XVIII a'sirdin' 20—30-ji'llari'nda qazaqti'n' kishi ju'z xani' Abulxayi'r Rossiya menen siyasiy baylani'slar wornati'wg'a belsendilik penen kirisken. Bunda Rossiya ma'mleketinin' ja'rdemi arqali' qazaq dalasi'na hu'jim yetip ati'rg'an jong'arlardi'n' topi'li'si'nan wo'z xanli'g'i'n aman ali'p qalmaqshi' bolg'an Abulxayi'r xan Sankt-Peterburqa birneshe ma'rtebe wo'zinin' yelshilerin jiberedi.

1731-ji'li' Abalxayi'r xang'a M. Tevkelev basshi'li'g'i'nda Rossiya yelshileri kelgen. Bul da'wirde Abulxayi'r xan basshi'li'q yetken qazaqti'n' kishi ju'zinin' woti'rg'an aymaqlari' qaraqalpaqlarg'a ju'da' jaqi'n bolg'an. Sonli'qtan M. Tevkelev qaraqalpaqlar arasi'nda da boli'p, qaraqalpaqlar menen so'ylesiwler ju'rgizgen. M. Tevkelev ha'r ku'ngi ko'rgen-bilgenlerin jazi'p barg'an. Bul ku'ndeliklerdi woqi'w arqali' qaraqalaq xalqi' tuwrali' ko'p mag'luwmatlar bilemiz.

1730—1740-ji'llari' Sankt-Peterburg qalasi'na ko'plegen qaraqalpaq yelshileri kelip, Rossiyani'n' basshi'lari' menen so'ylesiwler ju'rgizgen. Biraq bul so'ylesiwlerden heshqanday juwmaq shi'qpaydi'. Qaraqalpaq jerleri si'rtqi' topi'li'slardan quti'la almadi'. Jong'ar basi'p ali'wshi'li'g'i' jong'ar ma'mleketinin'

1750-ji'llardi'n' wortalari'nda Cin imperiyasi ta'repinen qi'y-rati'lg'ang'a shekem dawam yete berdi.

Qaraqalpaqlar Rossiyag'a arqa su'yewine qaramastan wolardan heshqanday ja'rdem ala almaydi'. Abulxayi'r xan qaraqalpaqlarg'a shabi'wi'l jasap, 1740-ji'llari' wolardi' bu'lginshilikke ushi'ratqan. Qaraqalpaqlar usi' jawgershiliktin' sebebinen wo'z woti'rg'an jerlerin taslap, wol jerden ko'shiwge ma'jbu'r bolg'an. Bul tuwrali' qaraqalpaq xalqi'ni'n' ji'rawi' Jiyen ji'rawdi'n' «Posqan yel» da'stani'nda ji'r yetilgen.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. XVIII a'sirdin' basi'nda qaraqalpaqlardi'n' xani' kim bolg'an?
2. XVIII a'sirdin' basi'nda Xiywa xanli'g'i'n qanday dinastiya basqarg'an?
3. Xiywa xanli'g'i'ni'n' siyasiy islerinde salmaqli' rol atqarg'an Muxammed A'min Xiywa xanli'g'i'nda qanday lawazi'mdi' iyelegen?
4. Nadir shax qashan Xiywa xanli'g'i'n jawlap alg'an?
5. Xiywa xanli'g'i' Irannan g'a'rezli bolg'an da'wirde Xiywada qaysi' ruwlardan shi'qqan inaqlar basqari'p turg'an?
6. XVIII a'sirde Rossiya qanday koloniallі'q siyasat ju'rgizgen?
7. Bekovich—Cherkasskiy basshi'li'g'i'ndag'i' a'skeriy ekspediciya qanday koloniallі'q maqsette sho'lkemlestirilgen ha'm aqi'beti qanday bolg'an?
8. Qaraqalpaqlar jerlerinde jong'ar basi'p ali'wshi'li'g'i' qay waqi'tqa shekem dawam yetti?

## §4. Qaraqalpaqlardi'n' aralli' wo'zbekler menen qatnasi'qlari', ma'mleketshiligi

Qaraqalpaqlar menen aralli' wo'zbekler wo'zinin' kelip shi'g'i'wi', ruwli'q du'zilisi, tili, da'stu'rleri jag'i'nan bir-birine jaqi'n tuwi'sqan xali'qlar boli'p yesaplanadi'. Wolar menen qaraqalpaqlar ba'rhama dos, ag'ayinlik qatnasi'qlarda jasag'an.

XVII a'sirde aralli' wo'zbekler A'miwda'ryani'n' to'mengi boylari'nda jasag'an boli'p, wolardi'n' qurami'na birneshe ruwlar: qon'i'rat, man'g'i't, qi'pshaq, xoja yeli ha'm basqa da birqansha mayda ruwlar ha'm qa'wimler kirgen. Wolardi'n' birqanshalari' Aral ten'izinin' jag'alari'nda jasag'an. Wolar wo'zlerinin' Xiywa xanli'g'i'nan birqansha uzaqli'g'i'nan paydalani'p Xiywa xanlari'na bag'i'nbay wo'z aldi'na g'a'rezsiz yel boli'wg'a

ha'reketler qi'lg'an. Wolar waqti'-waqti' Xiywa xanlari'na qarsi' siyasiy gu'resler ju'rgizip turg'an. Aralli'lar arasi'nda Xiywa xani'ni'n' siyasati'na qarsi' bolg'an geypara adamlar Xiywa xanlari'ni'n' jazasi'nan qashi'p, Si'rda'rya boylari'na qaraqalpaqlar arasi'na barg'an. Usi'nday siyasiy waqi'yalar bari'si'nda aralli'lar wo'zlerinin' xanlari'n ko'terip turg'an. Wolardi'n' geyparalari' wo'z yelinde bekkemlesip, son'i'nan Xiywa xanli'g'i'nda xan taxti'n iyelegen. Wolardi'n' biri Abulg'azi' xan XVII a'sirdin' 40-ji'llari'nda Xiywani'n' belgili xani' bolg'an yedi. Sherg'azi' xanni'n' aralli' wo'zbeklerge qarsi' sho'lkemlestirilgen hu'jimleri waqti'nda Sherg'azi' xan Aral ten'izinin' tu'slik shi'g'i's bo'leginde jasawshi' qaraqalpaqlarg'a da qarsi' shabi'wi'llar jasag'an. Wolar bul da'wirde aralli' wo'zbekler menen si'baylas, qon'si'las jasap, aralli'larg'a ja'rdem beriwge ha'reket jasag'an. Soni'n' ushi'n Xiywa xani' wolarg'a qarsi' mi'n'nan aslam a'skerler jibergen. Bul shabi'wi'ldi'n' na'tiyjesinde qaraqalpaqlar wo'zlerinin' woti'rg'an jerin taslap Si'rda'rya ta'repke ko'shiwge ma'jbu'r bolg'an.

Bul qayg'i'li' tariyxi'y waqi'yalar tuwrali' Xorezm tariyxi'n jazi'p barg'an shayi'r ha'm tariyxshi' Shermuxammed Munis wo'zinin' «Ferdausi il-iqbal» kitabi'nda jazi'p qaldi'rg'an.

Petr I din' yelshisi bolg'an Florio Benevenidin' bergen mag'luwmatlari'na qarag'anda qaraqalpaqlar menen aralli'lar arasi'nda tuwi'sqanli'q baylani'slar bolg'an. Qaraqalpaqlardi'n' basshi'si' menen aralli' wo'zbeklerinin' xani' bolg'an Shaxtemir wortasi'nda ag'ayinlik baylani'slar bolg'an.

Qaraqalpaqlar aralli' wo'zbekler menen birge si'rtqi' basi'p ali'wshi'larg'a qarsi' azatli'q gu'reslerge belsene qatnasqan. Xiywa xanli'g'i'n Iran shaxi' Nadir basi'p alg'an da'wirlerinde woni'n' tariyxshi'si' bolg'an Muxammed Qazi'ydi'n' bildiriwi boyi'insha Xiywa xanli'g'i' armiyasi'ni'n' qurami'nda Nadirge qarsi' uri'sta qaraqalpaqlardi'n' da qatnasqanli'g'i'n jazadi'. Bul mag'luwmat boyi'nsha qaraqalpaqlar Xiywa xani' Elbarsti'n' armiyasi'ni'n' qurami'nda xi'zmet yetken. Xiywa xanli'g'i'n Nadir shax a'skerleri jawlap alg'annan son'g'i' da'wirlerde qaraqalpaqlar Nadir shaxqa a'skerler jetkerip truwg'a minnetli bolg'an. Aralli'lar ha'm qaraqalpaqlar ha'r qaysi'si' 6 mi'n'nan a'sker ji'ynap Nadir shaxqa a'kelgen. Bul haqqi'nda Nadir shaxti'n' tariyxshi'si' bolg'an Muxammed Qazi'y jazi'p

qaldi'rg'an. Woni'n' shi'g'armalari'nda qaraqalpaqlardi'n' aymaqlari' tuwrali' ko'plegen mag'luwmatlar bar.

Qaraqalpaqlar menen aralli' wo'zbekler arasi'ndag'i' baylani'slar XVIII a'sirdin' yekinshi yari'mnda da dawam yetedi. Aralli' wo'zbekler Xiywa xanlari'na qarsi' bolg'an. Wolardi'n' bul gu'resinde aralli'lar ba'rhama qaraqalpaqlardi'n' ja'rdemine su'yengen.



Xiywa tariyxshi'si' Munis.

Qaraqalpaqlardi' aralli'lardi'n' nag'i'z awqamlasi' yekenligi tuwrali' Xorezm xanlari'ni'n' tariyxi'n jazg'an Munis Shermuxammed uli' wo'zinin' shi'g'armalari'nda atap ko'rsetken. A'miwda'ryani'n' shi'g'i's ta'repinen ag'i'p Aral ten'izine quyi'p turg'an Ko'ko'zek boyi'nda woti'rg'an ko'p sandag'i' qaraqalpaqlar menen aralli' wo'zbekler wortasi'nda ti'g'i'z baylani'slar wornati'lg'an. Ko'ko'zek da'ryasi'ni'n' a'tirapi'nda XVIII—XIX a'sirlerde qaraqalpaqlardi'n' gu'llengen diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q, bali'qshi'li'q penen shug'i'llanatug'i'n u'lken xojali'q woraylari' ju'zege keledi.

Bul da'ryani'n' boyi'nda «Aqjag'i's» ati' menen belgili bolg'an u'lken yelatta jasag'an. Qaraqalpaqlar menen Qon'i'rat wo'zbekleri arasi'nda ku'shli siyasiy-ekonomikali'q baylani'slar payda bolg'an. «Aqjag'i's» ati' menen belgili bolg'an qorg'an ha'zirgi Taxtako'pir rayoni'ni'n' aymag'i'nda yelege shekem saqlani'p, woni' xali'q Aydosqala dep ataydi'.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi' aral wo'zbekleri menen birge Xiywa xanli'g'i' menen ti'g'i'z baylani'sta rawajlani'p woti'rg'an. Wolar yerte waqi'tlardan-aq Xiywa xanlari'ni'n' siyasiy islerine belsene aralasqan. Tariyxi'y dereklerde birneshe qaraqalpaq to'releri Xiywada xan bolg'anli'g'i' haqqi'nda ayti'ladi'. Wolardi'n' biri XVIII a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Xiywada xan bolg'an Abdulla sultan tuwrali', woni'n' qaraqalpaq to'relerinen yekenligi, Gu'rlen qalasi'nda xan boli'p woti'rg'anli'g'i' tuwrali'



Xiywa tariyxshi'si' Agahiy.

ayti'ladi'. Sonday-aq, qaraqalpaq to'relerinen Yadgardi'n' Xiywada xan yetip saylang'anli'g'i' tuwrali' mag'luwmatlar jazi'lg'an. Bunday mag'luwmatlardi'n' boli'wi' a'l-bette, bul da'wirde qaraqalpaq-lardi'n' Xiywa xanli'g'i'ni'n' siya-siy islerine aralasi'wi'nan derek beredi. Bul joqari'dag'i' qaraqalpaq xanlari'ni'n' hesh qaysi'si' da Xiywa xanli'g'i'nda haqi'yqi'y ku'shke ha'm ha'kimiyatqa iye bola almag'an. Solay bolsa da bul da'wirde qaraqalpaq Xiywa qatna-si'qlari'ni'n' birqansha da'rejede bolg'anli'g'i'nan derek beredi.

Xiywa xanli'g'i' da'wirinde jazi'lg'an tariyxi'y kitaplarda qaraqalpaqlar Muxammed inaqti'n' yawmi't shawdi'rlar menen bolg'an uri'slari'nda belsene qatnasqanli'g'i' tuwrali' jazi'lg'an. Solardi'n' arasi'nda Qi'tay ruwi'nan Qurbanbay biy, Qon'i'rat ruwi'nan Yesengeldi mehrem ha'm G'ayi'p bahadi'r wo'zinin' a'skerleri menen uri'sta qatnasqan.

Qaraqalpaqlar wo'zlerinin' a'yyemgi watani' bolg'an Xorezm jurti'n «Besqala» dep atag'an. Wolar A'miwda'rya boylari'nda diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q ha'm bali'qshi'li'q penen shug'i'l-lang'an. Wolardi'n' ruwxi'y ma'deniyati', a'debiyati' bir-birine wo'tken. Qaraqalpaqlar bul jerde qala ma'deniyati'n quri'wg'a belsene qatnasqan. Wolardi'n' Shi'mbay yamasa Shaxtemir, Qon'i'rat, Xojeli ha'm basqa da qalalari' bolg'an.

XVIII a'sirdin' aqi'ri'nda ha'm XIX a'sirdin' basi'nda qaraqalpaqlar Xiywa xanlari'ni'n' ali'p barg'an ishki siyasati'na wo'zlerinin' pikirlerin bildirip woti'rg'an. Tariyxi'y dereklerdin' ko'rsetiwi boyi'nsha Xiywa xanlari' soni'n' ishinde Muxammed A'min inaq waqti'nda qaraqalpaqlar biylerine u'lken hu'rmet-izzet ko'rsetilgen. Solardi'n' biri qaraqalpaq tariyxi'nda u'lken tulg'a bolg'an Aydos biy Xiywa xanlari' menen da'slepki waqi'tlari' usi'nday qatnasi'qlarg'a iye bolg'an.

XVIII a'sirdin' wortalari'nda tariyxi'y jag'daylar, a'sirese qazaqti'n' kishi ju'zinin' xani' Abulxayi'rdi'n' qaraqalpaqlarg'a sho'lkemlestirgen u'lken shabi'wi'li' na'tiyjesinde qaraqalpaqlardi'n' bir topari' Jan'ada'rya boylari'na qaray ko'shiwine sebepshi bolg'an. XVIII a'sirdin' 40-ji'llari'nda qazaqti'n' kishi ju'zi xani' Abulxayi'r xan jong'arlardi'n' topi'li'si'nan qa'wiplenip Rossiya qol asti'na wo'tpekshi boladi'. Usi' ma'ha'lde kishi ju'z xani'nan siyasiy g'a'rezli bolg'an to'mengi qaraqalpaqlarda Rossiya qol asti'na wo'tpekshi boladi'. 1743-ji'li' Peterburgta bolg'an qaraqalpaq yelshileri tuwrali' Rossiya patshasi'na bag'i'natug'i'n boladi'. Wo'zinin' qol asti'ndag'i'lardan ayi'ri'li'wdi' qa'lemegen Abulxayi'r xan sali'q to'lemedi degen si'ltaw menen qaraqalpaqlarg'a shabi'wi'l jasaydi'. Bul shabi'wi'l qaraqalpaqlar ushi'n u'lken shi'g'i'nlarg'a ali'p keledi. Usi' topi'li's na'tiyjesinde baslang'an uri'slar izbe-iz dawam yetken. Tariyxi'y dereklerdegi mag'luwmatlarg'a qarag'anda qaraqalpaqlarg'a qazaqti'n' tek g'ana kishi ju'zinin' xani' Abulxayi'r shabi'wi'l jasap qalmastan, worta ju'zinin' xanlari' da u'zliksiz shabi'wi'llar jasap woti'rg'an. Wolardi'n' biri Abi'lay xan 1746-1747-ji'llari' qaraqalpaqlarg'a tag'i' da u'lken shabi'wi'l jasag'an. Qazaq ilimpazi' Shoqan Walixanovti'n' ayti'wi' boyi'nsha qaraqalpaqlardi'n' bir topari'n Abi'lay xan Talas da'ryasi'ni'n' boyi'na ko'shirip, diyqanshi'li'q penen shug'i'llani'wg'a ma'jbu'rlegen.

Usi' uri'slardi'n' aqi'betinde «to'mengi qaraqalpaqlardi'n'» bir topari' «joqarg'i' qaraqalpaqlarg'a» bari'p qosi'lg'an. Negizgi ko'pshilik bo'legi Jan'ada'rya ha'm Quwanda'rya boylari'na bari'p aralasadi'. Wolar wol jerlerde jasap, diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q, an'shi'li'q penen shug'i'llang'an. XVIII a'sirdin' wortalari'nda qazaqlar arasi'nda bolg'an feodalli'q uri'slar qaraqalpaqlardi'n' ta'g'dirine de unamsi'z ta'sir yetti. Wolardi'n' woti'rg'an awi'llari'na ba'rhama qazaq feodallari'ni'n' a'skerleri shabi'wi'l jasap woti'rg'anli'g'i' tuwrali' ko'plegen tariyxi'y derekler bar.

Qaraqalpaqlar wo'z aymaqlari'n qazaq feodallari'nan qorg'awda aralli' wo'zbekler menen til biriktirip, bir awqam boli'p gu'res ali'p bardi'. Rossiya dereklerinin' bergen mag'luwmatlari' boyi'nsha 1762-ji'lg'i' qazaq feodallari'ni'n' qaraqalpaqlarg'a

islegen shabi'wi'li'nda 20 mi'n'g'a jaqi'n qazaqlar qatnasqan. Wolar qaraqalpaqlardi'n' Si'rda'rya boyi'nda woti'rg'an awi'l-lari'n qi'yratqan.

U'zliksiz dawam yetken bul uri'slardi'n' juwmag'i'nda qaraqalpaqlar birneshe bo'limge bo'linip, bir bo'limi Jan'ada'rya boylari'na, bir bo'limi Joqarg'i' qaraqalpaqlar ta'repke ko'ship qoni'slasadi'. Ko'shiwge qurbi' jetpegenler Si'rda'rya boylari'nda qazaqlar arasi'nda jasap qalg'an.

Rus jazba dereklerinin' ko'rsetiwinshe bunday qaraqalpaqlardi'n' sani' birneshe mi'n'di' qurag'an.

Jan'ada'rya boylari'ndag'i' qaraqalpaqlar qi'yi'n jag'daylarda ken' maydan jerlerdi diyqanshi'li'q rayoni'na aylandi'rdi'. Bul jerlerge wolar uzi'n kanallar, jap-salmalar, u'lken ati'zlar qurdi'. Buri'ng'i' yeski qalalardi' qayta qurdi'. Wolardi'n' qaldi'qlari' yelege shekem saqlani'p tur. Bul jerde ko'plegen qala ma'deniyati'ni'n' izleri saqlang'an. Wolardan Wori'nbayqala, Buzi'qqala ha'm basqa da qalalar sol da'wirdin' tariyxi'y yestelikleri si'pati'nda belgili.

Jan'ada'ryada qaraqalpaqlar aymaqli'q jaqtan qon'si'las aralli'lar menen tikkeley baylani'sta bolg'an. Aralli'lar qaraqalpaqlardi'n' qazaqti'n' kishi ju'z xanli'g'i' menen ju'rgizgen gu'resinde ja'rdem berip, qaraqalpaqlar awqamlasi' bolg'an. XVIII a'sir aqi'ri' XIX a'sir baslari'nda qaraqalpaq jerleri pu'tkil Quwanda'rya menen Jan'ada'rya basseynlerinen A'miwda'ryani'n' to'mengi jag'i'na shekemgi arali'qti' wo'z ishine aladi'. Biraq bunda xali'qti'n' ma'kan basqan jerlerinin' worayi' — Jan'ada'rya woypati' bolg'an.

Usi' da'wirde qaraqalpaqlar siyasiy jaqtan g'a'rezsiz ma'mleket si'pati'nda jasag'an. Wolar qon'si'las kishi ju'z xanli'g'i' yaki Xiywa xanli'g'i'ni'n' yekewine de bag'i'ni'shli' bolmag'an. Wolarg'a qarsi' gu'res ju'rgizgen.

Xali'q birneshe ruwlarg'a bo'linip, bul ruwdi' biyler basqari'p turg'an. Ha'rbir ruw geyde qa'wim birlespesi birge jasag'an. Ha'rbir awi'ldi'n' qashi' shabi'li'p, qorshalg'an qorg'ani' bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' tiykarg'i' ka'sibi bul da'wirde de diyqanshi'li'q bolg'an. Woni'n' da'lili si'pati'nda u'lken irrigaciyali'q quri'li'slardi'n', shi'g'i'rlardi'n' izleri mi'sal bola aladi'. Geypara

tariyxshi'lardi'n' bergen mag'luwmati' boyi'nsha diyqanshi'li'qti' qaraqalpaqlardan qon'si' qazaqlardi'n' u'yrengenligi tuwrali' jazi'lg'an.

Qaraqalpaqlar jaylag'an aymaqlar iri qara mal wo'siriwge qolayli' boli'p, wolar sawda-sati'q islerin rawajlandi'ri'wg'a u'lken mu'mkinshilikler tuwdi'rg'an. Soni'n' menen birge qoy wo'siriwshilik ha'm basqa da tarawlar rawajlang'an. Qaraqalpaqlar turmi'si'nda yen' a'yyemgi da'wirlerden baslap-aq bali'qshi'li'q xojali'g'i' u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Bali'qshi'li'qqa qolayli' ko'ller, da'ryalar Jan'ada'rya ha'm Quwanda'rya boylari'nda ko'p bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' XVIII a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Jan'ada'rya boylari'nda jasag'anli'g'i' tuwrali' Rossiya sayaxatshi'si' Mendiyar Bekchurinnin' ju'rgizgen ku'ndeliginde ko'plegen mag'luwmatlar jazi'p qaldi'ri'lg'an.

Jan'ada'rya boylari'ndag'i' qaraqalpaqlar qazaq feodallari'ni'n' topi'li'slari'na ushi'rap woti'rg'an. Xali'qti'n' pu'tinligin, birligin ha'm azatli'g'i'n saqlap qali'w ushi'n qaraqalpaqlar arasi'nan Nurtay, Qosnazar, Maman ha'm basqa da ko'plegen xali'q bati'rlari' jetisip shi'qqan. Wolardi'n' atlari' xali'qti'n' yadi'nda saqlani'p qalg'an ha'm shejirelerge kirgen.

Qaraqalpaq xali'q shayi'ri' Berdaqti'n' «Shejire»sinde Nurtay ha'm Qosnazar bati'rlardi'n' qazaq feodallari' menen uri's ju'rgizgenligin ha'm Jan'ada'rya boylari'nda qala salg'anli'g'i'n jazg'an bolsa, rus knyazi' Potemkinge jazi'lg'an 1786-ji'lg'i' xatta Nurtay degen adamni'n' Buxaradan kelip, Quwanda'rya boyi'nda qala sali'p wo'z aldi'na ma'mleket qurg'anli'g'i' tuwrali' jazi'lg'an.

Berdaq shayi'r wo'zinin' «Shejire»sinde Nurtay tuwrali' yoshli' qatarlar jazi'p qaldi'rg'an. Woni'n' basi'p ali'wshi'lar qoli'nan nabi't bolg'anli'g'i'n jazi'p, qaraqalpaq tariyxi'nda Jan'ada'rya da'wirinde belgili adamlar «Woymawi't-Maman, Wori'nbay, Nurtaydan son' bolg'an yeken» dep jazadi'. Qaraqalpaq bati'ri' ha'm Jan'ada'ryada qaraqalpaq xani' bolg'an Nurtay haqqi'nda tariyxi'y derekler «Shejire»de wog'ada ko'p.

Soni'n' menen birge Jan'ada'rya da'wirinde qaraqalpaq basshi'lari'ni'n' arasi'nda Wori'nbay biy ati' da belgili boli'p, woni'n' saldi'rg'an qalasi'ni'n' qaldi'qlari' yelege shekem Jan'ada'rya ha'm Quwanda'rya boylari'nda saqlani'p tur.

A'miwda'rya boylari' menen Jan'ada'rya jag'alari' bul waqi'tta suw joli' menen de baylani'sqan yedi. Qaraqalpaqlardi'n' qon'i'rat ruwi'na kirgen qa'wimleri bul da'wirde A'miwda'rya boylari'nda, yeski Ko'ko'zek boylari'n ma'kan yetip diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q, bali'qshi'li'q ha'm wo'nermentshilik penen shug'i'llani'p, Xiywa xanlari' menen ti'g'i'z baylani'slar wornata baslag'an. Qaraqalpaqlardi'n' Jan'ada'ryada woti'rg'an topari'ni'n' bir bo'legi Xorezmge qaray ko'shiwdin' ta'repdarlari' bolg'an. wolar Xiywa xanlari'nan jer ali'p, wo'z awi'llari' menen ko'ship kele baslag'an.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Da'slep Aralda, son' Xiywada xan bolg'an Xiywa xani'n ani'qlan'?
2. Aralli'lar ha'm qaraqalpaqlar ha'r qaysi'si' Nadir shaxqa qansha a'sker ji'ynap bergen?
3. Muxammed inaq da'wirinde siyasiy islerge ha'm wo'z a'skerleri menen Xiywa qaramag'i'nda kimler uri'slarg'a qatnasqan?
4. Qaraqalpaqlar Jan'ada'rya ha'm Quwanda'rya boylari'na qaysi' da'wirden baslap wornalasqan?
5. Qaraqalpaqlar XVIII a'sirdin' 40—60-ji'llari' kimlerge qarsi' uri'slar ali'p barg'an?
6. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' ma'mleketshilik tariyxi'nda Nurtay bati'r, Qosnazar bati'r, Maman bati'r si'yaqli' bati'rlari' bolg'an. Wolar qanday shi'g'armalarda sa'wlelengen?
7. Jan'ada'rya boylari'nda qaraqalpaqlardi'n' qanday qalalari'n bilesiz?

## §5. Qaraqalpaqlardi'n' XVIII a'sirdegi ja'miyetlik turmi'si', xojali'g'i'. Qaraqalpaqlardi'n' turmi'si' ha'm ma'deniyati'

Qaraqalpaqlar XVIII a'sirdin' 40-ji'llardag'i' tariyxi'y hu'jjetlerdin' ko'rsetiwi boyi'nsha birqansha ruwlardan ibarat bolg'an. Qaraqalpaqlar arasi'nda bolg'an belgili rus sayaxati'shi'si' D. Gladishev qaraqalpaq ruwlari'ni'n' birqanshasi'n atap ko'rsetedi. Wolardi'n' bergen mag'luwmati' boyi'nsha qaraqalpaqlar arasi'nda: qon'i'rat, mu'yten, jalayi'r, xoja, qi'tay, keneges, man'g'i't, qi'pshaq, u'ysin, yabi', qi'yat, ha'm t.b. ruwlari'ni'n' barli'g'i'n bildiredi.

XIX a'sirdegi tariyxi'y hu'jjetlerden belgili boli'wi'nsha qaraqalpaqlardi'n' qurami'nda won to'rt ruw atamasi' menen belgili bolg'an ruwlar boli'p, wog'an qi'tay, qi'pshaq, man'g'i't ha'm

kenegesler kirgen. Bul ruwlardi'n' won to'rt ruw ati' menen atali'wi' wolardi'n' Xiywa xanli'g'i'ndag'i' wo'zbekler menen baylani'si'ni'n' na'tiyjesinde bolg'an. «Won to'rt ruw» atamasi' menen belgili bolg'an ruwlar wo'zbekler qurami'nda XVII a'sirden Xiywa xani' Abulg'azi' zamani'nda-aq belgili bolg'an.

XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'ndag'i' mag'luwmatlar boyi'nsha «Won to'rt ruw» qurami'na qi'pshaq ruwi' da kirgen. Ha'rbir ruwdi'n' basi'nda biyleri bolg'an. Biylerdin' ha'kimiyati' atadan balag'a wo'tip woti'rg'an. Biylerdin' abi'royi' qaraqalpaqlarda ju'da' joqari' bolg'an. Solar menen birge qaraqalpaqlar turmi'si'nda xojalar, shayxlar, seyidler, abi'zlar u'lken hu'rmetke iye bolg'an. Abi'zlar wo'z zamani'ni'n' sawatli', bilimli adamlari' bolg'an.

Tariyxi'y hu'jjetlerge sa'ykes qaraqalpaqlar arasi'nda xanli'q ha'kimiyat bolg'anli'g'i' haqqi'nda mag'luwmatlar wog'ada ko'p. Xanlardi'n' atlari' tiykari'nan wolardi'n' wo'z xalqi' ati'nan ju'rgizgen ko'plegen diplomatiyali'q jumi'slarg'a qatnasi'wlari' na'tiyjesinde du'zilgen ha'rqanday hu'jjetlerde keltirilgen. Wo'zbekler, qazaqlar ha'm basqa da Worta Aziya xali'qlari' si'yaqli' qaraqalpaqlarda da xanli'q ha'kimiyati' a'yyemgi da'wirlerden baslang'an.

XVIII a'sirdegi hu'jjetlerdin' birinde qaraqalpaqlar arasi'nda Kushuk xanni'n' bolg'anli'g'i' tuwrali' mag'luwmatlar bar.

XVIII a'sirdin' hu'jjetleri arasi'nda qaraqalpaqlardi'n' sultanlari'ni'n' biri Taburshak sultan ha'm woni'n' Xiywa xanli'g'i'ni'n' islerine aralasqanli'g'i' tuwrali' jazi'lg'an.

1709-ji'lg'i' hu'jjet boyi'nsha Taburshak sultanni'n' balasi' Qayi'p sultan bar. Soni'n' menen birge qaraqalpaqti'n' xani' bolg'an I'ri's Muxammed (Ri'smambet) tuwrali' ayti'ladi'.

1722-ji'lg'i' hu'jjetler boyi'nsha qaraqalpaqlardi'n' xani' Ishim Muxammedtin' ati'n ko'remiz. Wol rus imperatori' Petr I menen xat ali'sqan sawda baylani'si'n wornatqan.

XVIII a'sirdegi qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'nda jawgershilikler ko'p boli'p turg'an. Sonli'qtan da qaraqalpaqlarg'a qon'si' ma'mleketlerden ko'plegen tutqi'nlar tu'sken. Bul tuwrali' ko'plegen tariyxi'y hu'jjetler saqlang'an. Bular negizinen uri's bendeleri boli'p, wolardi'n' ko'pshiligin ruslar, qalmaqlar ha'm basqa da «musi'lman yemes» adamlar qurag'an. Uri'sta qolg'a tu'sken tutqi'nlar bayli'q si'pati'nda sanali'p, a'dette ruw yaki

qa'wimnin' basshi'lari'na tapsi'ri'lg'an. Qaraqalpaqlardag'i' qullar basqa xali'qlardag'i'day u'y xi'zmetlerinde paydalani'lg'an. Qaraqalpaqlar arasi'ndag'i' qullardi'n' geypara wo'zgeshelikleri bolg'an. Wolar wo'z xojeyinlerinen yerkinlikke shi'g'i'p ha'tte sol jerlerde u'ylenip qalg'an. Qaraqalpaqlar arasi'nda XIX a'sirde qul awi'llari' bolg'anli'g'i' tuwrali' ayti'wg'a boladi'. Wolar keyinshelik jergilikli xali'qlar menen aralasi'p sol jerdin' tilin ha'm da'stu'rin qabi'l yetken.

**Diyqanshi'li'q.** XVII a'sirdin' yekinshi yari'mi'nan baslap qaraqalpaqlardi'n' bir bo'legi Si'rda'ryani'n' ten'izge quyatug'i'n to'mengi ha'm worta ag'i'mi'nda jasag'an. Wolardi'n' woti'rg'an jerleri yen' a'yyemgi waqi'tlardan baslap diyqanshi'li'q ushi'n qolayli' qunarli' jerler bolg'an. Wolar (qaraqalpaqlar) bul jerdegi u'lken qalalar a'tirapi'nda jasap diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q, wo'nermentshilik ha'm basqa da xojali'qti'n' tu'rleri menen shug'i'llang'an.

XVIII a'sirdin' birinshi yari'mi'nda rus sayaxatshi'lari' D. Gladishev ha'm N. Muravin qaraqalpaqlardi'n' arasi'na kelip, wolardi'n' diyqanshi'li'q penen shug'i'llanatug'i'nli'g'i'n atap ko'rsetken. Wolar batpaqli'q jerlerdi qurg'ati'p u'lken irrigaciyali'q jumi'slar ju'rgizgen. Jan'ada'rya ha'm Quwanda'rya boylari'nda quri'lg'an ko'p sanli' irrigaciyali'q quri'li'slardi'n' bolg'anli'g'i'n ko'plegen sayaxatshi'lar jazi'p qaldi'rg'an.

Qaraqalpaqlar Si'rda'ryani'n' yeki ta'repinde de jasap diyqanshi'li'q yetken. Wolar bul jerde g'a'lle (biyday) arpa, tari', sali' ha'm basqa da yeginler yekkenligin, wo'ndirilgen g'a'lleden wo'z talaplari'n qanaatlandi'ri'w menen birge, awi's-qanlari'n qon'si' qazaqlarg'a malg'a almasti'ratug'i'nli'g'i'n atap ko'rsetken.

Qaraqalpaqlardi'n' yen' a'yyemgi da'wirden baslap ku'n ko'risinin' biri sharwashi'li'q penen baylani'sli' bolg'an. Sharwashi'li'qqa qolayli' bolg'an jerler Si'rda'ryani'n' ha'm A'miwda'ryani'n' to'mengi yeteklerinde wog'ada ko'p bolg'an. Qaraqalpaqlar woti'ri'qshi' turmi's keshirgenlikten u'lken aymaqlarg'a ko'ship qoni'p ju're almag'an. Sonli'qtan da wolar qi's aylari'na kerekli bolg'an wot-sho'p negizlerin tayarlawi' kerek bolg'an. Si'rda'rya boylari'nda, Aral ten'izi jag'alari'nda qali'n' qami's ha'm pishenlerge toli' jerler wog'ada ko'p bol-

g'an. Sonli'qtan mallardi'n' yen' tiykarg'i azi'g'i' wolar ushi'n qami's bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' ata-babalari'ni'n' yen' jaqsi' ko'rip asi'rag'ani' iri qara mal bolg'an. Qara mal wolar ushi'n azi'q-awqat si'pati'nda ashli'qtan saqlag'an. Soni'n' menen birge wolardi'n' xojali'g'i'nda qoylar ha'm yeshkiler bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'nda at wo'siriw u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Atlardi' xojali'q ju'rgiziwde, transportta, a'skeriy maqsetlerde ken'nen paydalang'an. Atlardi' arbalarg'a qosi'p, ko'lik maqsetinde paydalang'an. Soni'n' menen birge u'y xojali'g'i'nda yesheklerden de paydalang'an. Qaraqalpaqlarda sonli'qtan at arba, yeshek arba dep atalg'an arba tu'rleri ken'nen saqlang'an.

Qaraqalpaqlarda XVII—XVIII a'sirlerdegi wo'nermentshilik jag'daylari' tuwrali' mag'luwmatlar ju'da' az ha'm geypara dereklerde qarama-qarsi'. 1698-ji'lg'i' hu'jjetlerdin' ko'rsetiwi boyi'nsha qaraqalpaqlar Si'rda'ryani'n' to'menindegi qalalarda jasap, wolardi'n' wo'zleri ta'repinen qorg'asi'n, mi's, selitra wo'ndirip shi'g'arg'an. Basqa bir hu'jjetlerde rudalardi' yeritiw ha'm da'rilerdi islep shi'g'ari'w Buxaradan kelgen tutqi'nlar ta'repinen a'melge asi'ri'ladi' dep jazi'lg'an. Qaraqalpaqlar woti'rg'an aymaqlarda, atap aytqanda Qaratawda a'yyemgi da'wirlerden-aq qorg'asi'n islep shi'g'aratug'i'n wori'nlar bolg'an. XVIII a'sirde jasap wo'tken Rossiyani'n' belgili ma'mleketlik g'ayratkeri I. Kirillov Si'rda'ryani'n' boylari'nda qaraqalpaqlar qazaqlar menen birge bul jerdegi tawlardan qorg'asi'n wo'ndirip shi'g'arg'anli'g'i'n ha'm wolardan woqlar quyg'anli'g'i'n aytqan. Qaraqalpaqlardi'n' bul da'wirde ha'm wonnan buri'nda da Si'rda'rya boyi'ndag'i' a'yyemgi qalalari' bolg'an. Tu'rkstan, Si'g'naq, Sayram qalalari' menen baylani'sta boli'wi' wolardi'n' turmi'si'nda wo'nermentshiliktin' rawajlani'wi'na u'lken jag'day jasag'an. Sebebi, bul qalalar worta a'sirlerde belgili wo'ner-ka'sip woraylari' boli'p, Worta Aziyani'n' Samarqand, Buxara, Xiywa ha'm basqa da qalalari' menen bekkem baylani'sta bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' wo'nermentshilik islerinde kiyiz basi'w, gilem toqi'w, keste, bas kiyimi tigiw si'yaqli' isler ko'p bolg'an. A'sirese teri iylep, bi'lg'ari' jasap, wonnan ha'r tu'rli zatlar yer

turmanlari'n islegen. Sonday-aq, ag'ash ustalari', temir ustalari' bolg'an. Wolar xali'qqa za'ru'r bolg'an kerekli zatlardi' islegen.

Qaraqalpaqlar arasi'nda bul da'wirde sawda qatnasi'qlari' ha'wij ala baslag'an. Sawdagerler tuwrali' awi'zeki xali'q do'ret-pelerinde ko'plegen mag'luwmatlar saqlang'an. Sawda xojali'q turmi'si'n ko'teriwde u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Wolar XVIII a'sirde Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa ha'm t. b. qalalar menen sawda islegen. Wolar woti'rg'an aymaqlardan sawda ka'rwanlari' Rossiyag'a, Qi'tayg'a ha'm basqa da yellerge wo'tip turg'an. Rossiya ta'repinen Orenburg sawda liniyasi'ni'n' quri'li'wi' bul qalani'n' Worta Aziya arqali' sawda qatnasi'-g'i'ni'n' arti'wi'na ali'p kelgen. Yendi Worta Aziyadan Oren-burgqa sawda ka'rwanlari' tez-tez jiberilip turi'lg'an. Qaraqal-paqlar usi' qolayli' jag'daydan paydalana bildi ha'm buni'n' ayqi'n mi'sali' yetip 1722-ji'lg'i' mi'n' tu'yeden ibarat bolg'an sawda ka'rwani'n jibergen. Bul ka'rwan sol waqi'ttag'i' siyasiy jag'daylarg'a baylani'sli' jolda irkilgen. Usi' ji'li' ka'rwanlardi'n' yelshileri Rossiyag'a kelip, yeki yel arasi'nda sawda baylani's-lari'ni'n' qa'wipsizligin ta'miyinlewge yerisedi.

Qaraqalpaqlar wo'zlerinin' wo'ndirgen zatlari' menen birge wolar buxarali' sawdagerlerdin' arasi'nda da'lda'lshilik xi'zmetin de wori'nlag'an. A'sirese, wolar Buxara ha'm basqa qalalarda wo'ndirilgen qural-jaraqlardi' ali'p satqan.

Qaraqalpaqlar ha'm qazaqlar arasi'ndag'i' sawda baylani'slari' XVIII a'sirde ku'shli bolg'an. Qazaqlarda sharwashi'li'q tu'rleri: qoy wo'siriw ha'm tu'yeshilik bolsa, al qaraqalpaqlarda: diyqan-shi'li'q ha'm iri qara mal wo'siriwshilik bolg'an. Bul jag'day qazaqlar menen qaraqalpaqlardi'n' xojali'q zatlari'ni'n' alma-si'wi'n talap yetken ha'm yeki xali'q arasi'nda sawda baylani's-lari'ni'n' ku'sheyiwine ali'p kelgen.

Qaraqalpaqlar arasi'nda bul da'wirde islam dini Xojaaxmet Yassawiy ta'limatlari' ken' taralg'an. Meshit medreseler quri'l-g'an. Xojalardi'n' roli ku'sheygen. Islam dini menen birge zardushtiylik dini qaldi'qlari' saqlang'an.

XVIII a'sirdegi qaraqalpaqlardi'n' kiyim-kenshekleri ha'zirgi qaraqalpaqlardi'n' kiyimlerinen ayi'ri'm wo'zgesheliklerge iye bolg'an. Wol da'wirde qaraqalpaqlar basi'na qoy terisinen ju'nin si'rti'na qarati'p tigilgen bas kiyim kiygen. Bul bas kiyimler sho'girme yamasa qurash dep atalg'an. Ilimpazlardi'n' ayti'wi'na

qarag'anda qaraqalpaqlar usi'nday bas kiyim kiygenligi sebepli «qaraqalpaqlar» dep atalg'an. Bul bas kiyimlerden basqa taqi'ya dep atalg'an bas kiyim bolg'an. Wolar wo'zinin' wo'zgesheligi menen basqa xali'qlardi'n' kiyimlerinen ayi'ri'li'p turg'an. U'stki kiyimlerden ko'ylek, ishtan bo'zden toqi'lg'an gezlemeden islengen. Shekpen tu'ye ju'ninen, shapan paxtadan islengen. Qi'sti'n' ku'nleri qoy terisinen tigilgen ton kiyetug'i'n bolg'an. Bul da'wirde hayal-qi'zlar kiymeshek dep atalg'an kiyim kiyetug'i'n bolg'an. Kiymeshek bul ju'da' suli'w yetip bezelgen, aldi' betinde kelinshektin' beti turatug'i'nday ashi'q bolg'an. Qi'zi'l tawardan tigilgen kiymeshekti turmi'sqa shi'g'i'p ati'rg'an qi'z wo'zinin' a'kesinin' u'yinde tayarlap, ku'yewinin' awi'li'na kelgen waqi'tta kiyetug'i'n bolg'an. Qi'zlar turmi'sqa shi'g'aman degenshe basi'na sa'wkele kiyip ju'rgen. Biraq sa'wkeleni ha'mme yemes, al tek g'ana baydi'n' qi'zlari' kiyetug'i'n bolg'an. Hayal-qi'zlar ko'binese qi'zi'l ha'm ko'k tu'rdegi ko'yleklerge qi'zi'g'atug'i'n bolg'an. Bunday kiyimler tiykari'nan bo'z tawarlardan tigilgen.

Bul da'wirde qaraqalpaqlar arasi'nda folklorli'q shi'g'armalar u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Xali'q toy-merekelerde ha'm basqa da jiyi'nlarda folklorli'q miyraslardi' ayti'w arqali' kewil ko'tergen. Bunday folklorli'q shi'g'armalardan an'i'zlar, da'stanlar, yertekler, qosi'q ha'm tolg'awlar, naqi'l ha'm maqallar, jan'i'ltpashlar, ha'r qi'yli ayti'slar, ku'ldirgi so'zler bulardi'n' barli'g'i' xali'qti'n' ruwxi'y azi'g'i' bolg'an. Usi' folklorli'q miyraslar arqali' xali'q jas a'wladqa wo'zinin' da'stu'rlerine sa'ykes ta'rbiya bergen. An'i'z ha'm da'stanlar, yertekler tu'rinde xali'qti'n' tariyxi' atadan-balag'a berilip kelgen. A'sirese xali'qti'n' tariyxi'n u'yreniwge u'lken itibar berilgen. Ha'rbir adam wo'zinin' ruwi'n, jeti atasi'na shekemgi babalardi'n' kim yekenligin biliwi sha'rt bolg'an. Ha'r ruwdi'n' shejiresi bolg'an. Shejireshiler ha'rqanday adamni'n' babalari'ni'n' kim yekenligin ha'm wolardi'n' qanday adam bolg'anli'g'i'n ayti'p beretug'i'n da'rejede mag'luwmatqa iye bolg'an.

Xali'q arasi'nda baqsi'lar u'lken hu'rmetke iye bolg'an. Xali'qti'n' arasi'ndag'i' ha'rqanday toy-merekeler baqsi'lardi'n' qatnasi'wi'nda wo'tkerilgen. Ha'rqanday baqsi' sol da'wirdegi xali'qqa belgili bolg'an namalardi' duwtarda atqari'p, da'stanlardi' ha'm xali'q qosi'qlari'n keshten baslap tan' atqansha

ti'nbastan, bir qosi'qti' yeki ma'rte qaytalamastan aytatug'i'n bolg'an. Ji'rawlar da bul da'wirde u'lken abi'rayg'a iye bolg'an. Ji'rawlar qobi'zdi'n' namasi'na sali'p xali'q arasi'ndag'i' da's-tanlardi' ta'sirli tu'rde atqaratug'i'n bolg'an. Bul da'wirde ji'rawlar Alpami's, Yedige, Qoblan, Qi'rq qi'z t.b. da'stanlardi' xali'q arasi'nda ken'nen ji'rlag'an. Qaraqalpaqlardi'n' arasi'n-dag'i' tolg'awlar tiykari'nan ji'rawlardi'n' atqaratug'i'n qosi'q-lari'nan boli'p yesaplang'an.

**Jiyen ji'raw Amanli'q uli' (1730—1784).** XVIII a'sirdegi belgili bolg'an ataqli' ji'rawlardi'n' biri, qaraqalpaq a'debiya-ti'ni'n' ko'rnekli wa'kili. Wol qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' rawajlani'wi'na salmaqli' u'les qosqan talantli' shayi'rlardi'n' biri. Woni'n' shi'g'armalari' bizin' ku'nimizge shekem awi'zsha tu'rde jetip kelgenligi sebepli woni'n' shi'g'armalari'ni'n' az g'ana bo'limi bizge miyras boli'p qalg'an. Woni'n' bizge jetip kelgen tolg'awlari' «Posqan yel», «Ulli' taw» poemalari'ni'n' mazmuni' Jiyen ji'rawdi'n' teren' woyli', sheber so'zli shayi'r yekenligin ko'rsetedi.

Wol wo'zinin' shi'g'armalari' arqali' wo'zinin' jasag'an da'-wirindegi xali'qti'n' awi'r ta'g'dirine da'rtles boli'w arqali' xali'qti' jigerli boli'wg'a jeteleydi. Woni'n' «Posqan yel», «Ulli' taw» shi'g'armalari' xali'qti'n' basi'nan keshirgen jawgershilik azaplari'n su'wretleydi. Bul shi'g'armalari' tariyxi'y waqi'ya-lardi'n' ta'riyipleniwi tariyxi'y derek retinde bu'gingi a'wlad ushi'n wog'ada a'hmiyetli.

Wol zamani'nda qaraqalpaq da'stani' Yedige, Qoblan, Alpa-mi's, Qurbanbek, Qi'rq qi'z da'stanlari'n xali'q arasi'nda ji'rla-g'an. Ilimpazlardi'n' pikirine qarag'anda «Qi'rq qi'z» da'stani' da'slebinde «Gu'layi'm» da'stani' dep atalg'an. Woni' xali'q an'i'zlari' XVIII a'sirde bolg'an qalmaqlar shabi'wi'li' ha'm Nadir shax basi'p ali'wi'na qarsi' xali'q gu'resi ha'm wo'zinin' fantaziyasi' tiykari'nda Jiyen ji'raw do'retken.

Jiyen ji'raw Qaraqalpaqstan aymag'i'nda, O'zbekistanni'n' Samarqand, Buxara jerlerinde ji'rawshi'li'q yetken. Woni'n' qa'biri yeski Ko'ko'zek boyi'nda Qabaqli' ata qoyi'mshi'li'-g'i'nda saqlang'an. Woni'n' qa'birine qaraqalpaq ma'deniya-ti'ni'n' iri wa'kili retinde respublikami'z ta'repinen yestelik wornati'lg'an.

*Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:*

1. Rus sayaxatshi'lari' qaraqalpaqlarda qanday ruwlardi'n' bar bolg'anli'g'i'n ko'rsetedi?
2. Qaraqalpaqlardi'n' xanlari' haqqi'nda ne bilesiz?
3. Qaraqalpaqlar Jan'ada'rya boylari'nda qanday yeginler yekken?
4. Wo'nermentshilik, sawda tuwrali' qanday mag'luwmatlar bar?
5. Qaraqalpaqlarda bul da'wirde islam dini menen birge qanday diniy inani'mlar saqlang'an?
6. Qaraqalpaqlardi'n' qanday kiyimleri bolg'an?
7. Qaraqalpaqlardi'n' XVIII a'sirdegi da'stanlari'n atap wo'tin'?
8. Jiyen ji'rawdi'n' qanday tariyxi'y shi'g'armalari'n bilesiz?

## §6. Qaraqalpaqlar Xiywa xanli'g'i' qurami'nda (1810—1873)

XVIII a'sir dawami'nda Aral qaraqalpaqlari'ni'n' sani' Si'rda'rya qaraqalpaqlari'ni'n' ko'ship keliwi yesabi'nan ko'beyip woti'radi'. A'sirese qaraqalpaqlardi'n' Xiywa xanli'g'i' aymag'i'na ko'ship wo'tiwi Xiywada XVIII a'sirdin' aqi'rlari'nda qon'i'ratlar dinastiyasi'na tiykar sali'ng'annan keyin ko'beydi. Dinastiya tiykari'n sali'wshi' Muxammed A'min inaq ha'kimiyatti' qolg'a alg'an son' qaraqalpaqlardi'n' qon'i'rat ari'si' ruwlari' Jan'ada'ryadan A'miwda'ryani'n' bir shaqabi' Ko'ko'zektin' boylari'na kelip wornalasadi'.

Wolar keliwden-aq Xiywa xanli'g'i' siyasiy islerinde belsene qatnasadi'. Muxammed A'min inaq Xiywag'a kelgen qaraqalpaqlardi'n' biylerin xoshametlew arqali' wolardi' siyasiy islerge tarti'p, wolardi'n' a'skeriy ku'shlerinen tu'rkmenlerge qarsi' uri'sta paydalang'an. Yesengeldi biy, Qurbanbay biy, Amanqul biy ha'm G'ayi'p bahadi'rlar Muxammed A'min inaqqa sadi'q xi'zmet yetken. Bulardan son' Aydos biy Xiywa xanli'g'i'na ruwlaslari' menen birge ko'ship keliwi menen Muxammed A'min inaqqa xi'zmetke wo'tedi. Aydos Muxammed A'minnin' quwatlawi' menen Xiywa xanli'g'i'nda jasawshi' qaraqalpaqlardi'n' ha'kimi boladi'. Xiywa xanli'g'i'nda xi'zmet yetiwshi qaraqalpaq biyleri g'a'rezsiz jasap ati'rg'an Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'n Xiywa xanli'g'i' ta'repinen bag'i'ndi'ri'li'wi'na ja'rdem beredi. A'sirese, bul islerde Aydos biy belsendilik ko'rsetedi. Wol bul isi menen bir jag'i'nan xang'a jag'i'nsa,

yekinshi jag'i'nan wo'zine bag'i'ni'shli' qaraqalpaqlardi'n' sani'n ko'beytiwge qi'zi'qqan.



Xiywa xani' Muxammed Raxim xan.

Xiywa xani' Yeltuzer da'wirinde qaraqalpaqlardi' ha'm basqa da xali'qlardi' Xiywa xanli'g'i'na bag'i'ndi'ri'p bir ma'mleket quri'w siyasati'n ju'rgizgen. Xiywa xanlari' qaraqalpaqlardi' xanli'qti'n' ishki islerine aralasti'ri'wg'a u'lken ha'reketler islegen. Wolardi' ha'r tu'rli si'yli'qlar menen si'yli'qlag'an. Wolarg'a ha'r tu'rli joqari' ha'meller bergen.

Usi' da'wirde Xiywa xanli'g'i'ni'n' siyasiy jag'dayi'na ta'sir yetken aralli'lardi'n' ko'terilisi payda boladi'. Wog'an ko'terilistin' worayi', Qon'i'rat ha'kimi To'remurat suwpi' basshi'li'q yetedi. Wolar wortasi'nda uri's uzaq dawam yetedi. Bul ko'terilis Xiywa xanli'g'i'ni'n' birigip bekkem ma'mleketke aylani'wi' ushi'n jigerli xi'zmet yetken Xiywa xani' Muxammed Raxim xan (1806—1825) ta'repinen basti'ri'ladi'. Muxammed Raxim xan 1806-ji'li' To'remurat suwpi'dan Qon'i'rat qalasi'n tarti'p ali'wg'a yerisedi. Biraq To'remurat suwpi' Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' ja'rdemi menen Qon'i'ratti' qaytadan iyeleydi.

To'remurat suwpi'ni'n' basshi'li'g'i'ndag'i' aralli'lardi'n' Xiywag'a qarsi' gu'resinde Jan'ada'rya qaraqalpaqlari' quwatlap ha'r qi'yli' ja'rdemler berip turadi'. Sol sebepli, Xiywa xani' Muxammed Raxim xan Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'n bag'i'ndi'rmay turi'p, aralli'lardi'n' ko'terilisin jen'iw mu'mkin yemes yekenligin tu'sinedi. Usi' maqsette wolar Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'na, wonnan keyin Aral ten'izinin' boyi'ndag'i' qaraqalpaqlarg'a qarsi' a'skeriy ha'reketler sho'lkemlestirgen. Muxammed Raxim bul islerdi a'melge asi'ri'wda qaraqalpaqti'n' basshi' toparlari'n wo'z ta'repine qarati'wg'a u'lken ha'reketler islegen. Soni'n' biri belgili qaraqalpaq biyi Aydos biy bul da'wirde

Xiywa xani' Muxammed Raximge u'lken ja'rdem ko'rsetken. Wol Berdaq shayi'rdi'n' «Shejire»sinde aytqani'nday qaraqalpaqlardi'n' bir bo'limin Jan'ada'ryadan ko'shirip ali'p keliwde Xiywa xani' Muxammed Raximge u'lken ja'rdem ko'rsetken.

Muxammed Raxim da'wirinde qaraqalpaqlarg'a ha'm Aral boyi'nda woti'rg'an xali'qlarg'a birneshe ret topi'li'slar uyi'mlasti'ri'ldi'. Qaraqalpaq awi'llari' at aldi'na sali'ni'p neshshe ju'zlegen gu'nasi'z adamlar Xiywa xani'ni'n' la'shkerlerinin' aldi'nda qi'rg'i'ng'a ushi'radi'. Soni'n' menen birge wo'zinin' qol asti'ndag'i' qaraqalpaqlar arasi'nda wo'z ha'kimiyati'n bekkemlewge u'lken itibar beredi. Wo'zine bag'i'ni'shli' qaraqalpaqlar arasi'nda u'stemlilikti bekkemlew maqsetinde XIX a'sirdin' baslari'nda Aydos biyge Aqjag'i's degen jerde Ko'ko'zektin' boyi'na qorg'an sali'wg'a ruqsat yetedi. Son'i'nan bul qala Aydosqala dep atalg'an. Bul qorg'an Xorezm oazisinen Jan'ada'ryag'a baratug'i'n ka'rwan jol wo'tetug'i'n jerde jaylasqan. Bul qorg'an Xiywa xanli'g'i'ni'n' aralli'larg'a qarsi' gu'resinde a'hmiyetli tirek bolsa, yekinshi jag'i'nan Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'na qarsi' basqi'nshi'li'q bazasi'na aylang'an.

Sol da'wirdegi waqi'yalardi' wo'zinin' ko'zi menen ko'rgen tariyxshi' Shermuxammed Munistin' jazi'wi' boyi'nsha Jan'ada'rya boyi'nda jasawshi' qaraqalpaqlardi'n' qi'tay ruwi' Buxara a'miri Xaydardi'n' qarawi'na wo'tiwge ant berip, Xiywa xani'ni'n' qaramag'i'nan shi'qti' ha'm bag'i'ni'wdan bas tartti'. Wolardi' bag'i'ndi'ri'w ushi'n Xiywa xani' Qutli'murat inaqti' a'skerleri menen jiberdi. Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' bir bo'limi Xiywa xanli'g'i' aymag'i'na ko'ship wo'tiwi menen Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' a'skeriy ku'shi azayi'p, bul jerdegi qaraqalpaqlardi'n' a'zzilewine ali'p keledi.

Jan'ada'rya boyi'nda negizgi qaraqalpaqlardi'n' won to'rt ruwi', yag'ni'y qi'tay, qi'pshaq, keneges ha'm man'g'i't ruwlari'nan quralg'an qaraqalpaq basshi'lari'ni'n' Xiywa xanli'g'i'na wo'tiw ma'selesinde bir pikir bolmadi'. 1807-ji'li' Xiywa a'skerlerinin' Jan'ada'rya boyi'ndag'i' qi'tay ruwlari'na jasag'an atlani'si'nan son' Wori'nbay biy basshi'li'g'i'ndag'i' bir neshe mi'n' u'yli man'g'i't ruwi' Buxara puxarali'g'i'n aladi'. Buxara a'miri bul qaraqalpaqlardi' Xiywa xanli'g'i' topi'li'si'nan qorg'aw maqsetinde a'sker jibermeydi ha'm Wori'nbay biy 1809-ji'li' Muxammed Raxim xan topi'li'si'nan qa'weterlenip, Xiywa

puxarali'g'i'na qabi'l yetiwdi wo'tinish yetiwge ma'jbu'r boladi'. Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' ja'ne bir bo'limi Maman biy basshi'li'g'i'ndag'i' keneges ruwi', Yesengeldi basshi'li'g'i'ndag'i' bessari' ruwi', Toqtapolat biy basshi'li'g'i'ndag'i' qi'pshaqlar qazaq xani' Abdulg'azi'ni'n' qarawi'na wo'tpekshi boladi'. Wolar wo'zlerinin' yelshilerin qazaq xani' Abulg'azi'g'a jiberedi. Buni' yesitken Xiywa xani' atlani'sti' tezlestiredi. 1810-ji'li' 7-dekabrde xan Ko'ko'zektin' jag'asi'na kelgende wog'an Wori'nbay biydin' yelshileri kelip, Wori'nbay biydin' basshi'li'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlardi'n' mang'i't ha'm qi'pshaq ruwlari' Xiywa xanli'g'i'na bag'i'ng'anli'g'i'n bildiredi. Muxammed Raximxan wolardi'n' tilegin qabi'l ali'p, wolar Ko'ko'zek penen Shi'lpi'q arali'g'i'ndag'i' jerlerge qoni'slasadi'. Wori'nbay biy menen Yerdan biyge Ko'kko'z biy de qosi'ladi' ha'm wo'z biyligindegi qaraqalpaqlardi' ko'shirip ali'p keledi. Qalg'an biyler Maman, Yesengeldi ha'm Toqtapolat biyler Xiywa xani'na bag'i'nbay, qazaq xani'na quralli' ja'rdem ko'rsetiwin wo'tinish yetedi. Biraq wolardi'n' wo'tinishi wori'nlanbay qaladi'. 1810-ji'li' dekabr ayi'ni'n' aqi'rlari'nda Xiywa xani' u'sh mi'n' a'skeri menen bag'i'nbay ati'rg'an Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' bekinisine jetip keledi. Usi' atlani'sta qaraqalpaqlardan Aydos, Keshenek ha'm Wori'nbay biyler yelshilik xi'zmetin atqaradi'. Wolar bul qaraqalpaqlardi' Xiywa xanli'g'i' qurami'na wo'tiwge ha'm wol jerdegi qaraqalpaqlarg'a qosi'li'wg'a u'gitlegen. Usi'layi'nsha bo'lingen son' qalg'an bo'limi Xiywa xanli'g'i' qurami'na wo'tedi. Muxammed Raxim xan Aydos biy menen Aymurza biylerge Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'n bag'i'ndi'ri'wg'a ko'rsetken ja'rdemi ushi'n si'yli'q beredi. Al, Maman biyden basqa Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' biylerine wo'z ruwlari'n basqari'w ushi'n jarli'q beredi. Maman tuwrali' xali'q arasi'nda ju'da' ko'p tariyxi'y mag'luwmatlar bar. Wolarda Maman biydin' a'dilligin, sheshenligin, woni'n' yel ma'pi ushi'n ju'rgizgen gu'resleri tuwrali' ayti'lg'an.

Solay yetip, qaraqalpaqlardi'n' Jan'ada'rya boyi'nda woti'rg'an bo'legi, Aral ten'izinin' jag'alari'nda, A'miwda'ryani'n' yeteklerinde woti'rg'an barli'q qaraqalpaqlar Xiywa xanli'g'i'ni'n' qaramag'i'na wo'tti. Bul jag'day Xiywa xanlari' ta'repinen jawlap ali'w na'tiyjesinde bolsa da buri'nnan usi' jerde jasap

ati'rg'an qaraqalpaqlardi'n' da bir aymaqqa birlesiwinde a'h-miyetli is boldi'.

Qaraqalpaqlar menen awqamlas boli'wg'a talpi'ng'an To'remurat suwpi' Jan'ada'rya ha'm Aral boyi' qaraqalpaqlari'ni'n' quwatlawi'nan ayi'ri'li'p qalg'an son' woni'n' a'skeriy ku'shi a'zzilep qaladi'. Birneshe ma'rtebe atlani'slardan keyin 1811-ji'li' Qon'i'rat qalasi' Muxammed Raximxan a'skerleri ta'repinen basi'p ali'ng'an. Wonnan keyin To'remurat suwpi' wo'ltirilgen. To'remurat suwpi' aralli' wo'zbeklerdi birlestirip, Qon'i'rat qalasi'n bas qala yetip wo'z aldi'na xanli'q quri'w ushi'n ko'p waqi't hareket yetken yedi.

Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' A'miw jag'alari'na Xiywa xanli'g'i' qurami'na wo'tiwi menen Xiywa xanli'g'i'ni'n' bir worayg'a biriktiriliwi ha'm qaraqalpaqlardi'n' birigiwi iske asi'ri'ladi'.

Xiywa xanli'g'i'nda u'stemlik yetken xanlar qon'i'rat dinastiyasi'nan shi'qqan xanlar bolg'an. Xiywa qalasi' A'miwda'rya boylari'ndag'i' yen' u'lken tariyxi'y qala bolg'an. XVIII—XIX a'sirlerde qaraqalpaqlar Xiywa xanli'g'i' menen ti'g'i'z ekonomikali'q ha'm siyasiy baylani'slarg'a iye boli'p turg'an. XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda ha'm wortalari'nda Rossiya imperiyasi' Worta Aziya jerlerin a'skeriy ha'm geografiyali'q jaqtan izertlewge u'lken itibar berdi. Usi' maqsetti a'melge asi'ri'w ushi'n 1848-ji'li' Aral ekspediciyasi' sho'lkemlestirildi. Buni'n' basshi'si' yetip kapitan Aleksey Butakov tayi'nlandi'. Woni'n' ekspediciyasi' Aral ten'izin ha'r ta'repleme izertlewge kiristi. Na'tiyjede Aral ten'izinin' kartasi' du'zildi. Kapitan Aleksey Butakov a'skeriy ekspediciyasi' Aral ten'izi jag'alari'n su'wret yetip si'zdi'. Aral ten'izi haqqi'nda ko'plegen maqalalar jazdi'. Soni'n' menen birge Si'rda'rya boylari'da rus izertlewshileri ta'repinen su'wretke ali'ni'p, bul jerlerdin' kartalari' si'zi'ldi'.

Rossiya a'skerleri Xiywa xanli'g'i'ni'n' territoriyasi'n basi'p ali'w ushi'n 1839-ji'li' a'skeriy atlani's sho'lkemlestirip, woni'n' basshi'si' Orenburg general-gubernatori' Perovskiy degen adam boldi'. Biraq, Xiywa xanli'g'i' a'skerlerinin' qatal tu'rde basi'p ali'wshi'larg'a qarsi' ju'rgizgen gu'resleri na'tiyjesinde bul a'skeriy atlani's qatnasi'wshi'lari' qi'yrati'lg'an yedi.

Yendi XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi'na kelip Rossiya imperiyasi' Aral ten'izi jag'alari'n jawlap ali'w niyetlerinen qaytpadi'.

1865-ji'li' Tashkent qalasi' jawlap ali'ndi'. 1867-ji'li' Tu'rkstan general-gubernatorli'g'i' du'zildi. Usi' waqi'tlardan baslap Aral jag'alari'n a'skeriy jaqtan izertlew ha'm Aral jag'alari'n basi'p ali'w maqsetleri Rossiyani'n' si'rtqi' siyasati'nda belgili wori'n iyeledi.

XIX a'sirde qaraqalpaqlardi'n' ja'miyetlik du'zilisinin' tiykari'n feodalli'q ha'm patriarxalli'q feodalli'q qatnaslar quradi'. Ruwshi'li'qti'n' qaldi'qlari' yele ku'shli bolsa da, ruw wo'zinin' da'slepki ma'nisin joytqan.

Qaraqalpaqlar tiykari'nan diyqan xali'q bolg'anli'qtan, diyqanshi'li'q qaraqalpaqlar xojali'g'i'nda basli' rol tutqan. Wolar Xiywa xanli'g'i' qurami'nda A'miwda'ryani'n' ayag'i'nda da'ryani'n' yeki jag'ali'g'i'nda wornalasqan. Da'ryani'n' shep jag'ali'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlar Qon'i'rat penen Xojeli arali'g'i'ndag'i' Shomanay kanali'ni'n' boyi'nda, bir bo'limi Qon'i'rat qalasi' a'tirapi'nda da'rya jag'ali'g'i'nda ma'kanlag'an. Da'ryani'n' won' ta'repindegi qaraqalpaqlar Ko'ko'zek, Kegeyli kanallari' ha'm wonnan tarmaqlang'an mayda japlar boylari'nda, A'miwda'rya jag'asi'nda, Qusxanatawdi'n' a'tiraplari'na da jaylasqan.

A'miwda'ryani'n' won' jag'ali'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlar yelati'ni'n' worayi' Shi'mbay, al da'ryani'n' shep jag'ali'g'i'ndag'i' worayi' Qon'i'rat qalasi' bolg'an.

Shi'mbayg'a qaraqalpaqlardi'n' won' jag'ali'qtag'i' aymag'i'ni'n' A'miwda'ryani'n' ten'izge quyar jerinen Sultan Uays tawg'a shekemgi bo'limi tiyisli bolg'an. Qon'i'ratqa Wo'giz ha'm Qi'yatjarg'an kanallari' menen birge A'miwda'rya deltasi'ni'n' shep jag'ali'g'i'ndag'i' barli'q aymaqlar kirgen.

Xali'q iri jer iyeleri, sharwalar, baylar, yekinshiden baylarda jallani'p xi'zmet yetip ku'n ko'rgen ka'mbag'allar bolg'an.

Xiywa xanli'g'i'nda jer xang'a tiyisli boli'p, woni' qaraqalpaqlardi'n' ruw ha'm qa'wimlerine xan ta'repinen paydalani'wg'a berilgen dep yesaplag'an. Is ju'zinde bul jerlerdin' yen' jaqsi' bo'limlerin qa'wimlerdin' ha'm ruwlardi'n' basshi'lari' wo'zlestirip alg'an.

Qaraqalpaqlar jasag'an aymaqlar Xiywa xanli'g'i'ndag'i' jerlerge iyelik yetiw ta'rtibine sa'ykes u'sh formag'a iye bolg'an: ma'mleketlik jerler, mu'liklik jerler, waqi'm jerler.

Ma'mleketlik jerler degende tiykari'nan bul jerler ma'mleket ta'repinen diyqanlarg'a ijarag'a berilgen. Ijara to'lemi retinde

jerden wo'ndirilgen wo'nimnin' bir bo'limi ma'mleketke wo'tkerilgen. Mu'liklik jerler degende bunda jer iyesinin' jeke mu'lki yesaplang'an. Waqi'm jerler degende meshit ha'm medreselerge yaki basqa da diniy mekemelerge sawg'a yetilgen jerler tu'siniledi.

XIX a'sirde qaraqalpaqlar arasi'nda lawazi'mli' adamlar: biyler, atali'qlar, beglerbegi, qazi'lar, raisler, muraplar, xan a'skerinde xi'zmet yetip ko'zge tu'skenler, sonday-aq diniy ruwxani'ylar, molla, axun, iyshanlar iri jer iyeleri bolg'an.

Iri jer iyelerinin' ko'lemi sheklenbegen mug'darda bolg'an. Mi'salg'a, XIX a'sirdin' wortalari'nda ag'abiy Yerejeptin' 495 tanap jeri bolg'an. Usi' menen bir waqi'tta qarapayi'm diyqanlardi'n' jeri 1—2 tanap ko'leminde bolg'an.

Jersiz diyqanlar da ko'p bolg'an. Wolar iri jer iyelerinin' jerinde diyqanshi'li'q yetip jer iyesine ijara haqi' to'legen.

XIX a'sirdin' 1-yari'mi'nda qaraqalpaqlardi'n' ha'kimshilik yen' joqari' lawazi'mi' biy bolg'an. Biylik lawazi'mi' xan ta'repinen belgilengen. Biydin' wazi'ypasi'na wo'zinin' biyligindegilerden sali'q ji'ynaw, tarti's ma'selelerdi sheshiw, sud islerin ali'p bari'w isleri kirgen. Ruwlar ha'm qa'wimler arasi'nda tarti's, daw-ja'njellerdi xanni'n' wo'zi sheshken.

Biyler wo'z ruwi'ni'n' ishinde aqsaqallar ha'm ruwdi'n' basqa da ataqli' adamlari' menen ma'sla'ha'tlesip ken'esler wo'tkerip turg'an.

Biylerdin' arasi'nan shi'qqan xang'a sadi'q yel basqari'wda uqi'pli'li'g'i' menen ko'zge tu'sken biylerge xan ta'repinen ken' huquqlar berilgen.

Qaraqalpaqlar arasi'nda murap ta a'hmiyetli xi'zmet atqaratug'i'n lawazi'mlardan bolg'an. Wol diyqanshi'li'q ushi'n za'ru'rli bolg'an suwdi' retlestirip beriwshi adam bolg'an. Wol jasalma tu'rde suwg'ari'wg'a tiykarlang'an diyqanshi'li'q penen shug'i'llani'wshi', suwi' kemtar Qaraqalpaqstan jag'dayi'nda pu'tkil diyqanshi'li'qqa basshi'li'q yetiw menen ten' bolg'an. Qaraqalpaqlar arasi'nda ken'nen taralg'an maqalda «A'ken' murap bolg'ansha — jerin' woy bolsi'n» dep muraplardi'n' a'hmiyeti ko'rsetilgen.

Muraplar kanallardi' tazalaw, suwg'ari'w tarmaqlari'n quri'w ha'm qayta du'zetiw islerine basshi'li'q yetken.

Qaraqalpaqlar arasi'nda sud islerin qazi'lar ju'rgizgen. Qazi'lar a'dette joqari' bilimli adamlar arasi'nan belgilenetug'i'n bolg'an. Qazi'lar menen raislar ni'zamlardi'n' wori'nlani'p bari'wi'n, sonday-aq xali'q turmi'si'nda islam dini normalari'ni'n', sha'riyatti'n' wori'nlani'wi'n baqlap barg'an.

Ruwxani'ylar uluwma xali'qti'n' ruwxi'y du'nyasi'ni'n' talaplari'na xi'zmet yetken. Xali'q arasi'nda islam dininin' ideyalari'n taratqan.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Muxammed A'min inaq ha'kimiyatti' qolg'a alg'an son' qaraqalpaqlardi'n' qaysi' ruwlari' Xiywa xanli'g'i'na ko'ship wo'tken?
2. Yesengeldi biy, Qurbanbay biy, Amanqul biy ha'm G'ayi'p bahadi'rlar kimnin' sadi'q xi'zmetkerleri bolg'an?
3. Muxammed A'min inaq kimdi quwatlap, Xiywa xanli'g'i'nda jasawshi' qaraqalpaqlardi'n' ha'kimi da'rejesine ko'tergen?
4. XIX a'sirdegi qaraqalpaqlar haqqi'nda ko'plep mag'luwmatlar jazi'p qaldi'rg'an Xiywa tariyxshi'si'n ani'qlan'?
5. 1810-ji'li' dekabr ayi'ni'n' aqi'rlari'nda Xiywa xani' u'sh mi'n' a'skeri menen kimlerge ha'm qanday maqsette ju'ris qi'lg'an?
6. Qon'i'rat qalasi' qashan Muxammed Raxim a'skerleri ta'repinen basi'p ali'ng'an ha'm To'remurat suwpi' wo'ltirilgen?
7. Xiywa xanli'g'i'ndag'i' jerlerge iyelik yetiw ta'rtibine sa'ykes qanday tu'rlerin bilesiz?
8. XIX a'sirdin' 1-yari'mi'nda qaraqalpaqlardi'n' ha'kimshilik yen' joqari' lawazi'mi'n ani'qlan'?
9. Qaraqalpaqlar arasi'nda murap lawazi'mi' qanday xi'zmet atqaratug'i'n bolg'an?
10. Islam dini normalari' — sha'riyatti'n' wori'nlani'wi'n qanday lawazi'mlar arqali' baqlap bari'lg'an?
11. Jersiz diyqanlar qalayi'nsha tirishilik yetken?
12. Ma'mleketlik jerler degende qanday jerlerdi tu'sinesiz?

## §7. Xali'qti'n' xojali'q turmi'si'. Diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q

Qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'nda diyqanshi'li'q xojali'qti'n' yen' basli' wori'nlari'ni'n' birin iyelegen. Xalqi'mi'zdi'n' arasi'nda: «Diyqanshi'li'q biri bes, sharwashi'li'q wog'an yes» — degen so'z bar. Xalqi'mi'z a'zelden da'rya jag'alari'n iyelep diyqanshi'li'q islep ku'neltken.

Qaraqalpaqlar XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda u'lken diyqanshi'li'q maydanlari'n ju'zege keltirgen. Wolar uzi'nli'g'i' birneshe kilometrge jetetug'i'n jan'a kanallar qazg'an. Usi' kanallar arqali' partaw jerlerge suwlar aparg'an. Qali'n' tog'aylardi' da jan'a jap-salmalar qazi'w arqali' jan'a diyqanshi'li'q maydanlari'na aylandi'rg'an, zu'ra'a'ti kem, qurg'aq ha'm batpaqli'q jerlerdi keptirip ha'm islep, woni' kelege keltirgen. XIX a'sirde qazi'lg'an Shomanay ha'm Shan'li' basi'w kanallari' usi'nday jan'a jerlerdi wo'zlestiriwge arnap qazi'lg'an kanallardan bolg'an.

Jan'a jerlerdi wo'zlestiriw islerine Xiywa xanlari' da u'lken a'hmiyet bergen. Muxammed Raxim xan da'wirinde (1806—1825) yen' u'lken kanallardi'n' biri Qi'li'sh-Niyazbay kanali' quri'lg'an. Allaquli' xan (1825—1842), Seydmuxammed xan (1856—1864) da'wirlerinde de Qaraqalpaqstan jerlerinde ko'plegen jan'a irrigaciyali'q quri'li'slar quri'lg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'n ko'rgen sayaxatshi'lar wolardi'n' ju'da' miynet su'ygishligi haqqi'nda mag'luwmatlar jazi'p qaldi'rg'an. Wolardi'n' mag'luwmatlari'na sa'ykes Qaraqalpaqstanni'n' arqa ta'repinen baslap xanli'qti'n' tu'slik ta'repine shekemgi u'lken kanallardi' quri'wg'a qaraqalpaqlar da qatnasqan.

A'miwda'rya yeteklerinde izertlew ju'rgizgen A. Kaulbarsti'n' mag'luwmati' boyi'nsha ha'r ku'ni qazi'w islerine 100 mi'n'day adam qatnasqan.

Bul da'wirde A'miwda'ryada suw ju'da' tasqi'n bolg'an. Suwdi'n' tek g'ana tamtari'sli'g'i' yemes, al suw tasqi'nlari' da xali'qti' u'lken sergizdanli'qqa ushi'rati'p turg'an. Ha'r ji'li' u'lken apatshi'li'q ali'p keliwshi ji'qqi'nlar boli'p turg'an.

Usi'nday ji'qqi'nlardi'n' biri 1859-ji'li' Shortanbayda ju'zege keledi. Bul ji'qqi'ni'n' aqi'betinde bul jerdegi diyqanshi'li'q jerleri birneshe ji'l dawami'nda suw asti'nda qalg'an.

Usi'nday payda boli'p turg'an ji'qqi'nlardi'n' ha'm suwsi'zli'qlardi'n' aldi'n ali'w ko'plegen miynetlerdi talap yetken. Bul miynette, jan'a kanallardi' quri'w ha'm woni' ken'eytiw islerinde ha'rbir diyqan qatnasqan. Qazi'wshi'lardi'n' qazi'w mu'ddeti bir-yeki ayg'a shekem sozi'latug'i'n bolg'an.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' miynet su'ygishligi na'tiyjesinde XIX a'sirdin' birinshi shereginde birqansha diyqanshi'li'q maydan-

lari'n du'zgen. Wolardi'n' arasi'nan a'sirese u'sh diyqanshi'li'q woraydi' atap wo'tiwge boladi. Wolardan: A'miwda'ryani'n' shep ta'repindegi diyqanshi'li'q jerleri Qanli'ko'l dep atali'p, wog'an Lawzan, Shan'li' basi'w, Shomanay, Qi'yatjarg'an jerleri kirgen. Yekinshisi, A'miwda'ryani'n' won' ta'repinde Shi'mbay qalasi'ni'n' arqa-bati's ta'repinde Qusxanataw ma'kani' du'zilgen. Sonday u'lken diyqanshi'li'q rayonlari'ni'n' biri ha'zirgi Taxtako'pir ha'm Qarao'zek rayonlari'ni'n' aymaqlari'nan aqqan Ko'ko'zek da'ryasi' bolg'an.

Qaraqalpaqlardag'i' jerge iyelik yetiw Worta Aziya xanli'qlari', soni'n' ishinde XIX a'sirdegi Xiywa xanli'g'i'ndag'i' jer iyelewshilik penen baylani'sli' qa'liplesip barg'an.

Jerlerdin' jeke adamlardi'n' qoli'nda toplani'w jag'dayi' XIX a'sirlerdin' wortalari'nda ku'sheye baslag'an. Jersiz qalg'an qaraqalpaq diyqanlari' iri jerlerge iye adamlarg'a bari'p jerlerinin' bir bo'limin ijarag'a alg'an. Bunday ijarashi' qaraqalpaq diyqanlari'ni'n' sani' ko'beyip barg'an. Ma'selen, geypara sayaxatshi'lardi'n' ko'rsetiwinshe Qon'i'rattag'i' xan jerlerinde 300 xojali'q qaraqalpaqlar jumi's islegen.

XIX a'sirdin' 50-ji'llari' Xiywa xanlari'ni'n' arxiv mag'luwmatlari' boyi'nsha qaraqalpaqlar diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q penen shug'i'llang'an. Yegislik, ko'llik, sho'p ha'm adi'r wotlaq jerlerdin' mug'dari' 232603 tanap jerdi qurag'an.

Qaraqalpaqlar wo'z jerlerinde ko'plegen da'nli yeginler yekken. Wolardan yen' ko'p tarqalg'anlari'nan biyday, arpa, sali', ju'weri, tari' yesaplang'an. A'sirese, qaraqalpaq jerinde biyday yeginler maydani' ko'p bolg'an. Qaraqalpaqlarda gu'zlik biyday yegiw da'stu'ri ken' rawajlang'an. Mart aylari'nan ton' jibiwden baslap arpa yegilgen.

Qaraqalpaqlar arasi'nda yen' ko'p tarqalg'an yeginnin' tu'ri ju'weri bolg'an. Ju'werinin' birqansha tu'rleri yegilgen. Wolardan boy ju'weri, nayman ju'weri ken' tu'rde yegilgen. Ju'werinin' da'ninen xali'q awqat yetip, al paqali'nan qara mal ushi'n wot-jem retinde paydalang'an.

Qaraqalpaqlar arasi'nda sali' ju'da' joqari' bahalang'an. Sali' tiykari'nan da'rya jag'alari'nda, Aral ten'izi boylari'nda suw mol jerlerde yegilgen. Sali', a'sirese Qon'i'rat qalasi' a'tirapi'nda ko'plep yegilgen. Qaraqalpaqlar arasi'nda bolg'an rus izertlewshileri wo'zlerinin' jazg'an ku'ndeliklerinde qaraqalpaqlarda sali'-



Shi'g'i'r.

ni'n' ravajlang'anli'g'i' tuwrali' jazi'p qaldi'rg'an. Wolardi'n' biri 1873-ji'li' qaraqalpaqlar arasi'nda bolg'an injener A. Kaulbars A'miwda'ryani'n' ko'plegen sali' ati'zlari'n ko'rgen. Qon'i'rata bolg'an rus avtori' Danilevskiydin' ayti'wi'nsha qaraqalpaqlar Pitnek qalasi'nan baslap Qon'i'ratqa shekemgi arali'qta sal' yekken. A. Kaulbars A'miwda'rya yeteklerinde Aral ten'izi jag'alari'ndag'i' sali' ati'zlari'n wo'z ko'zi menen ko'rgen. Qaraqalpaqlarg'a belgili sali'ni'n' birneshe sorti' bolg'an.

Bulardan basqa da'nli yeginlerden tari', sonday-aq ma'sh, gu'nji, g'arbi'z, asqabaq, jambi'lsha, ta'rnek, piyaz, geshir ha'm basqa da da'stu'rli yeginler yekken.

A'miwda'rya boylari'nda u'lken bag'lar boli'p, wolar negizinen qug'i'n xojali'qlar, bay adamlardi'n' bag'lari' bolg'an. Bul bag'larda alma, anar, yerik, shabdal, a'njir, jiyde ha'm t.b. miywelerdin' tu'rleri wo'sirilgen. Bag'larda miyweli ag'ashlardan ti'sqari' turmi's ushi'n za'ru'r bolg'an ha'r tu'rli terekler yegiletug'i'n bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' ma'kanlasqan ta'biyiy wortali'g'i' diyqanshi'li'q usi'n qolayli' boli'w menen birge sharwashi'li'q ushi'n da qolayli'. Da'rya ha'm kanallar, salmalar boylari'nda Aral ten'izi jag'alari'nda, ko'llerde pishenzarli'q ha'm basqa da mallar ushi'n jug'i'mli' wot-jem wo'sse, dalan'li'qlar jantaq, sora, maysa h.t.b. sho'plerge bay boli'p sharwashi'li'q ushi'n ju'da' qolayli' bog'an.

Qaraqalpaqlardi'n' sharwashi'li'g'i'ni'n' ko'shpelilerdin' sharwashi'li'g'i'nan ayi'rmashi'li'g'i' — bunda sharwashi'li'q diyqanshi'li'q penen qatar bir-biri menen baylani'sli' ju'rgizilgen. Bunda iri qaramal wo'siriw basli' wori'ndi' atqarg'an. Iri qaramallar diyqanshi'li'qta ku'sh-ko'lik rolin atqarsa, yekinshi jag'i'nan diyqanshi'li'q wo'nimleri — ju'weri paqallari' — shin'girigi, biyday ha'm sali' sabani', jon'i'shqa — mallarg'a wot-jem ushi'n wo'sirilgen. Mallarg'a jem retinde ju'weri — arpa, sali' da'nleri de berilgen. Qara mal wo'siriwshilik tikkeley diyqanshi'li'q penen baylani'sli' bolg'an.

Qaraqalpaqlar iri qara mallardi' ku'sh-ko'lik retinde paydalani'w menen birge wolardi'n' su'tin, go'shin awqatli'q zat retinde paydalang'an, terisinen ayaq kiyimler, qayi'slar jasag'an.

Qaraqalpaqlar iri qara mal wo'siriwshilik boyi'nsha Xiywa xanli'g'i'nda basli' roldi atqarg'an. Wolar qara maldi' tovar retinde ishki bazari'n tolti'ri'p, Xiywa bazarlari'na da shi'g'arg'an. Qaraqalpaqlar wo'sirgen qara mallar iri ha'm qari'wli' bolg'anli'g'i' sebepli Xiywa bazari'nda wo'timli bolg'an.

Bulardan basqa qoy-yeshki wo'siriwshilik te ken' taralg'an boli'p, buni' qara mal asi'raw menen birge qatar ali'p bari'lg'an. Qaraqalpaqlardi'n' jaylawi' tar bolg'anli'g'i' sebepli qoy-yeshkini ko'shpeli sharwalarg'a sali'sti'rg'anda az wo'sirgen.

1869-ji'lg'i' mag'luwmatlarg'a qarag'anda Talli'q boyi' qaraqalpaqlardi'n' qostamg'ali', ashamayli', qi'yat, balg'ali' ruwlari'ni'n' 3260 iri qara mali', 1018 qoyi', Aqqala a'tirapi'ndag'i' qoldawli', teristamg'ali', man'g'i't, qi'pshaq ruwlari'ni'n' 4345 iri qara mali', 5221 qoyi' bolg'an.

Usi'ni'n' menen birge tag'i' bir hu'jjette qaraqalpaqlardi'n' saqlag'an mallari'ni'n' sani' keltiriledi. Bul da'wirde bay adamlar mallari'ni'n' sani' keltirilgen, bir si'yi'ri' da bolmag'an xojali'qlar ko'p bolg'an.

Qaraqalpaqlarda ji'lqi'shi'li'q ta ken' tarag'an. Qaraqalpaqlar turmi'si'nda at yen' qa'dirli mu'lik yesaplang'an. Ha'rbir xojali'qti'n' wo'zinin' ati' ha'm yeshegi bolg'an. Wolar ku'sh-ko'lik ha'm transport xi'zmetin atqari'w menen birge atti'n' su'tin, go'shin awqatli'q zat retinde paydalang'an. Qaraqalpaqlarda atlardi'n' birneshe tu'rli tuqi'mlari' wo'sirilgen. Wolardan: yabi', arg'i'maq, bedew, bug'dal ha'm t.b.

Qaraqalpaqlar woyi'n zawi'qlarda toy-merekelerde kewil ko'teriw maqsetinde atlardi' jari'sqa salg'an, atlar mingen, shabandozlar i'laq tarti'sqan. Ju'yrik atlardi' basqa atlardan bo'lek, arnawli' adamlarg'a seyislerge baqti'rg'an.

Qaraqalpaqlar arasi'nda tu'yeshilik te bolg'an, biraq wolar az mug'darda bolg'an. Tu'yeni barli'q xojali'qlar wo'sirmegen.

Qaraqalpaq sharwalari' ha'r ji'li' xanli'qqa zakat to'legen. Zakat kuren boyi'nsha wo'ndirilgen. Kurenler qaraqalpaq sharwalari'ni'n' dizimi du'ziletug'i'n ha'm zakatti'n' yesap kitabi'n ali'p saqlaytug'i'n qorg'an tu'rindegi jaylari' bolg'an. Kurenler ruw aqsaqali', ha'meldarlar ati' menen atalg'an. XIX a'sirde Xojeli a'tirapi'ndag'i' kuren, Aqqaladag'i' beglerbegi menen Maxmud atali'q kureni, Woraz atali'q kureni, Da'wqaradag'i' Yernazar atali'q kureni ha'm barli'g'i' 13 kuren bolg'an. Bul kurenler tuwrali' mag'luwmatlar Xiywa ma'mleketlik arxivinde saqlang'an. Qaraqalpaqlar jasag'an rayonlar sharwashi'li'q penen shug'i'llani'wg'a ju'da' qolayli' bolg'an. Xiywa xanli'g'i'ni'n' arxivlik hu'jjetlerinde qaraqalpaqlardi'n' saqlag'an mallari'ni'n' sani' to'mendegishe keltiriledi. Ma'selen, Bekmurat axun Ali'mbay uli' 20 si'yi'r, Woraz zerger Turi'mbay zerger uli' 75 si'yi'r, Yermuxammed I'sli'qbay uli' 69 si'yi'r, Quli'm Ma'tibay uli' 63 si'yi'r, Besimbay Ji'lgeldibiy uli' 128 si'yi'r, 64 qoy ha'm tag'i' basqa da saqlag'an mallari'ni'n' dizimi ha'm basqa da ju'da' ko'plegen bay adamlardi'n' dizimi ko'rsetilgen. Bul mag'luwmatlarg'a qarag'anda Xiywa xanli'g'i'nda jasag'an qaraqalpaqlar ha'm qon'si' xali'qlar arasi'nda ju'da' ko'p bay adamlardi'n' bolg'anli'g'i'nan derek beredi.



Yerlengen at.

*Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:*

1. Muxammed Raxim xan da'wirinde (1806—1825) qanday kanallar quri'lg'an?
2. Xiywa xanli'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlar ne ushi'n turaqli' tu'rde jap ha'm kanallardi' tazalap turg'an?
3. Qazi'wshi'lardi'n' qazi'w mu'ddeti a'dette qansha waqi't dawam yetken ha'm ji'li'na qansha qazi'wshi'lar jetistirip beriwi kerek bolg'an?
4. Shomanay ha'm Shan'li' basi'w kanallari' qashan quri'lg'an?
5. Xiywa xanli'g'i'nda ha'r ku'ni qazi'wg'a neshe adam qatnasqan?
6. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' miynet su'ygishligi na'tiyjesinde neshe diyqanshi'li'q rayonlari' payda bolg'an?
7. Xalqi'mi'z qanday yeginler yekken?
8. Qaraqalpaqlardi'n' sharwashi'li'g'i'nda iri qara mal wo'siriw qanday wori'n iyelegen?
9. Qaraqalpaqlarda ji'lqi'shi'li'qti'n' worni' tuwrali' nelerdi ayta alasi'z?
10. Kurenler degen ne ha'm qanday kurenler tuwrali' mag'luwmatlar bar?
11. Yen' bay adamlardi'n' mallari'ni'n' sani' tuwrali' qanday mag'luwmatlarg'a iyesiz?

## §8. Bali'qshi'li'q, wo'nermentshilik, sawda ha'm sali'q sistemasi'

Qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'ndag'i' yen' a'hmiyetli xojali'q tarawlari'ni'n' biri bali'qshi'li'q bolg'an. Qaraqalpaqlardi'n' XIX a'sirdegi jasag'an ta'biyiy ha'm ekologiyali'q jag'dayi' bali'qshi'li'qti'n' rawajlaniwi'na ken' mu'mkinshilik tuwdi'ri'p bergen. Bali'qshi'li'q penen Aral ten'izinin' jag'alari'ndag'i' ko'llerde shug'i'llani'wg'a ken' mu'mkinshilik bolg'an. Rus sayaxatshi'lari'ni'n' bergen jazba mag'luwmatlari'na qarag'anda ha'r ji'li' muz qataman degenshe A'miwda'rya boylap Aral boyi' jerlerinen Sharjaw ta'repke qarap bali'q sali'ng'an qayi'qlar jiberilip turi'lg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' negizgi awqatlari'ni'n' bir qatari' bali'qtan tayarlang'an.

Bali'qshi'li'q penen negizinen wo'zbekler, qaraqalpaqlar, qazaqlar shug'i'llani'p, wolar ko'binese A'miwda'rya boylari'ndag'i' ko'llerde, Aralda Moynaq, Terbenbes, Aqpetkey, Qarateren', Tazbesqum, Ayi'rsha atawlari'nda jasawshi'lar bo-

li'p, wolar diyqanshi'li'q penen birge Yerjanataw, U'rge, Qarajar ha'm basqa da ko'plegen atawlar ha'm ko'lbrde bali'q-shi'li'q ka'sibin qatar ju'rgizgen. Wolar ushi'n bali'qshi'li'qti'n' negizgi deregi Aral ten'izi, Quwani'shjarma, Da'wqıra, Qon'i'rat, Qarateren' ha'm basqa da ko'p sanli' wori'nlar ıa'm ko'ller bolg'an.

Rus izertlewshisi I. N. Bogdanov Qaraqalpaqstan jerlerindegi birneshe bali'qshi'li'q rayonlari'n ko'rsetip beredi. Wolardi'n' arasi'nda No'kis ha'm Xojeliden baslap A'miwda'rani'n' yeki jag'asi' boylap Qi'pshaqqa shekemgi jerler bar. Bul jerde ju'da' hasi'l bali'qlar bolg'an: su'wen, jayi'n, sazan ha'n basqa da bali'qlar awlang'an. Yekinshi wori'n: No'kis qalasinan baslap Aral ten'izine shekem, Aral ten'izinin' wo'zi u'ken bali'q-shi'li'q ma'kani' bolg'an. Sonday-aq, U'lken da'rya, Kishkene da'rya ha'm Talli'q. A'miwda'ryani'n' bul bo'legi bali'qlardi'n' anasi' bolg'an. U'shinshi u'lken bali'qshi'li'q makani' – bul Quwani'shjarma, Da'wqara, Qarateren' ha'm Jan'asıw boylari', sonday-aq, bali'qshi'li'qti'n' woraylari' Qon'i'rako'l ha'm Qarateren' bolg'an.

Bali'qshi'li'q ma'kanlari' a'sirese, ha'zirgi Mo'naq rayoni'ni'n' aymag'i'nda ju'da' ko'p bolg'an. Bali'qshili'q penen qaraqalpaqlar, aralli' wo'zbekler, qazaqlar shugi'llang'an. Qaraqalpaqlardi'n' qi'yat, qon'i'rat, mu'yten ruwlari', a'sirese bali'qshi'li'q penen ko'birek shug'i'llang'an. Qaraqalpaq shayi'r-lari'ni'n' shi'g'armalari'nda, xali'q da'stanlari'nda ha'm an'i'z-lari'nda bali'qshi'li'qqa baylani'sli' ju'da' ko'plegeı mag'luw-matlar bar. Ma'selen, qaraqalpaq xalqi'ni'n' ull' shayi'ri' bolg'an Berdaq shayi'r qaraqalpaqlardi'n' bali'qshili'q penen shug'i'llang'anli'g'i' haqqi'nda mag'luwmat beriwsh ko'plegen qosi'qlar jazi'p qaldi'rg'an.

Qaraqalpaqlar Aral ten'izi boylari'nda bali'qshili'q penen shug'i'llani'p, bali'q awlawdi'n' sheber ustalari' bolip jetisken. Wolar bali'q wo'nimlerin bazarlarg'a apari'p sati'p woti'rg'an. Bali'qshi'li'q xali'qti'n' ku'n ko'risinin' bir dereji bolg'an. Sonli'qtan da xali'qta «u'sh ay shabag'i'm» degen naqi'l so'z sonnan kelip shi'qqan.

Qaraqalpaqlar bali'q awlawda ko'p g'ana bali'q awlaw qural-lari' ha'm a'sbaplardi' paydalang'an. Wolar aw, ji'li'n, qamaq, baspay, shani'shqi', qaza, ilme ha'm basqa da qurallardan

paydalani'p, bali'q awlag'an. Bali'q awi'nda tiykarg'i' transport qayi'q bolg'an.

XIX a'sirde A'miwda'rya to'meninde ha'r ji'li' awlanatug'i'n bali'q 50 mi'n' pudti' qurag'an. Bul awlanatug'i'n bali'qlar Qon'i'rat, Xojeli, Shi'mbay, Qi'li'shqaladag'i' (Da'wqara) bali'q bazarlari'na tu'sken. Ha'r ji'li' A'miwda'rya qatqang'a shekem Sharjawg'a 150 den 300 kemege deyin sazan, i'laqa, su'wen, bekire bali'qlari' jo'netilip woti'rg'an.

Qaraqalpaqlarda XIX a'sirde wo'nermentshilik ken' tu'rde rawajlang'an. Sebebi turmi'sti'n' wo'zi xali'qti'n' a'sirler boyi' kiyati'rg'an wo'nermentshilik tu'rlerin jetilistirip bari'wdi' talap yetken. Qaraqalpaqlar da sheber ustalar boli'p, wolar xojali'q turmi'si' ushi'n kerek bolg'an zatlardi' islep shi'g'arg'an. Wolardi'n' turmi'si'nda temirden ha'r tu'rli buyi'mlar isleytug'i'n ustalari' derlik ha'rbir qala ha'm awi'llarda bolg'an. Sonday-aq, bas kiyim tigetug'i'n malaqayshi'lar, ayaq kiyim tigetug'i'n yetikshiler, ton isleytug'i'n tonshi'lar, ha'r tu'rli suli'w buyi'mlardi' isleytug'i'n zergerler, kiyiz basatug'i'n shapshi'lar ha'rbir



Alasha toqi'w.

awi'l ha'm qalada ko'p bolg'an. Wolar xali'qti'n usi' buyi'mlarg'a bolg'an talabi'n qanaatlandi'rg'an. Soni'n' menen qaraqalpaqlarda ha'r tu'rli keramikali'q i'di'slar islep shi'g'ari'w da yen' jayg'an. Bunday gu'zeler islep shi'g'ari'w u'lken qalalarda rawaj tapqan.

Qaraqalpaqlardi'n' wo'nermentshilik islerine qon'si' wo'zbek wo'nermentshilik da'stu'rleri ta'sir yetken. Dereklerdin' mag'luwmatlari' boyi'nsha wo'tken XIX a'sirdin' wortalari'nda Xiywa xanli'g'i'nda wo'nermentshiliktin' 27 tu'ri bolg'an.



Quman.

Qaraqalpaqlardi'n' wo'nermentleri Shi'mbay, Qon'i'rat, Xojeli qalalari'nda ko'p bolg'an. Ma'selen, Shi'mbay qalasi'nda temirshilerdin', ag'ash ustalari'ni'n', kiyiz basi'wshi'lardi'n', zergerlerdin', boyawshi'lardi'n', gu'lalshi'lardi'n', toqi'mashi'lardi'n' arnawli' ustaxanalari' bolg'an. Qaraqalpaqlarda wo'nermentshilik atadan balag'a wo'tip woti'rg'an. Wolar usi' ustaxanalari'nda birneshe sha'kirtler tayarlag'an. Sha'kirtlikke 12 — 13 jastan baslap ali'ng'an. Wolar ustazi'ni'n' pa'tiyasi'n alg'ang'a shekem ustazi'ni'n' ustaxanasi'nda jumi's islegen. A'dette wo'nermentlerdin' ustaxanalari'nda 3 — 4 adam jumi's islegen. Bul ustaxanalar du'kan dep atali'ng'an. Bunda paydalanatug'i'n temir qurallardi' ustalardi'n' wo'zleri jasag'an, bir bo'limin Xiywadan, Buxaradan, Tashkentten yamasa Rossiyadan ali'p kelgen.

Qaraqalpaqlar arasi'nda arnawli' shoyi'nshi' awi'llari' bolg'an.

Shoyi'nnan ha'r tu'rli xojali'q zatlari'n islep shi'g'arg'an. Wolardan: qazanlar, baltalar, qumg'anlar ha'm usi'g'an usag'an zatlar bolg'an. Shoyi'nshi'lar da atadan balag'a wo'tip woti'rg'an. Woni'n' piri ha'zireti Dawi't yesaplang'an.

XIX a'sirde zergerlik isleri rawajlang'an. Zergerler negizinen hayal-qi'zlar bezeniw zatlari'n, sonday-aq atti'n' yer-turman-



Ha'ykel.



Bilezik.

lari'n islegen. Zergerlerdin' islegen zatlari' negizinen gu'misten ha'm alti'nnan islengen.

XIX a'sirde Aral ten'izinin' boyi'nda jasag'an Arzi'mbet zergerdin' ati' tariyxi'y dereklerde ushi'rasadi'. Woni'n' jasag'an jeri, Terbenbes awi'li' bali'qshi'li'q, sharwashi'li'q, diyqanshi'li'q penen ku'neltken. Woni'n' qoli'nan qaraqalpaqlardi'n' yen' a'jayi'p kiyimi bolg'an sa'wkele islengen. Bul qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' kiyetug'i'n yen' yeski kiyimlerinen bolg'an. Zergerler ha'r tu'rli zatlardi': si'rg'a, bilezik, giltbaw, ju'zik, ha'ykel, wo'n'ir-monshaq, tu'yme, tumarsha islep bazarlarg'a apari'p satqan.

Ha'rbir zerger ushi'n kerekli bolg'an qural-saymanlar bolg'an. Wolar: to's, ko'rik, sho'kkish, u'sh qi'rli' yegew, qashaw, qi'sqi'sh, iskenje, si'mtarash, teskish, keskish, temir kesew, da'neker, kepkir ha'm basqa da ko'plegen zatlar.

Zergerler i'di's-buyi'mlardi' islewde gu'misten ken' paydalang'an. Soni'n' menen birge alti'nnan da paydalani'p, wol alti'n jalati'w dep atali'ng'an.

Qaraqalpaqlarda ha'r tu'rli qural-saymanlardi', at-arbalar, yeshek-arbalar ha'm basqa da buyi'mlardi' isleytug'i'n ustalar ha'rbir awi'lda ha'm qalada

bolg'an. Wolardi'n' miynetisiz xali'qti'n' ku'n ko'riwi qi'yi'n bolg'an. Sonday-aq, jer isleri ushi'n kerek bolg'an gu'nde, mala, shi'g'i'r isleytug'i'n ustalar bolg'an. Ustalardi'n' tu'rleri ha'm wolar sog'atug'i'n zatlardi'n' tu'rleri ko'p boli'p, toqi'mashi'li'q zatlari'n solardi'n' ishinde qozaq, wo'rmek, shi'g'i'ri'q, u'y turmi'si'nda paydalanatug'i'n tabaq, qasi'q ha'm basqa da zatlar ken' tu'rde islep shi'g'ari'lg'an. Geypara ustalar xali'qti'n' muzi'kali'q a'sbaplari'n: qobi'z, duwtar islep shi'g'arg'an.

U'yshi ustalar qara u'ylerdin' yesiklerine, arshalarg'a, sandi'qlarg'a woyi'p, a'jayi'p su'wretler salg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'nda qara u'y u'lken wori'n iyelep, wolardi'n' tiykarg'i' jasaytug'i'n worni' bolg'an. Sonli'qtan da wolardi'n' arasi'nda u'y sog'atug'i'n u'yshiler u'lken wori'n iyelegen. Wolar wo'zlerinin' arnawli' pirine iye boli'p, woni'n' ati'n Ibrayi'm Xalil dep atag'an. U'y sog'atug'i'n arnawli' ag'ashlardan paydalang'an. Wolardan ja'newit tal, toran'g'i'l, aq tal, aqso'git, qaratal paydalani'lg'an. Qaraqalpaqlardi'n' u'yleri ha'r tu'rli ko'lemde boli'p 6 qanat, 7 qanat, 8 qanat ha'm wonnan da ko'birek bolg'an. Ha'tteki bay adamlardi'n' 12 qanattan ibarat u'yleri bolg'an.

XIX a'sirge kelip qaraqalpaqlarda sawda qatnaslari' ken' tu'rde rawajlani'p xali'q xojali'g'i'ni'n' a'hmiyetli tarawi'na aylanadi'. Xali'q tiykari'nan awi'l xojali'q wo'nimlerin wo'zlerine za'ru'rli wo'nermentshilik ha'm sanaat wo'nimlerine almasti'rg'an. Zat almasi'wdi'n' rawajlani'wi' menen qaraqalpaqlar arasi'nda aqsha—tovar qatnasi'qlari' rawajlanadi'. Qaraqalpaqlar Xiywa xani' ta'repinen shi'g'ari'lg'an ten'gelerdi paydalang'an.

Sawdani'n' rawajlani'wi' menen qaraqalpaqlardi'n' adminstrativlik woraylari' ha'm iri yelatli' punktleri sawda woraylari'na aylang'an. Qon'i'rat, Shi'mbay, Xojeli qalalari'ndag'i' bazarlar pu'tkil Xiywa xanli'g'i'nda belgili bolg'an.

Bazarlar iri sawda worayi' boli'p, qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'nda u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Bul jerde xali'q wo'zinin' arti'qsha zatlari'n sati'p za'ru'rli zatlari'n alg'an. A'dette, sawda tan' azannan baslani'p qaran'g'i' tu'skenshe dawam yetken. Bazarlarg'a tek g'ana jaqi'n a'tiraptag'i' xali'q ji'ynali'p qoymastan, ali'stan basqa qalalardan da sawdagerler kelgen. Bul jerde

qoy-yeshki, tu'yeler, tawi'qlar, at, mal, biyday, ju'weri, ha'r qi'yli' miyweler, bali'qlar, mallar ushi'n wot-jem ha'm basqa da awi'l xojali'q wo'nimleri menen birge xojali'q buyi'mlari', wo'nermentshilik ha'm sanaat wo'nimleri sati'lg'an. Bazarda sati'lg'an wo'nimlerdin' wo'zinin' worni' boli'p, mal bazar, da'n bazar h.t.b. boli'p bo'lingen.

Bazarlar ma'deniy ha'm siyasiy a'hmiyetke de iye bolg'an. Bunda sawda bari'si'nda tu'rli jaqlardan kelgen adamlar wo'zleri menen birge ha'r qi'yli' xabarlar ali'p kelgen. Bul xabarlar awi'zdan-awi'zg'a wo'tiw arqali' yelge taralg'an, bazarshi'lar bul xabarlardi' wo'z awi'llari'na jetkerip barg'an.

Sonday-aq, biylerdin', ha'kimlerdin', xanni'n' pa'rmanlari'n xali'qqa tarati'w ushi'n bazarlarda jar saldi'rg'an. Jarshi'lar jeke adamlardi'n' xabarlari'n da bazarshi'larg'a haqi' ali'p taratqan.

Bazar ha'ptesine yeki ma'rte wo'tkerilgen, biybazar ku'nleri sawda ha'r qi'yli' sawda woraylari'nda quri'lg'an du'kanlarda wo'tkerilgen. Du'kanlarda sawda ha'r ku'ni wo'tkerlip, bunday du'kanlar iri sawdagerler ta'repinen ashi'li'lg'an. Wolardi'n' ha'r qalada birneshe du'kanlari' bolg'an. Bul du'kanlarda jergilikli tovarlar menen birge Buxara, Xiywa, Rossiya bazarlari'nan keltirilgen tovarlar sati'lg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' Qon'i'rat, Xojeli, Shi'mbay qalalari' si'yaqli' iri sawda woraylari' bolg'an. Bul jerdin' bazari'na suw joli' arqali' Xiywa sawdagerleri ha'r qi'yli' tovarlar ali'p kelgen ha'm bul jerden Qon'i'rat wo'nermentlerinin' ha'm awi'l xojali'q wo'nimlerin sati'p alg'an. A'sirese, Qon'i'rat temirshilerinin' wo'ndirgen wo'nimi Xiywa xanli'g'i'ndag'i' yen' sapali' wo'nim yesaplang'an. Qon'i'rat bazari'na tu'rli jaqlardi'n' tovarlari' ali'p kelingen. Bazarda arnawli' Rossiyadan ali'p kelingen tovarlar ushi'n «wori's bazar» dep atalg'an bazardi'n' bo'limi bolg'an.

Xojeli qalasi' da Xiywa xanli'g'i'ndag'i' iri sawda woraylari'ni'n' biri yesaplang'an. Qala ishinde ko'p sandag'i' du'kanlar, ustaxanalar ha'm basqa da ha'r qi'yli' sawda ha'm wo'nermentshilik ka'rxanlari' islep turg'an. Xojeli bazari' da Qon'i'rat bazari' si'yaqli' u'lken sawda worayi'nan yesaplang'an. Bul jerge xanli'qti'n' arqa ha'm tu'slik bo'limlerinen de ko'plep sawdagerler kelip turg'an.

XIX a'sirdin' wortalari'nda sawdani'n' rawajlani'wi'nda Shi'mbay qalasi'ni'n' a'hmiyeti wog'ada u'lken bolg'an. Bul

qala usi' da'wirdegi A'miwda'ryani'n' won' jag'ali'g'i'ndag'i' yen' iri sawda worayi' yesaplang'an. Shi'mbay qalasi'ni'n' Kegeyli kanali' boyi'nda jaylasi'wi' xanli'qti'n' worayli'q bo'limlerinen suw transporti' arqali' tovar ali'p keliniwin an'satlasti'rdi'. Soni'n' menen birge Shi'mbay a'tirapi'nda qaraqalpaqlar ti'g'i'z jaylasqan. Bul na'rse sawdani'n' rawajlani'wi'na ha'm Shi'mbay qalasi'ni'n' ken'eyiwine ta'sir tiygizedi. Bul jerde sawdagerler ko'plegen du'kanlar qurg'an. 1873-ji'li' Qaraqalpaqstang'a kelgen rus izertlewshisi A. Kun Shi'mbay qalasi'nda boli'p, bul jerde 150 sawda du'kani' ha'm u'lken ka'rwan saray bar yekenligin ko'rgen. Bunday du'kanlardi'n' sani' Qon'i'ratta 350, Xojelide 150 shamasi'nda bolg'an.

Bunday bazarlar ha'm du'kanlar qaraqalpaqlar arasi'nda No'kiste, Da'wqarada h.t.b. jerlerde de bolg'an.

Qaraqalpaqlar ishki bazardan ti'sqari' si'rtqi' bazar ushi'n da tovar wo'ndirgen, qaraqalpaq sawdagerleri Xiywa, Buxara, Rossiya bazarlari'na bari'p sawda jasag'an. Xiywa bazarlari'nda, a'sirese qaraqalpaq qara mallari' wo'timli bolg'an. Qaqlang'an ha'm taza uslang'an bali'qlar da si'rtqi' bazarda basli' tovarlardan yesaplang'an. Aral bali'qlari' qublada — Buxara, arqada —Rossiyag'a apari'lg'an. Qaraqalpaq sawdagerleri gu'rish, temeki, mal terisi ha'm basqa da shiyki zatlar menen Rossiyag'a bari'p, Rossiyadan metaldan islengen a'sbap-u'skeneler, gezlemeler, woramallar h.t.b. zatlar ali'p kelgen. Qaraqalpaqlar sawdagerleri Qon'i'rat qalasi' arqali' Astraxan, Orenburg, Nijniy Novgorod qalalari'na bari'p sawda islep turg'an.

Usi'nday sawda baylani'slari' tiykari'nda qaraqalpaqlar arasi'nan iri sawdagerler jetisip shi'g'adi'. Bul sawdagerler xali'q arasi'nda u'lken hu'rmetke iye boli'p, wolar wo'zlerinin' sawda baylani'slari'na qaray ha'r qi'yli' atalg'an. Rossiya menen sawda islewshi sawdagerler «wori'sshi'», Buxara menen sawda islewshi «Buxarshi'», ishki qalalar arali'q sawda islewshi sawdagerler «qalashi'» dep atalg'an. Bul sawdagerler sawda isinin' mamani' yesaplang'an, wolar bazardi' aralap xali'qqa kerekli ha'm wo'timli zatlardi' ani'qlag'an ha'm wolardi' ali'p kelgen.

Sawdagerler tovarlardi' bazarg'a suw jollari' ha'm ka'rwanlar arqali' ali'p kelgen. Sawdagerlerge xi'zmet yetiwshi transportshi'lar payda bolg'an. Wolar belgilengen jerge tovarlardi' jetkerip bergen ha'm xi'zmet ushi'n haqi' alg'an. Suw transporti'nda

kemeshiler, saldawshi'lar, al ka'rwanda bolsa tu'yeshi, yeshek ha'm at iyeleri — ka'rwan basi'lar usi'nday xi'zmet atqarg'an. XIX a'sirde qaraqalpaqlardan Quwat, Qulmuxammed, Yeshtemir, Molla Shuwaq usag'an ka'rwan basi'lar Xiywa-Rossiya arali'g'i'nda qatnas jasap turg'an.

Xiywa xanli'g'i'nda sali'qlardi'n' ju'da' ko'p tu'rleri bolg'an. Xanli'qta sali'qti'n' mug'dari' xanlar ta'repinen belgilengen. Xiywa xani' Muxammed Raxim sali'q to'lew isinde ta'rtipler wornatqan. Wol baji'xana ha'm basqa da ma'kemeler sho'lkemlestirgen dep rus sayaxatshi'lari' mag'luwmatlar jazi'p qaldi'rg'an. Xiywa xanli'g'i'nda baji'xanalar Xiywani'n' ishindegi sarayda, Aqmeshitte, Shaxabbas Valide, Qa'lendarxanada, Qi'pshaqta, Go'ne U'rgenishte, G'azavat ha'm basqa jerlerde bolg'an. Sali'q Xiywa ha'meldarlari' bolg'an qusbegi menen mexter ta'repinen ji'ynap ali'ng'an. Xanli'qtag'i' barli'q jerler bul yeki ha'meldar wortasi'nda bo'lisilgen. A'miwda'ryani'n' shep ta'repindegi Qon'i'rat qaraqalpaqlari' jasag'an aymaqlardan sali'qti' qusbegi, al qaraqalpaqlardi'n' won to'rt ruw topari'nan sali'qti' mexter wo'ndirgen. Qaraqalpaqlardan wo'ndiriletug'i'n zakat yesabi'n Jabbarquli' mexrem ha'm Paxlavan Niyaz diywanbegi ju'rgizgen. Shoraxanda buxarshi' ha'm qalashi' sawdagerlerden ali'natug'i'n zakat yesabi'n Muxammed Niyaz diywanbegi ha'm Qaraqan mexrem ju'rgizgen.

Muxammed Raxim xan ta'repinen jan'a sali'qti'n' tu'rleri yengizilgennen keyin pullay sali'q «salg'ut» ali'natug'i'n bolg'an.

Qaraqalpaqlarda ha'm Xiywa xanli'g'i'nda sali'qlar ha'm to'lemler tu'rinde bolg'an. Xiywa xanli'g'i'nda jerler jeke mu'lik si'pati'nda, iri jer iyeleri jersiz diyqanlardi'n' u'stinen u'stemlik yetken. Xiywa xanli'g'i'nda da basqa jerlerdegidey jer sali'g'i' iri jer iyelerinin' ma'pleri ushi'n xi'zmet yetken.

Qaraqalpaqlarda jerden ali'natug'i'n sali'q «salg'ut», al mallardan ali'natug'i'n sali'qti'n' tu'ri «zakat» dep atalg'an.

Sali'qti'n' tag'i' bir tu'ri «patshali'q» jerlerden ali'natug'i'n tu'ri boli'p, bunda sali'q ijara to'lemi yesabi'nda wo'ndirilgen. A'dette bunda ali'm-sali'q, wo'n'dirilgen wo'n'imnin' belgilengen bo'limi, zatlay yamasa aqshalay ali'natug'i'n bolg'an. Ma'selen, 4 tanap jerden 1 tilla, 10 tanap jerden 2 u'lken tilla, 15 tanap jerden 3 ha'm wonnan ko'birek tilla ali'ng'an.

Qaraqalpaqlar Muxammed Raxim (1806—1825) da'wirinde xang'a ha'r ji'li' 20 mi'n' tilla sali'q to'lew ta'rtibi yengizilgen. Bul sali'qti'n' tu'rin «salg'i'rt kespe» dep atag'an. Soni'n' menen birge wolar xang'a ji'li'na 2 mi'n' a'sker jiberip ha'm sol qaraqalpaq no'kerlerinen du'zilgen 2000 adamli'q a'skerdi qari'w-jaraq, at ha'm azi'q-awqat penen ta'miyinlep turg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' bunday sali'qlardi' to'lewi ju'da' qi'yi'n bolg'an. Wolar Xiywa xani'na sali'qlardi' qi'sqarti'w tuwrali' birneshe ma'rtebe arzalar jazg'an. Geypara ji'llari' wolardi'n' bul tilekleri qabi'l yetilgen. 1872-ji'li' qaraqalpaqlardi'n' ji'ynag'an sali'g'i'ni'n' sani' 22 mi'n' 247 kishi tilla bolg'an. Qaraqalpaqlarg'a bunday sali'qlardi' to'lewdin' wo'zi de qi'yi'n bolg'an. Sebebi, qaraqalpaq xojali'qlari' ji'l sayi'n kemeyip barg'an. Patshali'q jerlerde ha'm waqi'm jerlerde woti'rg'an qaraqalpaqlar zatlay sali'qlar to'legen.

Salg'i'rt kespeden ti'sqari' qaraqalpaqlardi'n' mali'nan zakat ji'ynap ali'ng'an. 40 bas tu'yeden 1 at ha'm 1 bas iri qara maldan 5 kishi tilla ji'ynap ali'ng'an. Bulardan basqa qaraqalpaqlar Xiywa xani'ni'n' a'skerlerin saqlaw ushi'n da ji'li'na 100 mi'n' tilla a'tirapi'nda sali'q to'lewi kerek bolg'an.

Qaraqalpaqlar xanli'qta jan'a suwg'ari'w kanallari'n qazi'w ha'm buri'ng'i'lari'n tazalaw jumi'slari' menen shug'i'llang'an. Qaraqalpaqlar ji'li'na 6 mi'n' adam qazi'wshi' tawi'p beriwi kerek bolg'an. Wolar tek wo'zinin' qaraqalpaqlar woti'rg'an jerlerdegi kanallardi' qazdi'ri'w menen sheklenbegen, soni'n' menen birge Xiywa xanli'g'i'nda jasawshi' basqa xali'qlarg'a tiyisli jerlerde de islewge ma'jbu'r bolg'an. Sali'qlar ji'ynaw waqti'nda ha'r tu'rli ji'ri'p jew, qosi'p ali'w ha'm basqa da zuli'mli'qlar miynetkesh xali'qti'n' ash-a'ptada boli'p jasawi'na ali'p kelgen. XIX a'sirdin' wortalari'nda Tu'rkstan xali'qlari'ni'n' ishindegi socialli'q jaqtan yen' awi'r turmi's keshirgen qaraqalpaqlar bolg'an.

Xiywa xanlari' qaraqalpaqlar u'stinen wo'z siyasati'n ju'rgiziwde qaraqalpaq ruwlari'ni'n' basshi'lari' bolg'an biylerdi wo'z ta'repine qarati'p, wolarg'a ha'r tu'rli jen'illikler bergen. Wolarg'a xali'qti'n' belgili bir bo'legin basqari'wg'a jarli'qlar bergen. Sonli'qtan da qaraqalpaq biyleri Xiywa xanli'g'i'ni'n' ta'repinde diyqanlardi' yeziwge birgelikte qatnasqan.

Qaraqalpaq biyleri qaraqalpaq ruw aqsaqallari'na su'yenip is ali'p barg'an. Wolar xali'qtan ji'ynalg'an sali'qlar yesabi'nan bayi'p woti'rg'an. Bul jag'day ko'terilisler baslani'wi'na ali'p keldi.

Qaraqalpaqlar bazarlarg'a wo'zlerinin' awi'l xojali'q wo'nimlerin ali'p kelip woti'rg'an. Wolardi'n' arasi'nda bali'qshi'li'q, diyqanshi'li'q wo'nimleri bolg'an. Wolardi'n' ali'p kelip satqan wo'nimleri ushi'n ha'r tu'rli sali'qlar salg'an. Ma'selen, XIX a'sirdin' 50-ji'llari'nda sati'lg'an ha'rbir at ha'm qara mal ushi'n 21 ten'ge, qoy ushi'n yari'm ten'ge ali'ng'an. Bunnan basqa da ko'plegen sali'qlardi'n' atlari' Xiywa xanli'g'i'ni'n' sali'q ji'ynawshi'lardi'n' da'pterinde ani'q ko'rsetilgen. Qaraqalpaqlar Xiywa xanli'g'i'ni'n' barli'q bazarlari'nda wo'z wo'nimleri menen qatnasqan.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qaraqalpaqlar Kegeyli kanali'nan qansha kanallar qazi'p diyqanshi'li'q ushi'n suw alg'an?
2. Qaraqalpaqlar da'nli wo'simliklerden qanday yeginler yekken?
3. Qaraqalpaqlardi'n' sharwashi'li'g'i'nda ku'ren atamasi'ni'n' ma'nisin tu'sindirin'?
4. Qaraqalpaqlar arasi'nda wo'nermentshiliktin' qanday tu'rleri ken' rawajlang'an?
5. Buxara, Orenburg, Astraxan qalalari' menen qanday sawda baylani'slari' ju'rgizilgen?
6. Xiywa xanli'g'i'nda jer sali'g'i' ne dep atalg'an?
7. Zakat qanday mug'darda wo'ndirilgen?
8. Qazi'w islerine qaraqalpaqlar ji'li'na qansha adam jiberiwge minnetli bolg'an?

## §9. 1827—1828-ji'llardag'i' Aydos biy basshi'li'g'i'ndag'i' xali'q ko'terilisi

XIX a'sir dawami'nda qaraqalpaqlar arasi'nda Xiywa xanli'g'i'na qarsi' birneshe ma'rte xali'q ko'terilisleri ha'm basqa da ha'r qi'yli' formalardag'i' qarsi'li'q ha'reketleri boli'p turg'an. Wolardi'n' arasi'nda Aydos biy basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilis yen' iri ko'terilislerden yesaplanadi'.

Bul ko'terilis tuwrali' ko'plegen a'n'gimeler, gu'rrin'ler, da'stanlar toqi'li'p bizin' ku'nimizge shekem jetip kelgen. Sol

da'wirde jasag'an qaraqalpaq shayi'rlari' Berdaq, Wo'tesh shi'g'armalari'nda bul ko'terilis haqqi'nda ha'm woni'n' basshi'si' Aydos biy haqqi'nda ko'plegen tariyxi'y mag'luwmatlar saqlang'an.

Aydos biy Xiywa xanli'g'i'nda qon'i'ratlar dinastiyasi'na tiykar salg'an Muxammed inaq da'wirinde Xiywa xanli'g'i'ni'n' yen' sadi'q adamlari'nan bolg'an. Muxammed Amin inaq Aydosqa biylik lawazi'mi'n beredi. Wol wo'zinin' lawazi'mi'nan paydalani'p ha'm wo'zinin' iskerligi, uqi'pli'li'g'i' menen inaqti'n' ja'rdemi arqasi'nda Aral boyi'nda jasawshi' barli'q qaraqalpaqlardi'n' ha'kimi lawazi'mi'n iyeleydi.

Aydos biy biylik ha'kimshiligin ju'rgizip, woni'n' xalqi' Xiywa xanli'g'i'ni'n' puqarasi' bolg'an. Muxammed Amin inaq wo'lgennen keyin Aydos biy xi'zmet babi'nda ko'terilip xan menen jaqsi' qatnasta bolg'an. Al Muxammed Raxim xan taxtqa woti'rg'anda Aydos biyge alti'n menen tigilgen shapan, alti'n sapli' pi'shaq si'yli'q yetken ha'm wo'zinin' jarli'g'i' menen biy xi'zmetin bergen. Wol barli'q qaraqalpaq xalqi'ni'n' ha'kimi da'rejesinde Muxammed Raxim xang'a sadi'q xi'zmet yetken.

Usi' waqi'tlari' Aral qon'i'ratlari'ni'n' basshi'si' To'remurat suwpi' Xiywa xanli'g'i'na bag'i'nbay, Qon'i'ratti' xanli'qtan bo'lip ali'p wo'z aldi'na ma'mleket du'ziwge ha'reket islep ati'rg'an waqi't yedi. Bu ha'reketke qaraqalpaqlardi'n' da bir bo'limi qosi'lg'an. Wolarg'a Aydosti'n' inileri (Aydosti'n' ag'asi' Maybasti'n' balalari') Mi'rji'q penen Begis basshi'li'q yetken. Bul jag'day Aydos biydin' xan aldi'nda abroyi'n tu'sirip, Aydosti'n' i'zasi'n keltirgen.

Aydos biy To'remurat suwpi'g'a qarsi' keskin ha'reketler ju'rgizip, usi' uri'slar bari'si'nda, qorg'ani'w maqsetinde Xiywa xani'ni'n' ruqsati' menen Aqjag'i's boyi'nda (ha'zirgi Taxtako'pir rayoni' «O'zbekistan» xojali'g'i' aymag'i'nda) u'lken qorg'an saldi'rg'an. Aydos biy Muxammed Raxim xan ta'repinde turi'p To'remurat suwpi'g'a qarsi' uri'slarda belsendilik ko'rsetip, wo'zinin' inilerin ayap woti'rmag'an. Usi' uri'slar bari'si'nda da'slep Begis, son'i'nan Mi'rji'q Aydos biydin' no'kerleri ta'repinen wo'ltirilgen.

Usi'nday isleri arqali' Aydos biy Muxammed Raxim xan da'wirinde Xiywa xanli'g'i'nda joqari' ma'rtebege iye bolg'an.

Wol pu'tkil qaraqalpaqlardi'n' biyi si'pati'nda Muxammed Raxim xang'a sadi'q xi'zmetler yetken. Biraq Aydos biydin' wo'z inilerin wo'ltirtkeni ushi'n xali'q Aydos biydi qatti' qaralag'an. Usi'ni'n' na'tiyjesinde xali'q arasi'nda Aydos biydin' abi'royi' tu'sip, ta'siri azayadi'.

Muxammed Raxim xannan son'g'i' Xiywa xanlari' da'wirinde qaraqalpaqlar arasi'nan xang'a sadi'q jas biyler wo'sip shi'g'adi'. Wolar siyasiy islerge aralasa baslag'annan son', Aydos biydin' xan aldi'nda da ta'siri azaya baslaydi'. Yendi woni'n' xali'q ha'm xanli'q ishindegi wo'zinin' buri'ng'i' ma'rtebesin qaytadan yengiziw ushi'n qi'lg'an ha'reketlerinen na'tiyje shi'q-paydi'. Usi'layi'nsha Aydos biy xang'a qarsi' keyiptegi adamg'a aynali'p, xang'a qatti' wo'kpeli boladi'. Xiywa tariyxshi'si'ni'n' pikirinshe, Xiywa xani' Aydos biyge jaqsi' ko'zqaras penen qarag'an ha'm woni'n' isenimli adami' si'pati'nda ma'mlekettin' ishki islerine tiyisli ma'selelerde woni'n' menen geypara ma'selelerdin' u'stinde ken'esip turg'an. Aydos biy Xiywag'a kelgende woni' qabi'l yetip «biy baba» dep hu'rmetlep, qi'mbat bahali' sarpaylar menen si'ylag'an. Biraq yen' aqi'ri'nda bul ko'rsetilgen hu'rmet-izzetlerdi aqlamay wo'zinin' a'tirapi'na ku'shler toplap xang'a qarsi' ko'terilis shi'g'arg'an.

Xali'qti'n' socialli'q jag'dayi' to'menlep ketiwi na'tiyjesinde 1827-ji'li' qaraqalpaqlar sali'q to'lewden bas tarti'p ko'teriliske shi'g'adi'. Xiywa xani'na qas boli'p ju'rgen Aydos biy bul jag'daydan wo'z maqsetinde paydalani'p, ko'terilisshilerge basshi'li'qti' wo'z qoli'na aladi'.

Aydos biy Xiywa a'skerlerine qarsi' uri'sqa tayarlani'w ushi'n ka'tquda ha'm biylerdi Aral ten'izinin' boyi'nda Sari'ataw degen jerge ji'ynap ma'sla'ha't wo'tkeredi. Ji'y-nalg'anlardi'n' kelisimi menen qaraqalpaqlar arasi'na shabar-manlar jiberilip, wolar arqali' wo'zinin' buyri'g'i'n yelge tarat-qan. Bul buyri'qqa sa'ykes qaraqalpaqlar wo'zlerinin' bala-shag'alari', mal-mu'likleri menen birge Aydos biyge kelip qosi'li'wi' tiyis bolg'an, yeger kimde-kim buyri'qti' wori'nlamasa dushpan dep yesaplang'an.

Mine usi'nday ha'reketlerdin' na'tiyjesinde, qorg'ani'wg'a qolayli' jerde Aydosti'n' ta'repdarlari' ji'ynali'p qa'ndek qazi'p, woni'n' ishinde shattan ha'm arbalardan qorg'an jasag'an.

Biraq Aydosti'n' baslag'an bul ko'terilisin qaraqalpaqlardi'n' barli'g'i' quwatlamaydi'. Woni'n' a'tirapi'na ji'ynalg'anlar Xiywa xanli'g'i'na qarsi' uri'si'wg'a jeterli da'rejede bolmag'an. Sol sebepli ko'terilis baslani'wdan-aq Aydos basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilisshiler basqa yelge wo'tip ketiwge jol tutadi'.

29-iyulde Aydos biy wo'zinin' yeki balasi'n: Rza ha'm To'reni 300 bati'rg'a bas yetip, Qon'i'rat qorg'ani'na shabi'-wi'lg'a jiberedi. Usi' payi'tta Qon'i'rat qorg'ani'ni'n' basshi'si' bolg'an Muxammed Yakub Mushrip qorg'andi' qorg'awg'a basshi'li'q yetken. Uri's pesinge shekem dawam yetken. Aydos a'skerlerinin' birqanshasi' nabi't bolg'an, birazi' ten'iz ta'repke qashqan. Rza bahadi'r qaharmanli'q penen wo'z a'skerlerinin' qorg'ani's worni'na jetip bari'wi'na barli'q ilajlardi' islegen. Rza ha'm To're bati'r a'skerleri jen'iliske ushi'rag'an. Ko'terilis shi'g'i'wdan aldi'n qaraqalpaqlar arasi'nda sali'q ji'ynaw ushi'n Gedeyniyaz ma'hrem degen adam kelgen. Wol qaraqalpaqlar-di'n' qi'tay ruwi'ni'n' basshi'si' Bekpolat biydin' yeline kelgende ko'terilis tuwrali' xabardi' yesitken. Wonnan keyin Shonqara biy balasi' Qabi'l biyge keledi. Qabi'l biy woni' ji'lli' ju'zlilik penen ku'tip aladi'. Woni'n' u'yinde qali'p, ma'hrem Xiywag'a wo'z adamlari'n jiberedi. 1827-ji'li' 25-iyul ku'n'i Aydosti'n' ko'terilisi tuwrali' Xiywa xani' mag'luwmat aladi'. Xan Aydos a'skerlerin joq yetiw ushi'n arnawli' a'sker jiberip, woni'n' basshi'si' yetip Muxammed Nazarbiy inaqti' tayi'nlap Xojeli qalasi'na jibergen. Xan a'skerleri ha'm basshi'lari' Xojeli qalasi'ni'n' a'tirapi'nda lager quri'p jaylasqan.

Xojeli qalasi'ni'n' a'tirapi'nda Muxammed Nazar inaq ha'm Muxammed Rza qusbegi basshi'li'g'i'nda xanni'n' buyri'g'i' menen ko'terilislerge a'sker jiberiwge buyri'q bergen. Wol buyri'qta wolardi'n' wa'delerine isenbew, biy ha'm ka'tquda-lardi'n' ayag'i'na kisen sali'w, dushpan adamlardi' izlep tabi'w, wolardi' qamaqqa ali'w, mal-mu'liklerin xatqa sali'w buyi'-ri'lg'an.

Xanni'n' buyri'g'i'n alg'annan keyin a'mir Muxammed Nazar inaq ha'm wa'zir Muxammed Rza qusbegi Aydos a'skerlerine qarsi' yawmi't ha'm shawdi'rlardan du'zilgen a'skerlerinin' basi'na Shu'yinbiy, Dosumbiy, Muxammed Niyaz yasawi'lbasshi'lardi'n' basshi'li'g'i'ndag'i' a'skerlerdi jibergen. Bulardi'n' arasi'nda qaraqalpaqlardan ji'ynalg'an adamlar da

bolg'an. Wolardi'n' arasi'nda qaraqalpaqlardi'n' molla Da'wletnazar biydin' basshi'li'g'i'ndag'i' a'skerler qosi'li'p, Aydos basshi'li'g'i'ndag'i' a'skerlerge qarsi' atlang'an.

Aydos a'skerlerinin' jen'ilgeninen qapa boli'p, wo'zinin' jaqi'n adamlari' ha'm ag'ayinleri menen Sari'atawdi' taslap ketiwge ma'jbu'r bolg'an. Xali'q arasi'ndag'i' tariyxi'y gu'rrin'lerge qarag'anda, wol Aral ten'izinin' boyi'ndag'i' Qabaqli' ata qoyi'mshi'li'g'i'na tu'negen. Wol yendi Keltebas joli' menen Qoqan xanli'g'i' ta'repke qaray jol alg'an. Muxammed Nazar inaq bul tuwrali' xabardi' yesitip Aydos biy adamlari'ni'n' izinen arnawli' a'skerler jiberedi. A'skerbasshi'lar tez arada suw qorlari'n tayarlap Aydos biydin' izinen quwg'an. Wolar yeki ku'n dawami'nda jol ju'rip Shirik-Rabat degen yeski qorg'anni'n' qasi'nda izinen jetip, Aydosti'n' adamlari'n do'gereklep qorshap alg'an. Xan a'skerleri wolarg'a yelshi jiberip, woni'n' bag'i'ni'wi'n sorag'an. Aydos biy yelshinin' so'zlerine qulaq aspag'an ha'm wo'z adamlari'na bag'i'nbawdi' ha'm qarsi'li'q yetiwdi buyi'rg'an. Bul jerde Aydos biy u'lken bekinis (kuren) islep, to'rt ta'repke mi'lti'qshi' mergenler qoyi'p, woq ati'p qarsi'li'q ko'rsetken.

Biraq xan a'skerleri Aydos a'skerlerine sali'sti'rg'anda basi'm boli'p, bul sawashta jen'ip shi'g'adi'. Aydosti'n' qorg'ani' ali'ni'p, ko'terilisshilerden tiri qalg'anlari' tutqi'ng'a tu'sirilgen. Aydosti'n' wo'zi de tutqi'ng'a tu'sip, son'i'nan xan a'skerleri ta'repinen wo'ltirilgen. Bul sawashta tek g'ana u'sh adam qashi'p quti'lg'an. Wolardi'n' biri qoldawli' ruwi'nan Quwani'sh bati'r, yekewi qa'ndekli ruwi'nan Nepes ha'm Doshumqara degen adamlar bolg'an.

Sol ku'ni Xiywa xani'ni'n' a'skerleri Shirik-Rabatta tu'nep, yerten'ine Xiywag'a qaray jolg'a shi'qqan. Aydosti'n' basi'n kesip ali'p, Xiywa xani'na sawg'a yetiw ushi'n ali'p qaytqan. Xiywa a'skerleri qolg'a tu'sken mal-mu'liklerdi woljalap, jeti ku'n jol ju'rip a'skerler Xiywa qalasi'na jetip kelgen. Bul iste belsendi qatnasqan adamlar si'yli'qlang'an. Solardi'n' arasi'nda Xiywa xanli'g'i'na xi'zmet ko'rsetken qaraqalpaq biyleri Shonqara biydin' balasi' Qabi'l biy at ha'm kiyim-kenshek penen si'yli'qlang'an. Xiywa xani' Allaquli' xan geypara qaraqalpaq biylerin ha'm ka'tqudalari'n qulli'qtan azat yetip, wolardi'n' gu'nasi'n keshirgen.

Bul ko'terilis ha'm Aydos biy tuwrali' xali'q arasi'nda ha'r qi'yli' tariyxi'y pikirler qaldi'. Geyparalari' Aydosti' maqtasa, geyparalari' woni' qaralaydi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Aydos biy basshi'li'g'i'nda ko'terilis qashan baslang'an?
2. Qon'i'ratqa 300 no'ker menen atlani's jasag'an Aydos biydin' balalari' haqqi'nda ayti'p berin'.
3. Qon'i'ratti' Aydos a'skerlerinen qorg'awda kim basshi'li'q yetken?
4. Aydos biy basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilistin' sebeplerin atap wo'tin'.
5. Ko'terilisshiler jen'iletug'i'nli'g'i'n bilgen son' kelte bas joli' arqali' qayda barmaqshi' boladi'?
6. Ko'terilisti basti'ri'wdi' xan kimge tapsi'radi'?
7. Aydos biy qay jerde wo'ltirilgen?

## §10. 1855—1856-ji'llardag'i' Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'ndag'i' xali'q ko'terilisi

Xiywa xanli'g'i'ndag'i' awi'r social-ekonomikali'q jag'daydi'n' ta'sirinde Xiywa xanli'g'i' aymag'i'nda ko'terilisler payda boladi'. Bunday ko'terilisler wo'zlerinin' etnosiyasiy basqari'w sistemasi'na iye bolg'an qaraqalpaqlar ha'm tu'rkmenler arasi'nda kelip shi'g'adi'.

1855-ji'li' sentyabrde jan'adan xan bolg'an Qutli'muratqa bag'i'ni'wdan bas tarti'p, tu'rkmenler wo'zlerine Atamuratti' xan ko'terip ko'teriliske shi'qsa, usi' ji'li' noyabrde qaraqalpaqlar arasi'nda da ko'terilis payda boladi'. Bul ko'terilistin' basi'nda qon'i'rat ari'si'ni'n' qoldawli' ruwi'nan Yernazar Alako'z turadi'. Wol Xiywa xani' Muxammed Raxim xan da'wirinde pu'tkil qaraqalpaqlardi'n' basshi'si' bolg'an, 1827-ji'li' Xiywa xanli'g'i'na qarsi' xali'q ko'terilisine basshi'li'q yetken Aydos biydin' inisi bolg'an Mi'rji'q Maybasti'n' balasi' bolg'an. Maybas penen Aydos tuwi'sqan ag'a-inili. Mi'rji'q Xiywa xanli'g'i'na qarsi' uri'sqan ha'm Aydos no'kerleri ta'repinen wo'ltirilgen.

Yernazar Alako'z ko'teriliske shekem qaraqalpaqlar arasi'nda abi'royg'a iye biy bolg'an. Ko'teriliske shi'g'arda pu'tkil qaraqalpaqlardi'n' biyleri ji'ynali'p Xiywa xani'na qarsi' uri'si'wg'a, wo'z aldi'na xanli'q du'ziwge bel baylap kelisim du'zedi. Bul



Yernazar Alako'z.

kelisimge kelgen 60 biy bir alma bizge ant bolsi'n dep alpi'si' bir almani' ten' bo'lip jep, biri-birine sadi'qli'qqa ant yetedi.

Yernazar Alako'zdin' ko'r-setpesi menen ha'reketke xanli'q status beriw maqsetinde Zarli'q to'reni xan ko'teredi. Zarli'q to're Shi'ng'i's xan a'wladi'nan bolg'an. Zarli'q to're xan boli'p, woni'n' wa'zirleri Yernazar Ala-ko'z qon'i'rat ari'si' basi'nda, al Yernazar keneges won to'rt ruw basi'nda turadi'. Yernazar kene-ges belgili qaraqalpaq biyleri Shonqara biy, Qabi'l biylerdin' a'wladi'nan boli'p, biri a'kesi, yekinshisi babasi'. Wol ko'terilis waqti'nda jas jigit bolg'ani' sebepli Bala Yernazar dep te atalg'an. Wol jas boli'wi'na qaramastan qaraqalpaqlar arasi'nda soni'n' ishinde won to'rt ruw arasi'nda u'lken ta'sirge iye bolg'an.

Ko'terilisshiler Xiywa xanli'g'i'ni'n' arqa aymaqlari'n qolla-ri'na ali'p, Xiywa a'skerlerine qarsi' sawashlar ju'rgizedi. Xiywa xani' Qutli'murat dekabr ayi'ni'n' aqi'ri'nda ko'terilisti bas-ti'ri'w maqsetinde Yaqi'p ma'hrem ha'm Qudaybergen basshi'-li'g'i'nda jazalawshi' otryad jiberedi. Bul jazalawshi' otryad Qoshqar ata a'tirapi'ndag'i', son' basqa jerlerdegi jasap ati'rg'an xali'qti' tonap ko'p mug'darda woljalar menen Xiywag'a qaytadi'.

Qaraqalpaqlar ko'teriliske shi'qqan tu'rkmenlerge Xiywa xa-ni'na qarsi' birgelikte ha'reket qi'li'wdi' usi'ni's yetip, birneshe adamnan ibarat delegaciya jiberedi. Bul so'ylesiwler unamli' tu's ali'p, ko'terilisshiler birgelikte ha'reket yetiwge kelisedi. Wolarg'a 1856-ji'ldi'n' basi'nda Xorezmnin' arqa bo'liminde jasawshi' qazaqlar menen wo'zbekler de qosi'ladi'. Qon'i'rat ha'kimligi lawazi'mi'n iyelegen Jang'azi' to're ko'terilisshiler ta'repinde boladi'. Usi'layi'nsha worayi' A'miwda'ryani'n' won' jag'a-

li'g'i'nda Shi'mbaydi'n' qubla-bati'si'nda 30 shaqi'ri'm qashi'q-li'qta jaylasqan Jan'abazarda bolg'an jan'adan du'zilgen qaraqalpaq xanli'g'i' Xiywa xanli'g'i'na qarsi' uri'sta koaliciya du'ziwge yerisedi. Bul koaliciyani' du'ziwde Yernazar Alako'z u'lken rol atqaradi'. Wol usi' kelisimdi du'ziw maqsetinde Zarli'q xan menen birge Atamurat xan menen ushi'rasi'wg'a Go'ne U'rgenish qalasi'na kelip, so'ylesiwler ju'rgizgen.

Usi'lar menen qatar Yernazar Alako'z Qon'i'rat ha'kimi Jang'azi' to're menen birgelikte ko'terilisshilerdin' ati'nan Si'rda'ryani'n' shep jag'ali'g'i'nda jasawshi' qazaqlarg'a — qazaqlardi'n' worta ju'z sultani' Yelekey Qasi'movqa xatlar jazadi'.

Bul xatlarda: «Qaraqalpaqlardi'n', tu'rkmenlerdin', qazaqlardi'n' uli'si'ndag'i' aqi'lli' adamlari' menen woylasi'p, Xiywag'a qarsi' xali'q ma'pi ushi'n uri's basladi'q. Bizin' xalqi'mi'zdi'n' iygiligi ha'm paraxat jasawi' ushi'n yeski xanlardi'n' a'wladlari'nan bolg'an Zarli'qti' xan yetip ko'terdik. Yendi tu'rkmenler, qaraqalpaqlar ha'm qazaqlar arasi'nda ala awi'zli'q toqtadi', wolar bir-birinen bende yetip alg'an adamlari'n, tarti'p alg'an mallari'n ha'm zatlari'n bir-birine qayti'p beredi. Solay yetip, yendi bizlerdin' barli'g'i'mi'z ja'ne wo'zbekler awi'zbirshilik penen jasaymi'z», — dep ko'rsetedi.

Bul xatlar Aral boylari'nda jasawshi' xali'qlardi'n' wo'z xanli'g'i'ni'n' du'zilgenligin bildiriwshi iske asi'ri'lg'an diplomatiyali'q ilaj yedi. Ko'terilis basshi'lari' wo'zlerinin' jaqi'n qon'si'lari' menen kelisip qoymastan ali'stag'i' Si'rda'rya jag'alari'ndag'i' Xiywa xanli'g'i' dushpanlari' bolg'an qazaqlar menen ji'lli' qatnaslar du'ziwge ha'reket jasag'an. Za'ru'r bolg'an jag'dayda Si'rda'rya qazaqlari'nan ja'rdem sorawdi' ko'zde tutqan.

Xiywa xani' Qutli'murat xan ko'terilisshilerdin' isi kem-kem rawaj ali'p barati'rg'anli'g'i'nan qa'wiplenip, tu'rkmen ko'terilisshilerinin' basshi'lari' menen kelisim du'ziw siyasati'n a'melge asi'rmaqshi' boladi'. Bunnan maqset, qaraqalpaqlardi' birinshiden awqamlaslari'nan ayi'ri'w, yekinshiden tu'rkmenlerdin' a'skeriy ku'shin qaraqalpaqlarg'a qarsi' qollani'w yedi. Bul siyasat Xiywa xani' ushi'n yen' duri's siyasat yedi. Biraq Qutli'murat xan bul siyasatti' a'melge asi'ra almaydi'. Buni' a'melge asi'ri'wg'a Qutli'murattan son'g'i' Xiywa xani' Seydmuxammed xan yerisedi. Qutli'murat xan 1856-ji'li' fevral ayi'ni'n' basi'nda tu'rkmenler arasi'nan wo'zine ko'plegen

ta'repdar ji'ynag'an inisi Muxammed Niyaz ta'repinen wo'ltiriledi. Wol yeki mi'n' atli' a'sker menen Xiywag'a basi'p kirip, xan sarayi'n iyeleydi ha'm Qutli'murat xandi' wo'ltiredi. Bul uri's bari'si'nda Muxammed Niyazdi'n' wo'zi de aman qalmaydi'. Woni' yertip kelgen a'skerleri menen qosi'p Xiywa a'skerleri qi'ri'p taslaydi'.

1856-ji'li' 12-fevral ku'ni Xiywa taxti'na Seydmuxammed woti'radi'. Wol xanli'q taxti'na woti'ri'wdan Qutli'murat xanni'n' a'melge asi'rmaqshi' bolg'an isin dawam yetedi. Wol da'rha'l a'sker toplap ko'terilisshi tu'rkmenlerdi bag'i'ndi'ri'wushi'n wo'zinin' tu'rkmenler arasi'ndag'i' buri'ng'i' baylani'slari'n iske sali'p, tu'rkmenlerdin' bir bo'limin wo'zine qaratadi'. Atamurat xan wo'zinin' buri'ng'i' qu'diretinen ayi'ri'li'p Seydmuxammed xanni'n' soqqi'si'na duwshar boladi'.

Seydmuxammed xan tu'rkmenlerdin' bir bo'legin bag'i'ndi'ri'p, ko'terilisshilerdin' birlesken ku'shine sheshiwshi soqqi' bergennen keyin ko'terilis basshi'lari' arasi'nda jikleniwshilik payda boladi'. Basi'nda keneges Yernazar bolg'an won to'rt ruw biyleri ko'terilistin' keleshegine isenbey Xiywa xani' ta'repke wo'tip ketedi. Bul jag'day qaraqalpaqlardi'n' wo'n to'rt ruw ari'si'ni'n' ten' jari'si'ni'n' ko'terilisshilerden qol u'ziwine ali'p keledi. Yekinshiden Xiywa xani' ta'repke wo'tip ketken biyler wo'zleri menen ketpey qaraqalpaqlar xani' Zarli'qti' «wo'zinin' puqaralari'n ko'rsin», — dep aldap ali'p ketip, Xiywa xani' Seydmuxammedke apari'p beredi. Usi'layi'nsha jan'adan du'zilgen qaraqalpaqlar xanli'g'i' xansi'z qaladi'. Bul na'rse ko'terilisshilerge wo'zinin' ruwxi'y unamsi'z ta'sirin tiygizedi. Ko'terilistin' ideyali'q basshi'si' Yernazar Alako'z ko'terilis tamamlani'p, qaraqalpaqlar xanli'g'i'ni'n' ta'g'diri sheshilgenligin tu'sinse de Xiywa xanli'g'i'na bag'i'ni'wdan bas tartadi'. Wol wo'zinin' do'geregine ji'ynalg'an sadi'q qurallaslari' menen 700 u'yli xojali'q boli'p, Qazaqda'ryani'n' ten'izge quyarli'g'i'nda bekkem qorg'an saldi'radi'. 1856-ji'ldi'n' 29-marti'nda Seydmuxammed xan u'lken a'sker toplap Yernazar qorg'ani'na qamal jasaydi'. Ko'terilisshiler dushpang'a qatti' qarsi'li'q ko'rsetedi, adam ku'shi jag'i'nan wog'ada basi'm boli'wi'na qaramastan qanshelli ku'sh sali'p jigerli tu'rde topi'li's jasasa da xan a'skerleri qorg'andi' iyeley almaydi'. Qamal derlik u'sh ayg'a jaqi'n dawam yetedi. Xiywa a'skerleri qorg'andi' ku'sh penen

qolg'a kirgize almaydi'. 1856-ji'li' 12-iyun ku'ni Yernazar qi'yanetshilik penen satqi'nni'n' atqan wog'i'nan qazalanadi'. Tek usi'nnan son' g'ana Yernazarqala Xiywa a'skerleri ta'repinen qolg'a kirgiziledi. Usi'layi'nsha ko'terilistin' aqi'rg'i' tiregi qi'yrati'ladi', Zarli'q xan Xiywa qalasi'nda awi'r jazalarg'a giriptar yetip wo'ltiriledi.

Yernazar Alako'z bul ko'teriliste xali'q ishinen shi'qqan xali'q bati'ri' retinde ko'zge tu'sedi. Wol wo'mirinin' aqi'ri'na shekem wo'zinin' niyetine, ko'terilisshilerge sadi'q bolg'an. Jeke basi'ni'n' g'ami' ushi'n ko'terilisshilerdi taslap qashpag'an.

Yernazar Alako'z tuwrali' O'zbekistan Respubliksi'ni'n' Prezidenti Islam Karimov 1997-ji'li' 17-iyunde Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esinin' na'wbetten ti'sqari' sessiyasi'nda shi'g'i'p so'ylegen so'zinde Yernazar Alako'zdi a'dalat ha'm ten'lik, azatli'q ha'm yerkinlik ushi'n gu'res ju'rgizgen ju'rekli qaraqalpaq perzentlerinin' biri dep joqari' bahaladi'[1].

Yernazar Alako'z 1806-ji'li' tuwi'li'p, Aral jag'alari'nda A'miwda'ryani'n' ten'izge quyar jerinde 1856-ji'li' 12-iyunde sheyit bolg'an.

Ko'terilisshiler Xiywa xanli'g'i'nan bo'linip g'a'rezsiz ma'mleket boli'p jasawdi' maqset yetip qoyg'an.

Aral boyi'nda jasag'an Aral wo'zbekleri, qaraqalpaqlar, qazaqlar, tu'rkmenler birigip wo'z aldi'na xanli'q quri'wdi' maqset yetken. Qaraqalpaqlar wo'z tariyxi'na, ma'mleketshiligine iye boli'p wo'z yelshilerin shet ma'mleketlerge, soni'n' ishinde Rossiya ma'mleketi basshi'si' Petr I menen diplomatiyali'q ha'm sawda qatnasi'qlari'na iye bolg'anli'g'i' tuwrali' ko'plegen jazba derekler bar. Yernazar Alako'z ko'terilis basshi'si' qusbegi yag'ni'y a'sker basi' boli'p qazaqti'n' to're ruwi'nan Zarli'q degen adamdi' xan dep dag'azalag'an.

Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilis tuwrali' ju'da' ko'plegen tariyxi'y derekler saqlang'an. Wolardi'n' arasi'nda Xiywa xanli'g'i'ni'n' jazba tariyxi'y shi'g'armalari'nda mag'luwmatlar jazi'li'p qalg'an.

---

[1] **I. Karimov.** Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo'lida. 6 tom, Tashkent, «O'zbekiston» 1998, 268 bet.

A'sirese qaraqalpaq xalqi'ni'n' ulli' shayi'ri' ha'm baqsi'si' bolg'an Berdaq shayi'rdi'n' Yernazar biyge bag'i'shlang'an poeziyali'q qatarlari' Yernazar Alako'zdin' xarakterin, woni'n' aldi'na qoyg'an maqsetlerin tu'siniwge ja'rdem beredi. Wol wo'jet ha'm bati'r, Xiywa xanlari'na qarsi' boli'p, wo'limnen de qori'qpay aqi'ri'na shekem wo'z maqsetinde turg'an ma'rt azamat yetip ko'rsetken.

Xan a'skerlerinin' basshi'si' ta'repinen wog'an arnawli' adamlar jiberip, kelisimge keliw tuwrali' usi'ni's yetilgende wol ti'n'lamay sondag'i' aytqan mi'na so'zlerin Berdaq shayi'r keltirip wo'tken:

Meni heshkim tilemesin,
Jali'ni'p sorap ju'rmesin,
Men wo'lgende ji'lamasi'n,
Dedi ari'slan Yernazar biy.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qashan qaraqalpaqlar arasi'nda Xiywa xanli'g'i'na qarsi' ko'terilis payda boldi'?
2. Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilisshiler kimdi xan yetip ko'teredi?
3. Yernazar Alako'z ko'terilisshilerdin' du'zgen xanli'g'i'nda qanday lawazi'mdi' iyelegen?
4. Xiywa xani' Qutli'murat dekabr ayi'ni'n' aqi'ri'nda ko'terilisti bas-ti'ri'w maqsetinde jibergen jazalawshi' otryadqa kimler basshi'li'q yetedi?
5. Ko'terilisshiler ta'repinde bolg'an Qon'i'rat ha'kimin ani'qlan'.
6. 1856-ji'li' fevral ayi'ni'n' basi'nda Xiywa xanli'g'i'nda ma'mleketlik awdari'spaq ju'z beredi. Xiywa xani' Qutli'murat kim ta'repinen wo'ltiriledi?
7. Yernazar Alako'z wo'zinin' ta'repdarlari' menen qay jerden qorg'an saladi' ha'm wol jerde xan a'skerlerinen qorg'anadi'?
8. Yernazar Alako'z qay jerde ha'm qashan qazalanadi'?

## §11. 1858—1859-ji'llardag'i' Qon'i'rat ko'terilisi

Xiywa xani' Seydmuxammed xan 1855—1856-ji'llardag'i' Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlardi'n' wo'z aldi'na xanli'q du'ziw maqsetindegi ko'terilisin basti'rg'ani' menen xanli'qta pu'tkilley ti'ni'shli'q wornati'wg'a yerise almadi'.

Usi'nday xali'qli'q ha'reket 1858-ji'li' Qon'i'rat qalasi'nda payda boldi'. Bunda xali'qti'n' social-ekonomikali'q jag'daylari'ni'n' awi'rli'g'i', Xiywa xani' Seydmuxammed xan ta'repinen qoyi'lg'an Qon'i'rat ha'kimi Qutli'muratti'n' xali'qti' basqari'wdag'i' biybastaqli'g'i' tiykarg'i' sebep boldi'.

Ko'teriliske Muxammed Pana[1] (Panaxan) basshi'li'q yetti. Qon'i'ratli'lar qala ha'kimi Qutli'muratti' ha'dden ti's zuli'mli'g'i' sebepli wog'an qarsi' til biriktirip, woni' wo'ltiredi ha'm Muxammed Panani' xan yetip ko'teredi. A'miwda'ryani'n' pu'tkil shep jag'ali'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlar, wo'zbekler, qazaqlar ha'm tu'rkmenler ko'terilisshiler ta'repine wo'tip, tazadan du'zilgen xanli'q puqarasi'na aynaladi'.

Panaxan Qon'i'rat qalasi'n wo'z xanli'g'i' paytaxti'na aylandi'ri'p, ma'mleketlik basqari'w sistemasi'n, qorg'ani'w du'zimin iske asi'ri'wg'a ha'reket yetedi.

Wo'z xanli'g'i'ni'n' a'skeriy qu'diretin ken'eytiw maqsetinde tu'rkmenler ko'semi Atamurat xan menen kelisim du'zedi. Bul kelisim boyi'nsha ko'p mug'darda tu'rkmen no'kerleri Panaxang'a jiberiledi. Tu'rkmen no'kerlerinin' ko'beyip ketiwi na'tiyjesinde Panaxan tu'rkmen a'sker basi'lari'ni'n' ta'sirine tu'sip qali'p, wo'zinin' siyasiy basqari'w islerinde g'a'rezsizligin joytadi'.

Panaxanni'n' tu'rkmen no'kerlerine to'leytug'i'n qarji'si' bolmag'anli'qtan no'kerlerdi ha'r u'yge bo'lip beredi. Wolar ha'r atli'g'a ku'nine yeki g'u'mis ten'ge to'lewi tiyis bolg'an. Xali'qti'n' ku'n ko'riw jag'daylari' kem-kem to'menlep barg'an. Tu'rkmen no'kerlerine to'leniwi tiyis bolg'an to'lem waqti'nda wo'ndirilmey qali'w jag'daylari' jiyilesip, bul jag'day tu'rkmen no'kerlerinin' wo'z bilgenin islewine si'ltaw bolg'an. Wolar tu'rli si'ltawlar menen qon'i'ratli'lardi'n' mal-mu'lkin tarti'p alg'an. Tu'rkmen a'skerlerine to'lewge hesh na'rsesi bolmag'anlardi'n' balalari'n tarti'p ali'p, tu'rkmenler wo'z awi'llari'na apari'p sati'p jibergen. Kimde-kim bul zorli'q-zombi'li'qlarg'a qarsi' tursa, Panaxan ta'repinen ayawsi'z jazalang'an.

Usi'lardi'n' sebebinen Panaxan wo'zinen xali'qti' uzaqlati'p aladi', xali'q yendi woni' buri'ng'i'day qollap-quwatlamaydi',

---

[1] Russha jazba dereklerde ha'm a'debiyatlarda Muxammed Fena dep keltiriledi.

kerisinshe wog'an narazi'li'q ku'sheyedi. Asti'rti'n wog'an qarsi' ha'reketler ju'rgize baslaydi'. Usi'nday jasi'ri'n ha'rektlerdin' biri buri'ng'i' Qon'i'rat ha'kimi Qutli'murat ta'repdarlari' ta'repinen sho'lkemlestirilip, bunda wolar jasi'ri'n til biriktiriw arqali' Panaxandi' wo'ltirmekshi boladi'. Biraq wolardi'n' ha'reketleri sezilip qali'p, til biriktiriwshiler Panaxanni'n' buyri'g'i' menen darg'a asi'ladi'. Bul wo'z gezeginde Panaxan buri'ng'i'dan da beter tu'rkmenlerdin' ta'sirine tu'siwin ko'beytip jiberedi. Kem-kem Panaxan tu'rkmen sa'rdarlari'ni'n' qoli'ndag'i' quwi'rshaqqa aylanadi'.

Xali'q yendi Qon'i'rattan ali'slap, Panaxanni'n' zuli'mli'g'i'nan quti'li'wg'a ha'reket yetedi. Qaraqalpaqlar menen qazaqlar Qon'i'ratti' taslap shi'g'i'p, ali's jerlerge jaylasi'p qa'ndekler qazi'w, qorg'anlar quri'w arqali' Panaxan no'kerlerinen awlaqta boli'wg'a, wolardan qorg'ani'wg'a ha'reket qi'lg'an.

Usi'nday uri's-qag'i's, jawgershilik jag'dayi'nda yel arasi'nan iri siyasiy iskerler, wo'z xalqi'ni'n' patriotlari' bolg'an yel ag'alari' jetisip shi'qqan. Wolar yendi Xiywa xani' ta'repine wo'tip xalqi'n qi'rg'i'nnan aman ali'p qali'wg'a ha'reket qi'lg'an. Solardi'n' biri Molla Pirim bolg'an. Wol barli'q qaraqalpaq qa'wimlerin ji'ynap, Talli'q da'ryasi'ni'n' boyi'na qala saldi'rg'an. Woni'n' niyeti xali'qti' tu'rkmen a'skerlerinin' shabi'wi'llari'nan qorg'aw bolg'an. Wolar Panaxang'a a'sker beriwden ha'm sali'qlar to'lewden bas tartqan. Molla Pirim Xiywa xani' ta'repinde boli'p, wolar menen asti'rti'n baylani's wornati'p turg'an. Buni' bilgen Panaxan Molla Pirimdi wo'zine dushpan sanap, woni'n' basshi'li'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlarg'a shabi'wi'llar jasap turg'an. Sonday-aq, Panaxan no'kerleri Qon'i'rat a'tirapi'ndag'i' qazaqlarg'a da topi'li's jasag'an. Xiywa xani' qazaqlarg'a ja'rdem retinde 500 adamli'q no'ker jiberip, wolardi'n' ja'rdemi menen qazaqlar tu'rkmen a'skerlerinin' topi'li'si'nan qorg'ang'an.

Qon'i'rat a'tirapi'ndag'i' qaraqalpaqlardi'n' awhali' ju'da' awi'rlasi'p, wolar Molla Pirimnin' qorg'ani'na kelip, tu'rkmenlerdin' topi'li'slari'nan qorg'ang'an. Tu'rkmen a'skerleri qorg'andi' qorshap alg'an. Qamal uzaq dawam yetken, ku'shler ten' bolmag'anli'g'i' sebepli wolar qorg'ang'a basi'p kirgen ha'm wolardi' qi'rg'i'ng'a ushi'ratqan. Tiri qalg'anlari'n quwg'i'n yetip, shet yellerge sati'p jibergen. Bul apatshi'li'q xali'q

yadi'nda uzaq saqlang'an. Bul jerdegi 1500 xojali'qtan birneshe wonlag'an xojali'q g'ana aman qalg'an. Qalg'anlari' wo'ltirilgen yamasa tutqi'ng'a ali'ng'an.

Qaraqalpaq klassik shayi'ri' A'jiniyaz Qosi'bay uli' usi' waqi'yalardi' basi'nan keshirip, qaraqalpaqlar arasi'nda ken'nen taralg'an «Bozataw» shi'g'armasi'n do'retken.

Ma'mlekettin' ishki jag'daylari'n du'zey almag'an Panaxan jag'daydi' Rossiya ma'mleketinin' a'skeriy ku'shleri ha'm qollap quwatlawi' arqali' duri'slawg'a yerispekshi boladi'. Soni'n' menen birge Panaxan tu'rkmen no'kerlerinin' ku'shi Xiywa xani'na qarsi' uri'sqa jetkiliksiz yekenligin tu'sinedi.

Panaxan Atamurat xan menen birge 1859-ji'li' mart ayi'nda Rossiyadan ja'rdem sorap wo'z yelshileri arqali' Orenburg general-gubernatori'na xat jollaydi'. Bul da'wirge kelip Qon'i'rat ko'terilisshilerinin' jag'dayi' ju'da' keskinlesken yedi. Qala a'tirapi'ndag'i' xali'q qazaqlar ha'm qaraqalpaqlar Panaxang'a bag'i'ni'wdan bas tartadi', yekinshi jag'i'nan Xiywa a'skerleri wo'z topi'li'slari'n baslap jiberedi. Usi' jag'daydan shi'g'i'w ushi'n Panaxan wo'z yelshileri arqali' to'mendegi mazmunda xat jollaydi': «birinshiden allag'a isenemiz, yekinshiden, sizge isenip, qu'diretin'iz ku'shli bolg'an sizin' sayan'i'z bizge tu'sedi dep u'mit yetemiz. Yeger bizin' sizge u'mit baylaytug'i'nli'g'i'mi'zdi'n' sebebin sorasan'i'z, sizin' patshali'q qu'diretin'iz».

Bul xat arqali' Panaxan ruslardi'n' a'skeriy ku'shinen paydalani'p wo'zinin' ha'kimligin saqlap qali'wg'a, yeger mu'mkinshilik tuwg'i'zi'lsa Xiywa taxti'n iyelewge ha'reket qi'ladi'.

Bul waqi'tta Rossiya hu'kimetinin' Worta Aziyag'a, soni'n' ishinde Xiywa xanli'g'i'na qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' ku'shli yedi. Sol sebepli Muxammed Pana ha'm Atamurat xanni'n' yelshileri Orenburg qalasi'nda Rossiya hu'kimeti wa'killeri ta'repinen ji'lli' ju'z benen ku'tip ali'nadi'. Wolarg'a Patsha hu'kimeti ta'repinen ja'rdem beretug'i'nli'g'i' yeskertiledi. Usi' kelisimnin' tiykari'nda 1859-ji'li' 14-iyun ayi'nda Patsha Rossiyasi'ni'n' Aral flotiliyasi' komandiri A. I. Butakov «Perovskiy» paraxodi' ha'm yeki barjasi' menen, Qon'i'ratti' qolda uslap turi'w ushi'n belgilengen piyada a'skerlerdi tiyep, Aral ten'izi arqali' wo'tip, A'miwda'ryani' wo'rlep ju'zip, Qon'i'ratqa qaray jol aladi'. Wolar Aral ten'izinen da'ryani'n' kishkene da'rya tarmag'i' arqali' ju'zip 24-iyun ku'ni azanda Qon'i'ratqa jetip keledi.




Qon'i'rat ko'terilisi.

A. I. Butakov kelgen waqi'tta Xiywa xani' Seydmuxammed xan Qon'i'rat qalasi'n qamal qi'li'p turg'an yedi. Xiywa xani'ni'n' tikkeley wo'zinin' basshi'li'g'i'nda Xiywa a'skerleri Ruslardi'n' jaqi'nlasi'p kiyati'rg'anli'g'i'n yesitip, qala qamali'n bosati'p, 21-iyun ku'ni Talli'qti'n' won' jag'ali'g'i'ndag'i' Qubataw ta'repke sheginedi. 21-iyun ku'ni azanda 10 mi'n' adamli'q a'skeri menen Qubatawg'a jaqi'nlag'an jerde ruslardi' gezlestiredi. Biraq ruslar menen uri'spay sheginip, waqi'yani' shiyelenistirmey keynin ku'tiwdi uyg'ardi'.

A. I. Butakov basshi'li'g'i'ndag'i' rus a'skerlerine Rossiya hu'kimeti ta'repinen belgilengen wazi'ypa ko'terilisshilerdi Xiywa xani' menen jarasti'ri'w, A'miwda'ryani'n' won' jag'ali'g'i' arqali' Rossiyag'a baratug'i'n Buxara ka'rwanlari'n qorg'aw minnetin wolarg'a ju'klew, Xiywa-Rossiya ka'rwanlari'na kesent bermew, rus kemelerine wo'tip ha'm azi'q-awqatlar sati'w islerin ko'terilisshiler moyni'na ju'klew yedi. A. I. Butakov bul waqi'yalardi'n' hesh qaysi'si'n da wori'nlay almaydi'. Sebebi bul waqi'tqa kelip Qon'i'ratta jag'day pu'tkilley wo'zgergen yedi. Yendi Xiywa xanli'g'i' qurami'ndag'i' qarama-qarsi'li'qlarg'a Angliya hu'kimeti aralasadi'.

Rossiya hu'kimetinin' dosli'q qatnasi'na umti'li'p ati'rg'an Atamurat xanni'n' ha'reketinen xabar tapqan Angliya hu'kimeti wo'zinin' qarsi'lasi' Rossiyani'n' Worta Aziyag'a ta'siri ku'sheyip ketiwinin' aldi'n ali'w maqsetinde Atamurat xan menen baylani's jasaydi'. A. I. Butakov basshi'li'g'i'ndag'i' Rossiya paraxodi' Qon'i'ratqa kelmesten aldi'n 1859-ji'ldi'n' ba'ha'rinde Tu'rkmenstandag'i' Atamuratxang'a Angliya agentleri keledi ha'm Atamurat xandi' Angliya ta'sirine tu'sirip, woni' Rossiya dushpani'na aylandi'radi'. Atmuratxan wo'zinin' Rossiyag'a qatnasi' wo'zgergen son', Qon'i'ratqa 300 atli' jiberip, qaladag'i' basshi'li'qti' wo'zinin' qoli'na aladi'.

Tu'rkmen sa'rdarlari' qoli'ndag'i' quwi'rshaqqa aynalg'an Panaxan rus a'skerleri ja'rdeminen paydalani'w mu'mkinshiliginen de ayri'ladi'.

Panaxan A. I. Butakov basshi'li'g'i'ndag'i' delegaciya kelgende ko'zabag'a so'ylesiw ju'rgizedi. Wolar ruslardi'n' talabi'n wori'nlawdan bas tartadi', wo'zi ta'repinen, wori'nlaw mu'mkin bolmag'an talaplardi' Rossiya wa'killerine wazi'ypa yetip ju'klewge ha'reket qi'ladi'.

Muxammed Panaxan ruslar ja'rdeminde Xiywa taxti'n iyelemekshi boladi'. Woni'n' do'geregindegi tu'rkmen sa'rdarlari' Xojeli ha'm Qi'pshaq qalalari'n talawdi' maqset yetedi. So'ylesiwler juwmag'i' na'tiyjesiz tamamlani'p, A. I. Butakov wo'z paraxodi' menen 1-iyul ku'ni qayti'p ketip qaladi'.

Juwmag'i'nda ma'mleketlik basqari'wda adminstrativ, siyasiy ha'm diplomatiyali'q qa'teler jibergen Panaxan ko'p uzamay 1859-ji'li' avgust ayi'nda til biriktiriwshiler ta'repinen wo'ltiriledi. Bul til biriktiriw Xiywa xani' ko'rsetpesi arqali' iske asi'-

ri'ladi'. Qon'i'rat Xiywag'a birlestirilip, xan ta'repinen Qon'i'rat ha'kimi yetip Matmurat biy belgilenedi.

Usi'layi'nsha xali'q ta'repinen, a'dilsizlikke qarsi' gu'res stixiyali' tu'rde payda boli'p, son'i'nda ko'terilis basshi'lari'ni'n' ko'terilisshilerdi wo'z maqsetinde paydalani'wg'a uri'ni'wi' na'tiyjesinde ko'terilis xali'qli'q ko'terilis tu'sin joyti'p, siyasiy gu'res, siyasiy ku'shlerdin' vlasti' ushi'n talasi' tu'rine aylandi'. Panaxanni'n' uqi'psi'zli'g'i' sebepli woni'n' du'zgen xanli'g'i' bul ha'rekette ishki ha'm si'rtqi' ta'sirlerge shi'dam bere almay tez arada qulap qaladi'.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qashan Qon'i'rat qalasi'nda ko'terilis payda boldi'?
2. Ko'teriliske kim basshi'li'q yetti?
3. Da'slebinde ko'terilisti qollap-quwatlag'an xali'q ne sebep ko'terilis basshi'si' Panaxandi' buri'ng'i'day qollap-quwatlamaydi', kerisinshe wog'an narazi'li'q bildiredi?
4. Panaxan kimlerdin' qoli'nda quwi'rshaqqa aylanadi'?
5. Ne sebep Panaxan Molla Pirimdi wo'zine dushpan dep sanag'an?
6. Panaxan Rossiya menen so'ylesiwler ju'rgizgende qanday maqsetti ko'zde tutqan?
7. A. I. Butakov basshi'li'g'i'ndag'i' Rossiyani'n' wa'killeri Qon'i'ratqa qashan ha'm ne maqsette keledi?
8. Panaxan qashan ha'm kimler ta'repinen wo'ltiriledi?

## §12. Qaraqalpaqlarda basqari'w sistemasi' ha'm ma'mleketshiligi

Qaraqalpaqlar Xorezmdegi wo'zbekler menen birge Xiywa xanli'g'i'ni'n' arqa jag'i'nda Aral ma'mleketin du'zedi. Woni'n' worayi' da'slep ha'zirgi Qon'i'rat qalasi' boladi'. Wonnan son' Shi'mbay (Shaxtemir) qalasi' boladi'. Aralli' qaraqalpaqlar ha'm wo'zbekler XIX a'sirdin' baslari'na deyin wo'zlerin-wo'zleri basqari'p Xiywa xanlari'nan g'a'rezsiz jasag'an.

1747—1810-ji'llar ishinde Jan'ada'rya qaraqalpaqlari' menen aralli' wo'zbekler arasi'nda wog'ada ti'g'i'z siyasiy, ekonomikali'q baylani'slar wornaydi'. Ha'tte wolar birigip ketip A'miwda'ryani'n' to'mengi jag'i' menen Jan'ada'ryani'n' arasi' «qaraqalpaq yeli» dep ataladi'. Bul yeki topar Aral ma'mleketi dep

atalg'an bir xanli'qqa birigedi. Qaraqalpaqlar XVIII a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda wo'zinin' g'a'rezsiz ma'mleketine iye bolg'an. Wolar 1750—1770-ji'llari' Qazaq, Buxara, Xiywa xanlari'ni'n' shabi'wi'llari'n tabi'sli' tu'rde qaytari'p turadi'. Bul da'wirlerde qaraqalpaqlardi'n' arasi'nda da Nurtay, Maman biy, Wori'nbay biy, Begis, Mi'rji'q, Yesengeldi, Aydos biy basqarg'an qaraqalpaq ma'mleketshiligi bolg'an. Aralli' wo'zbeklerde To're biy degen ataqli' basshi'lari' bolg'an. Wolar Aral boyi'ndag'i' xali'qlar menen ti'g'i'z baylani'sta bolg'an.

Qaraqalpaqlar wo'z aldi'na qon'si' yeller menen sawda-sati'q jumi'slari'n ju'rgizgen. 1700-ji'li' Xiywa Shaxniyazdi'n' yelshisi Dostek Baxadi'r Rossiya menen baylani's jasawg'a ha'reket yetedi. 1721-ji'li' Yeshmuxammed xan Rossiyag'a mi'n' tu'yeden ibarat ka'rwan jiberedi. Qaraqalpaqlar, a'sirese bashqurtlar menen ti'g'i'z baylani'sta bolg'an.

Xiywa xanli'g'i'ni'n' shegaralari' turaqli' yemes yedi. Ma'mleket ishindegi ha'm qon'si' yellerdegi siyasiy waqi'yalardi'n' wo'zgeriwi menen wolardi'n' ta'sirinde ma'mleket shegaralari' da wo'zgerislerge ushi'rap woti'rg'an. XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda Xiywa xanli'g'i' menen qon'si'las jag'dayda jasap ati'rg'an tu'rkmenler, qazaqlar ha'm Jan'ada'rya qaraqalpaqlari' jasaytug'i'n aymaqlar a'skeriy ju'risler na'tiyjesinde xanli'qti'n' qurami'na qosi'p ali'nadi'. Xanli'qti'n' shegarasi' ken'eytilip, xalqi'ni'n' sani' ko'beytiledi. Biraq ko'shpeli ruwlar jasaytug'i'n sho'ller ju'da' u'lken aymaqti' iyelegenligi sebepli, xanli'qti'n' sho'llerde ani'q belgilengen shegaralari' joq yedi.

Xiywani' qorshap turg'an suwsi'z sahralar qon'si' ma'mleketlerden bo'leklep, bul jerdi bir pu'tin ekonomikali'q rayong'a aylandi'ri'p turadi'. Bunday geografiyali'q jaylasi'w wo'zgesheligi xanli'qti'n' xali'qli'q du'zilisine de ta'sir jasap turg'an. Xanli'qta wo'zbekler, tu'rkmenler, qaraqalpaqlar, qazaqlar ha'm basqa da xali'qlar jasag'an. XIX a'sirdin' 40-ji'llari'nda xanli'qta uluwma 900 mi'n' shamasi'nda xali'q jasag'an.

Xiywa xanli'g'i' monarxiyali'q ma'mleket boli'p, ma'mleket basi'nda qon'i'ratlar dinastiyasi'nan shi'qqan xanlar turg'an. Xanli'q atadan balag'a miyras bolg'an. Xan sheklenbegen ha'kimiyatqa iye bolg'an. Ma'mleketlik basqari'wda xan saray xi'zmetkerleri ha'm ma'mlekettegi diniy basshi'lardi'n' ja'rdemine su'yengen. Xiywa qalasi' ma'mlekettin' paytaxti' boli'p,

ma'mleket basshi'si'—xanlar usi' qalada woti'ri'p ma'mleketlik basqari'w islerin ju'rgizgen. Ma'mleket administrativlik jaqtan to'mendegishe 15 beklik ha'm wa'layatlarg'a bo'lingen: Pitnek, Xazarasp, Xanqa, U'rgenish, Qoshko'pir, Gazavat, Qi'yat, Tashawi'z, Ambar-Manax, Gu'rlen, Go'ne U'rgenish, Xojeli, Shomanay, Qon'i'rat, bunnan ti'sqari' kishirek wa'layat yesaplang'an Besari'q ha'm Qi'yat. Qon'i'rat dep atalg'an yeki nayi'pli'q bolg'an.

Bunday ha'rbir beklik yaki wa'layatlardi'n' basi'nda xan ta'repinen belgilengen adamlar ta'repinen basqari'lg'an. Wolar wo'zlerine bekitilgen jerde nayi'p yamasa ha'kim bolg'an. Xanli'qta basshi' ataqlardi'n' yen' u'lkeni inaq, wonnan keyin atali'q, biy bolg'an. Xanli'qtag'i' ha'rbir ha'meldardi'n' wazi'ypasi' qatan' belgilenip qoyi'lg'an. Bul ha'meldarlardi'n' xi'zmetine qaray xanni'n' wo'zi miynet haqi' mug'dari'n belgilegen. XIX a'sirde Xiywa xanli'g'i'ni'n' qurami'ndag'i' qaraqalpaqlar A'miwda'ryani'n' ayag'i'nda Qon'i'rat, Xojeli, No'kis, Shi'mbay, Da'wqara, Qi'pshaq a'tiraplari'nda diyqanshi'li'q penen shug'i'llang'an. Qaraqalpaqlar awi'l-awi'l boli'p jasag'an. Biy xan ta'repinen bekitilgen. Ha'rbir ruwdi'n' biyleri yekinshi bir biylerden g'a'rezsiz tuwri' xang'a bag'i'ng'an. Basqa biylerge ku'shli ta'siri bar biyler xan tarti'si'p qalg'an jag'dayda u'lken uri'slarg'a, ko'terilislerge aylani'wi' mu'mkin bolg'an. Wo'ytkeni Xiywa xanli'g'i'ni'n' ha'm woni'n' qurami'ndag'i' qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi'nda XIX a'sirdin' birinshi yari'mi' ha'm wortalari' u'lken siyasiy tariyxi'y waqi'yalarg'a bay boldi', qaraqalpaqlar wo'z aldi'na ma'mleket boli'p jasaw ushi'n gu'resler ali'p barg'an. Bul ma'mleketshilikti tiklewge, wo'zlerin-wo'zleri basqari'w ushi'n Aydos biy u'lken gu'res ju'rgizgen. Wol 1827-ji'li' Xiywa xanli'g'i'nan aji'rali'p wo'z aldi'na ma'mleket quri'w niyetin a'melge asi'ra almag'an.

Usi' si'yaqli' yekinshi u'lken ha'reket 1855—1856-ji'llari' islenedi. Woni' Yernazar Alako'z iske asi'rmaqshi' boladi'. Woni'n' basshi'li'g'i'ndag'i' xali'q azatli'q gu'resi bari'si'nda ko'terilisshiler Qaraqalpaq xanlig'i'n du'ziwge yerisedi. Zarli'q to're qaraqalpaqlar xani' yetip ko'teriledi. Biraq wolar ko'terilisshilerdin' ala awi'zli'g'i' sebepli yerisilgen na'tiyjeni qolda uslap qala almaydi'. Yernazar Alako'z ha'm woni'n' ta'repdarlari' jen'iledi.

Bunnan keyingi ha'reket, Qon'i'rat qalasi' ha'm woni'n' a'tirapi'na birikken xali'qlardi'n' wo'z aldi'na ma'mleket quri'w ushi'n ju'rgizgen gu'resleri, bul da sa'tsizlik penen tamamlanadi'. Bul ha'm bunnan keyingi ha'reketler, wo'z aldi'na ma'mleket boli'wg'a, wo'zin-wo'zi basqari'wg'a umti'li'wlar sa'tsizlik penen tamam boli'wi'na qaramastan qaraqalpaq, qazaq, wo'zbek, tu'rkmen xali'qlari'n bir worayg'a birlestiriw joli'ndag'i' u'lken tariyxi'y a'hmiyetke iye waqi'yalar boldi'. Bul ha'reketler qaraqalpaqlardi'n' wo'zinin' ma'mleket quri'w joli'ndag'i' a'rmanlari'n iske asi'ri'wda wo'z na'tiyjelerin de berdi. Usi' gu'reslerdin' juwmag'i'nda Xiywa xani' Seydmuxammed qaraqalpaqlarg'a baylani'sli' ma'mleketlik basqari'w tarawi'nda u'lken wo'zgerisler kirgiziwge ma'jbu'r boladi'. Wol qaraqalpaqlardi' bekkem administrativlik ta'rtipke bag'i'ndi'ri'w maqsetinde 1859-ji'li' Xiywa xanli'g'i'ni'n' administrativlik basqari'w sistemasi'nda reforma ju'rgizedi. Wol Xiywa taxti'n iyelewden baslap Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'nda qaraqalpaqlardi'n', Atamurat xan basshi'li'g'i'nda tu'rkmenlerdin', Muxammed Panaxan basshi'li'g'i'ndag'i' Qon'i'rat ko'terilisin basti'ri'wg'a yerisedi. Bunnan bi'lay ko'terilislerdi boldi'rmaw maqsetinde qaraqalpaqlardi'n' basi'na wo'zine sadi'q adamlardi' belgilew ta'rtibin yengizedi. Bul ta'rtip qaraqalpaqlar arasi'nan shi'qqan ku'tilmegen basshi'ni'n' biylerge ta'sir ko'rsetiw mu'mkinligin saplasti'radi'.

Seydmuxammed xan reforma ju'rgizbesinen buri'n XIX a'sirde ha'm wonnan buri'ng'i' da'wirlerde de qaraqalpaqlardi'n' basqari'w sistemasi'nda biylerdin' atqarg'an xi'zmetleri wog'ada u'lken bolg'an. 1850-ji'llardag'i' mag'luwmat boyi'nsha qaraqalpaqlardi'n' basqari'w islerinde 100 ge shamalas biyler qatnasqan. Qaraqalpaqlar biylerge bag'i'ni'p, biyler tuwri' xang'a bag'i'natug'i'n bolg'an. Al yendi, biyler xang'a xabarlasi'w mu'mkinshiliginen ayi'ri'li'p, wolardi'n' u'stinen qaraytug'i'n atali'qlar, beglerbegi ha'm ag'abiy lawazi'mi'n yengizedi. Atali'qqa birneshe biyler bag'i'ng'an. Atali'qlar beglerbegine bag'i'ng'an. Qaraqalpaqlardi'n' yeki ari'si'ni'n' yeki beglerbegi boli'p, wolar yen' joqari' lawazi'm ag'abiyge bag'i'ng'an. Atali'qlardi' xanni'n' wo'zi tayi'nlag'an ha'm woni'n' xi'zmetleri u'stinen qadag'alaw ju'rgizip woti'rg'an. 1859-ji'ldan 1870-ji'llar arali'g'i'nda qaraqalpaqlardi'n' turmi'si'nda Yernazar atali'q degen boli'p,


Yerejep ag'abiy.

ma'mlekettin' siyasiy islerine, diplomatiyali'q islerge aralasqan. Woraz atali'q, To'remurat atali'q, A'dil atali'q ha'm basqalar Xiywa xanlari'ni'n' yen' isenimli adamlari' bolg'an. Qaraqalpaq ma'mleketshilik sistemasi'nda yengizilgen tag'i' bir ha'mel beglerbegi degen ataq bolg'an. Qaraqalpaq tariyxi'nda bul ataqqa miyasar bolg'an adam Sayi'pnazar biy, wonnan keyin Qabi'lbiy degen adam atqarg'an. Bul ha'mellerdin' wori'nbasarlari' lawazi'mlari'n nayi'p degen at penen atag'an. Bul wori'nlarg'a qaraqalpaqlardan Qalmuxammed ha'm Sherjan biy degen tayi'nlang'an.

Seydmuxammedtin' ju'rgizgen bul reformasi' jag'daydi'n' talabi' tiykari'nda du'zilgen. Bul bir jag'i'nan qaraqalpaqlardi' qatal ta'rtipke yengizip, basqari'wdi' an'satlasti'rsa, yekinshi jag'i'nan qaraqalpaqlar ushi'n da aldi'na qoyg'an maqsetinin' wori'nlani'wi' yedi. Qaraqalpaqlar yendi wo'zinin' ma'mleketlik du'zimine iye bolg'an yedi. Qaraqalpaqlar uzaq dawam yetken siyasiy gu'reslerdin' bari'si'nda qolg'a kirgizgen bul ma'mleketshiligi Xiywa xanlig'i'ni'n' Rossiya imperiyasi' ta'repinen basi'p ali'ng'annan keyin saplasti'ri'ldi'.

Xiywa xani' ta'repinen 1859-ji'li' yengizilgen ag'abiy lawazi'mi'n qaraqalpaqlar ushi'n yen' joqari' basqari'w organi' bolg'an. Bul lawazi'm yengizilgeninen baslap Qaraqalpaqstan jerin Rossiya basi'p alg'ang'a shekem qaraqalpaqlardi'n' ataqli' biyi Yerejep biy iyelep turg'an. Wol jas waqti'nan siyasiy islerge belsene qatnasi'p Xiywa xanlari'ni'n' armiyasi'ni'n' qurami'nda Tu'rkmenstan ha'm Iran jerlerine islegen atlani'slari'nda wo'zinin' bati'rli'g'i' menen ko'zge tu'sken. Soni'n' menen qatar wol ju'da' tapqi'r, sheshen bolg'an. Wol yel arasi'nda Yerejep tentek degen at penen de belgili bolg'an.

Yerejep ag'abiydin' ma'mleketlik isker retinde wo'zinin' arnawli' armiyasi' ha'm basqari'w apparati' bolg'anli'g'i' tuwrali' mag'luwmatlar bar. Wol Xiywa xani'ni'n' isenimli adamlari'nan bolg'an. Wog'an 1850—1860-ji'llari'nda Xiywa xani'ni'n' Qoqan

xanli'g'i'na jollag'an yelshilerine basshi'li'q yetiw Xiywa xani' ta'repinen isenip tapsi'ri'lg'an. 1873-ji'li' Xiywa xanli'g'i'ni'n' Rossiya ta'repinen basi'p ali'ng'an waqi'tlari' Qaraqalpaqstan jerlerinen Xiywag'a bari'p Tu'rkstan general-gubernatori' menen bolg'an Xiywa xani'ni'n' so'lesiwlerinde Yerejep ag'abiy de qatnasqan.

Yerejep biy haqqi'nda xali'q arasi'nda ju'da' ko'plegen tariyxi'y a'psanalar saqlang'an. Soni'n' menen birge, wol haqqi'nda mag'luwmatlar rus tariyxi'y dereklerinde de ko'plep ushrasadi'. Rossiya imperiyasi' Worta Aziya xanli'qlari'n, soni'n' ishinde Xiywa xanli'g'i'n basi'p alg'annan keyin ju'da' ko'plegen tariyxi'y jazba dereklerde Xiywa xanli'g'i'ni'n' ha'm qaraqalpaqlardi'n' tariyxi'y turmi'si'na tiyisli mag'luwmatlar jazi'p ali'ng'an. Solardi'n' ishinde 1873-ji'lg'i' tariyxi'y derekler boyi'nsha Shi'mbay qalasi'ni'n' shi'g'i's ta'repinde jasawshi' Yerejep ag'abiydin' jayi'nda bolg'an rus oficerlerinin' bergen sorawlari'na Yerejep ag'abiy Rossiyani'n' qaraqalpaq jerlerin jawlap alg'anli'g'i'n, qaraqalpaqlardi'n' qural ku'shi menen jawlap alg'anli'g'i'n ashi'qtan-ashi'q ayti'p wo'z qarsi'li'g'i'n bildirgen so'zleri Rossiya juranllari'nda shi'qqan.

Qaraqalpaq ma'mleketshiligin quri'wda at sali'si'p gu'res ali'p barg'an Aydos ha'm Yernazar haqqi'nda Berdaq shayi'r wo'z shi'g'armalari'nda birqansha mag'luwmatlar beredi. Ma'selen, Berdaqti'n' to'mendegi qatarlari'nan Aydos biy ha'm Yernazar biydin' wo'z ara tuwi'sqanli'q qatnasi'qlari' sol da'wirdegi yel basqari'wshi'lari' tuwrali' to'mendegi so'zlerdi jazi'p qaldi'rg'an.

Aydos biy jurtti'n' wo'resi,
Yeki uli' Rza, To'resi,
Yernazar biy nemeresi,
Wol qusbegi bolg'an yeken.

Ma'wij urg'an da'ryaday tasti',
Qi'li'shi'nan qanlar shashti',
U'sh ag'ash quri'p kisi asti',
Biyler zali'm bolg'an yeken.

Rzani'n' uli' Iskender,
Alti'n qazi'q tilla qamar,
Iskender uli' Qalender,
Wol ha'm boli's bolg'an yeken.

*Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:*

1. XVIII a'sirdin' yekinshi yari'mi'nda Jan'ada'rya boyi'nda Nurtay basshi'li'g'i'nda qanday ma'mleketshiligi bolg'an?
2. XIX a'sirdin' 40-ji'llardag'i' Xiywa xanli'g'i'nda qansha xali'q jasag'an?
3. Xiywa xanli'g'i' administrativlik basqari'w sistemasi'nda neshe beklik ha'm wa'layatlarg'a bo'lingen?
4. Qaraqalpaq biyleri kimler ta'repinen tayarlani'p ha'm kimler ta'repinen bekitilgen?
5. Qaraqalpaq xanli'g'i'n tiklewge gu'res ali'p barg'an qanday biylerdi bilesiz?
6. Qaraqalpaqlardi' basqari'wda Seydmuxammed xan ta'repinen yengizilgen lawazi'mlardi' atap wo'tin'.
7. Yengizilgen ag'abiy lawazi'mi' qaraqalpaqlar ushi'n yen' joqari' basqari'w organi' bolg'an. Bul lawazi'mdi' qaraqalpaqlardan kim iyelegen?
8. Atali'q lawazi'mi'n iyelegen qaraqalpaq biylerinen kimlerdi bilesiz?

## §13. A'miw boyi'ndag'i' awi'llar, qalalar, qorg'anlar, turaq jaylar ha'm xali'qti'n' milliy kiyim-kenshekleri

Qaraqalpaq xalqi' tariyxi'y rawajlani'w joli'nda wo'zine ta'n turmi's jag'daylari'n ha'm ma'deniyati'n du'ziwge yeristi. Wolar a'jayi'p materialli'q ha'm ruwxi'y ma'deniyat du'zip, bul ma'deniyat a'wladtan-a'wladqa wo'tip bizin' ku'nlerimizge shekem jetip keldi.

Qaraqalpaqlardi'n' Aral ten'izi jag'alari'nda ha'm A'miw-da'rya boylari'nda du'zgen materialli'q ha'm ruwxi'y ma'de-niyati' wo'zine ta'nligi ha'm suli'wli'g'i' menen aji'rali'p turadi'. Qaraqalpaqstanni'n' ali'mlari' ko'p ji'llardan beri bul a'jayi'p ma'deniyat u'lgilerin ji'ynap, wolardi' izertlep, ko'plegen kitap-lar, maqalalar jazdi'. Respublikami'zdi'n' ha'm buri'ng'i' awqamg'a kirgen ma'mleketlerdin' muzeylerinde wolardi'n' u'lgileri saqlanbaqta.

A'miwda'ryadag'i' suw tasqi'nlari'na yamasa suwdi'n' kemtari'sli'g'i'na baylani'sli' qaraqalpaqlar qoni's ma'kanlari'n wo'zgertip woti'rg'an.

Sonday-aq, feodalli'q uri'slarda qaraqalpaqlardi'n' bir bo'-legin ko'shpeli turmi's keshiriwge ma'jbu'rlegen. Sonli'qtan

qaraqalpaqlar ushi'n yerte waqi'tlardan baslap-aq kompleksli xojali'q: sharwashi'li'q, diyqanshi'li'q ha'm bali'qshi'li'q ta'n boli'wi'na baylani'sli', wolardi'n' tiykarg'i' turaq jayi' qara u'y bolg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' tiykarg'i' bo'legi awi'llarda jasag'an, awi'l a'dettegishe birneshshe wonlag'an, ayi'ri'm awi'llar 200 ha'm wonnan da ko'birek u'ylerden quralg'an. Qaraqalpaqlarda qara u'y tiykarg'i' turaq jaylardi'n' birinen yesaplang'an. Ha'rbir ata-ana wo'zlerinin' ul-qi'zlari'na qara u'y sog'i'p beriwi da'stu'r bolg'an. Biraq, bul isti qurg'i'n xojali'qqa iye adamlar a'melge asi'rg'an.

Qaraqalpaqlar kiyimlerde u'y wo'ndirisinin' wo'nimleri: paxta gezlemesinen, kendir jip gezlemesinen tayarlag'an. Wolar wo'zlerinin' qoldan toqi'g'an gezlemelerinen ti'sqari' wo'zbek ha'm ta'jikler ta'repinen toqi'lg'an, ja'ne Buxara ha'm Xiywa-dan ali'p kelingen jipek ha'm yari'm jipek gezlemelerdi de ken' paydalang'an. Sonday-aq, XIX a'sirdin' wortalari'nan baslap Angliya, al wonnan keyin rus mawi'ti'si', shi'tqari' ha'm basqa da fabrika gezlemeler ken' paydalani'ladi'.

XIX a'sirdin' yekinshi yari'mi' XX a'sirdin' basi'nda qaraqalpaqlarda qatnas qurallari'nan yen' ko'p taralg'an tu'rinin' biri digershikli arba boldi'. Arbalar qosatug'i'n ko'liktin' tu'rine qaray wo'giz arba, at arba ha'm yeshek arba dep atalg'an. Arbalardi'n' barli'q tu'rlerinen qurg'aqli'qta paydalang'an, al suw qatnaslarda, ju'k tasi'wda ha'm bali'q awlawda keme ha'm shana u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. A'miwda'rya boylap suwda ju'zetug'i'n ko'p kemeler bolg'an.

XIX a'sirdin' birinshi yari'mi' ha'm wortalari'nda bilim-lendiriw isi toli'g'i' menen musi'lman ruwxani'ylari'ni'n' qoli'nda bolg'an.

Woqi'w wori'nlari' mektep ha'm medreseler yedi. Mektep-lerde baslawi'sh bilim berip, wolarda Quran woqi'w menen, din, u'rp-a'detler u'yretilgen. Medreseni pitkergenler worta mag'luwmatqa iye boli'p, axun degen ataq alg'an.

Rossiyani'n' Xiywa atlani'si'nan keyin Qaraqalpaqstang'a polkovnik A. V. Kaulbarsti'n' basshi'li'g'i'nda u'lken ekspediciya jiberilip, wol A'miwda'ryani'n' quyar ayag'i'ndag'i' ta'biyiy jag'daylari'ni'ni'n', wonda jasawshi' xali'qlardi'n' xojali'g'i'n ha'm turmi's salti'n izertledi. Wolardan A.Kun, Shkanskiy,

Abdakushin, Sobolev, Riza-Kuli Mi'rzalardi'n' miynetleri u'lken a'hmiyetke iye.

A. V. Kaulbars A'miwda'rya boylap, woni'n' shi'g'i's salasi' Ko'ko'zek boyi'ndag'i' awi'llardi'n' barli'g'i'nda ko'zi menen ko'rip, Aral boyi'nda jasag'an xali'qlar tuwrali' ko'plegen mag'luwmatlar jazi'p qaldi'rg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' qurg'an jaylari'ni'n', meshit-medreselerdin' qaldi'qlari' usi' ku'nlerge shekem saqlani'p kelmekte. A'miwda'ryani'n' ba'rhama toli'p tasi'wlari', qaraqalpaqlardi'n' woti'rg'an jerleri'n wo'zgertip turi'wi'na ali'p kelgen. Qaraqalpaqlardi'n' ha'rbir ruwi' wo'z aldi'na awi'l boli'p jasap, diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q, bali'qshi'li'q penen shug'i'llang'an.

Bul tuwrali' rus sayaxatshi'si' A. Kaulbars qaraqalpaqlardi'n' A'miwda'rya yeteklerindegi awi'llari'n ta'riyiplep qi'zi'qli' mag'luwmatlar jazi'p qaldi'rg'an.

Aral a'tirapi'nda no'kis, qi'yat, qon'i'rat, qi'pshaq ha'm basqa da ruwlardi'n' atlari' menen atalg'an ku'shli qorg'anlari', qalalari' bolg'an. Bul qorg'an qalalardi'n' arasi'nda Qon'i'rat qalasi' yen' u'lkenlerinen yesaplang'an. Qon'i'rat qalasi' Aral wa'layati'ni'n' worayi' bolg'anli'g'i' sebepli siyasiy administrativlik a'hmiyetke iye bolg'an. Qon'i'rat qalasi' XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda biyik diywallar menen qorshalg'an boli'p, jawgershilik jag'dayi'nda a'tiraptag'i' xali'q qala ishine kelip jawdan qorg'ang'an, al paraxatshi'li'q jag'dayi'nda bul jerge kelip sawda islegen. Xojeli qalasi' da aymaqtag'i' u'lken qalalar-



XIX a'sirdin' 2-yari'mi'ndag'i' qaraqalpaqlardi'n' turaq jayi'.



Qara u'y.

dan, yen' bekkem qorg'anlardan yesaplang'an. Bul qala Aral menen Xiywa wortasi'ndag'i' sawda baylani'slari'nda u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Bul jerde sawda ka'rwanlari'ni'n' toqtaytug'i'n worni' bolg'an ha'm usi' jerde sawdagerlerden baji' pul wo'ndirilgen. Usi'nday a'hmiyeti menen belgili bolg'an Xojeli qalasi' bekkem qorg'anlarg'a iye boli'p, siyasiy islerge de belsene qatnasa baslaydi'.

Aralli'lardi'n' Xiywa xanli'g'i'na qarsi' gu'resinde Xojeli xalqi' quwatlap, bul qala Xiywa xani'na qarsi' gu'reste ku'shli qorg'an boli'p xi'zmet yetken. Wol ku'shli diywal menen qorshalg'an. 1804-ji'li' Xiywa xani' Yeltuzer bul qorg'andi' basi'p ali'w aldi'nda woni'n' diywallari'n qi'yrati'wg'a buyri'q bergen. Xanni'n' a'skerleri u'sh ku'n dawami'nda woni'n' barli'q diywallari'n qi'yratqan.

XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda Qon'i'rat, Xojeli, Man'g'i't, Shi'mbay qalalari'nda u'lken siyasiy waqi'yalar boli'p turg'an. Usi'nday qalalardi'n' biri Jan'aqala boli'p, wol a'skeriy topi'li'slar bolg'an jag'dayda qaraqalpaqlardi'n' qorg'anatug'i'n jaylari' bolg'an. Sonday-aq, Xiywa xanlari'na qarsi' ko'terilis waqti'nda paydalanatug'i'n Aydosqala, Yernazarqala ha'm t.b.

qalalar bolg'an. Wolardi'n' arasi'ndag'i' yen' u'lkenleri Shi'mbay, Qon'i'rat, No'kis qalalari' bolg'an. Rus sayaxatshi'lari' Shi'mbay, No'kis, Qon'i'rat qorg'anlari' tuwrali' jazba mag'luwmatlar jazi'p qaldi'rg'an.

Qaraqalpaq awi'llari' wo'z aldi'na ma'deniy woray bolg'an. Wolardi'n' birqanshalari' u'lken medreselerdin' a'tirapi'nda qa'liplesken. Solardan Qaraqum iyshan, Ko'ko'zek, Iyshanqala a'tirapi'ndag'i' awi'llar buni'n' ayqi'n mi'sali' bola aladi'. Usi' da'wirde qaraqalpaqlardi'n' negizgi qoni'si' ko'shpeli awi'l boli'p, wolar tiykari'nan qara u'ylerde jasag'an. Soni'n' menen birge baylardi'n' paqsadan wo'rilgen u'lken jaylari' boli'p, wolar diywallar menen qorshalg'an. Wolardi'n' arasi'nda usi'nday u'lken ha'wlilerden Woraz atali'qti'n', Yerejep biy ha'm Sasi'q biylerdin' jaylari' belgili. Bulardi'n' birinshisi Qarao'zek rayoni', yekinshisi Shi'mbay rayoni' aymag'i'nda saqlang'an.

Qaraqalpaqlarda arxitekturali'q yesteliklerden Shi'mbayda Ayi'mbet iyshan, Ko'ko'zek boyi'nda A'bdireyim iyshan, Shi'lpi'qti'n' qasi'nda Tas medresesi, Xalqabadta Iyshanqala ha'm t.b. yestelikler bolg'an. Qon'i'rat qalasi'nda 7 meshit boli'p, diywal menen qorshalg'an.

Qaraqalpaqlarda jergilikli quri'li's materiallari'nan jaylar sali'ng'an. Wolardi'n' arasi'nda sho'pker jaylar ko'plep ushi'rasadi'. Sonday-aq, waqi'tsha sali'ng'an qaqi'ra ha'm i'lashi'qlar bolg'an. Biraqta yen' tiykarg'i'si' bul qara u'y boli'p, wog'an xalqi'mi'z bar uqi'bi'n jumsap, ha'rbir balag'a ha'm qi'zi'na shamasi' kelgen adamlar u'y quri'p berip u'ylendirip, wo'z aldi'na shan'araq yetiw da'stu'ri ken' da'rejede rawajlang'an.

Ha'rbir xali'qti'n' jasag'an ta'biyiy wortali'g'i'na, xojali'q turmi'si'na muwapi'q wo'zine ta'n milliy kiyimleri bolg'an. Bul milliy kiyimleri wolardi'n' a'sirler dawami'nda qa'liplestirip, qa'sterlep saqlap kelgen milliy ma'deniyati'ni'n' bir bo'limi boli'p tabi'ladi'. Qaraqalpaqlar wo'zlerinin' kiyimleri arqali' da basqa xali'qlardan aji'rali'p turadi'. Bunda wolardi'n' kiyimleri wo'zlerinin' stili, suli'wli'g'i' menen aji'rali'wi' menen birge bul kiyimlerdi tigiwde wolarg'a sali'ng'an nag'i'slari', kiyimlerdin' tayarlani'w usi'llari', jumsalg'an materiallari' menen de basqa xali'qlardan aji'rali'p turg'an.

Qaraqalpaqlardi'n' kiyimleri uluwma alg'anda basqa xali'qlardi'n' kiyimleri menen birqansha usasli'q-larg'a iye boli'wi' menen birge, basqa xali'qlarda ushi'raspaytug'i'n kiyimleri de bar. Bul kiyimler qaraqalpaqlardi'n' ruwxi'y du'nyasi'na, milliy psixologiyasi'na baylani'sli' rawajlani'p woti'rg'an. Bul kiyimlerdi u'yreniw arqali' qaraqalpaqlardi'n' ruwxi'y ha'm materialli'q ma'deniyati'n tu'siniwge boladi'.


Ton.

Qaraqalpaqlardi'n' yer adamlari'ni'n' kiyimleri ishinde ton u'lken wori'n iyelegen. Tonlardi'n' birneshe tu'rleri bolg'an. Bulardan qoy terisinen tigilgen tonlar, tay terisinen tigilgen —tayshaqi', yeshki terisinen tigilgen — qi'lqani' aytsa boladi'. Tayshaqi' menen qi'lqani' tiykari'nan padashi'lar kiygen. Bul tonlar terisi ishke, ju'ni si'rtqa qarati'p tigilgen. Qaraqalpaqlar ko'binese tondi' qoy terisinen islegen. Bunda qoy terisi iylenip jumsarti'li'p bolg'an son' ju'ni astari'na qarati'p tigilgen. Si'rti' suli'w yetip ha'r qi'yli' boyawlar menen boyalg'an. Ton tek g'ana ji'lli' ju'riw ushi'n g'ana yemes, al sa'n ushi'n da kiyilgen. Xali'q arasi'nda saqlang'an an'i'z boyi'nsha belgili qaraqalpaq biyi Aydosti'n' «qi'sta ton kiymegen, jazda qati'q ishpegen qaraqalpaqtan ken'es sorawg'a bolmaydi'», dep aytqan so'zi usi' waqi'tqa shekem saqlang'an.

Soni'n' menen birge yer adamlar ko'plegen kiyimlerdi shapan ha'm shekpenler, ko'ylek, beshpentler kiygen. Bellerin qayi'slar ha'm belbewler menen buwatug'i'n bolg'an. Belbewlerdin' qamari' belbew, gu'dari' belbew si'yaqli' tu'rleri boli'p, wolardi'n' birneshe pi'shaqlar ushi'n, shayqalta ushi'n arnawli' qi'nlari' bolg'an.

Qaraqalpaqlar bas kiyimleri arqali' da basqa xali'qlardan wo'zgeshelenip turg'an. Yerler basi'na taqi'ya, malaqay, sho'-



Qamari' belbew.

girmeler kiygen. Solardi'n' arasi'nan jas qozi'lardi'n' suli'w terilerinen islengen sho'girmeler u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Sho'girmeler qurash dep te atalg'an.

Yerler ayag'i'na yetikler, ma'siler, gewishler kiygen. Ayaq kiyimler ha'r qi'yli' mallardi'n' terilerinen tigilgen. Yetiklerdin' birneshe tu'rleri bolg'an. Wolardan uyi'q, shari'q, baykem yetik. Bunday yetiklerdi tigetug'i'n ha'rbir awi'lda ha'm qalada arnawli' yetikshiler bolg'an.

Qaraqalpaqlar qi'zlari'n jaslayi'nan kiyim tigiw, wo'rmek toqi'w, keste tigiw si'yaqli' sheberlik islerge u'yretip kelgen. Ha'rbir qi'z turmi'sqa shi'g'aman degenshe qaraqalpaq milliy kiyimlerin tigiwdi, milliy nag'i'slar toqi'wdi' biliwi tiyis bolg'an.

Qaraqalpaqlar qi'z-kelinsheklerinin' kiyim-kenshekleri suli'w yetip nag'i'slar menen bezelip, kiyimler ha'r tu'rli ren'lerge iye bolg'an. A'sirese wolar qi'zi'l, ko'k ren'degi gezlemelerden tigilgen kiyimlerdi ko'p kiygen.



Ko'k ko'ylek.

Hayal-qi'zlar ko'ylektin' si'rti'nan shapan, beshpent, jen'se kiygen. Al jasi' u'lken hayallar ha'm kempirler aq ren'degi gezlemeden tigilgen kiyimler kiygen.

Jas qi'zlar basi'na taqi'ya kiygen, woramal tartqan. Yer jetken qi'zlar



Sa'wri gewish.

basları'n suli'wlap worap, si'rti'nan woraypek jami'lg'an.

Hayal-qi'zlar ayag'i'na mallardi'n' terisinen tigilgen gewish, ma'si, biyik wo'ksheli yetikler kiygen.

Qaraqalpaq hayal-qi'zlari' bulardan basqa kiymeshek, jegde, sa'wkele, ko'k ko'ylek kiygen.

Kiymeshektin' yeki tu'ri bolg'an. Aq kiymeshekti kempirler, al qi'zi'l kiymeshekti jas kelinshekler kiygen. Jas qi'zlar kiymeshektin' bir tu'ri wo'n'irshe kiygen. Wo'n'irshenin' kiymeshekten ayi'rmashli'g'i', wo'n'irshe tu'yme, ten'geler menen bezetilip kestelengen.

Jegde — qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' bas kiyimi yesaplani'p, wol shapang'a uqsas bolg'an, biraq woni'n' jen'leri bolmag'an. Jegdenin' de jas ayi'rmashi'li'g'i'na qaray tu'rleri bolg'an. Qi'zlar ha'm jas kelinshekler jipekten tigilgen qi'zi'l jegde, al kempirler aq jegde jami'lg'an.



Sa'wkele.

Sa'wkele toy-merekelerde kiyiletug'i'n kiyim boli'p, uzati'lg'an qi'zg'a jen'gesi ta'repinen kiygizilgen. Sa'wkele gu'mis, alti'n ten'geler, monshaqlar, marjanlar menen bezetiletug'i'n bolg'an.

Hayal-qi'zlardi'n' kiyim-kensheklerine sa'ykes zergerler ta'repinen sog'i'lg'an ju'zik, ayshi'qli' si'rg'a, bilezik, a'rebek, ha'ykel, shar tu'yme, wo'n'ir monshaqlar si'yaqli' tag'i'nshaqlari' bolg'an.

Qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' milliy kiyim-kenshekleri ko'p ji'llar boyi' tariyxshi' etnograflari'mi'z ta'repinen ji'ynali'p izertlenip, ha'zirgi waqi'tta I. V. Savickiy ati'ndag'i' muzeyde saqlani'p kelinbekte. Bul muzey eksponatlari' du'nya ju'zindegi ko'plegen ma'mleketlerde sho'lkemlestirilgen ko'rgizbelerde joqari' bahalarg'a iye bolmaqta. Ha'zirgi waqi'tta qaraqalpaq milliy wo'nerlerin ko'riwge ju'da' ko'plegen turistler kelip joqari' baha bermekte.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qaraqalpaqstan jerinde jaylasqan qorg'an ha'm qalalardi'n' atlari'n atap ko'rsetin'.
2. XIX a'sirde qaraqalpaqlardi'n' tiykarg'i' qoni'si' awi'llar bolg'an. Bul awi'llar qanday jaylardan du'zilgen?
3. Qaraqalpaqlar wo'zlerinin' jaylari'n qanday materiallardan qurg'an?
4. Qaraqalpaqlarda ayri'qsha arxitekturali'q usi'llarda quri'lg'an qanday yesteliklerdi bilesiz?
5. Qon'i'rat qalasi'nda qansha meshit-medreseler bolg'an?
6. Qaraqalpaqlardi'n' yer adamlari'ni'n' kiyimleri tuwrali' ayti'p berin'.
7. Qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' kiyetug'i'n kiyimleri tuwrali' ne bilesiz?
8. Qaraqalpaqlarda jas qi'zlar neshe jastan baslap ha'r tu'rli kiyim-kenshekler tigiwge u'yretilgen?

## §14. Milliy tag'amlar, xali'qti'n' u'rp-a'detleri, bayramlari'

Qaraqalpaqlar wo'zlerinin' jaylasqan geografiyali'q worta-li'g'i'ni'n' mu'mkinshiliklerinen paydalani'p, diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q, bali'qshi'li'q ha'm an'shi'li'q penen de shug'i'l-lang'an. Usi'g'an baylani'sli' qaraqalpaqlardi'n' milliy tag'amlari' da wo'zlerinin' wo'ndirgen milliy wo'nimlerine baylani'sli' bolg'an.

Da'nli wo'simliklerden qaraqalpaqlar arasi'nda biyday, ju'weri u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Biyday ha'm ju'weri uni'nan qami'r iylenip nanlar japqan. Biyday uni'nan pa'tir, sho'rek, bawi'rsaq, shelpek pisirgen, ju'weri uni'nan geshir ha'm asqabaq qosi'li'p arnawli' tandi'rlarda zag'ara japqan. Nanlar tandi'r ha'm qazanlarda jabi'lg'an. Bawi'rsaq, shelpek bayram, ma'resim ku'nleri, sonday-aq ata-babalar ruwxi'na arnalg'an iyis ku'nleri pisirilgen.

Bunnan basqa gu'rishten palaw, sha'wle pisirgen. Ma'sh, lobiya ha'm gu'rish qosi'li'p ma'shaba go'je pisirilgen, wog'an mal su'tinen tayarlag'an qati'q, su'zbe, toraq qosi'p payda-lang'an.

Qaraqalpaq awqatlari' arasi'nda su'tli tag'amlar u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Mal su'tinen balalar ushi'n su'ykimli bolg'an su't go'je tayarlag'an. Su't pisirilip, wonnan qati'q uyti'lg'an. Su't ha'm qati'q qaymaqlari'nan gu'bide pisilip, sari'

may, ayran tayarlag'an. Ayran jazdi'n' i'ssi' ku'nleri sho'ldi qandi'ri'wshi' ishimlik yesabi'nda ishilgen. Sari' mayg'a tari'dan tayarlag'an so'k qosi'li'p, mayso'k islengen. Mayso'k kelin tu'siriw toylari'nda, shashi'w toylarda ha'm bayram ku'nleri tayarlang'an.

Mal su'tinen bulardan ti'sqari' toraq ha'm su'zbe tayarlap, paydalang'an. Qara maldi'n' su'tinen ti'sqari' qaraqalpaqlar qoy ha'm yeshkinin' su'tlerinen de paydalang'an. Xali'q arasi'nda «qoydi'n' su'ti — qorg'asi'n», — degen maqal bar. Bul maqal qoydi'n' su'ti qoyi'w boladi', — degendi bildiredi. Sonday-aq, yeshkinin' su'tin a'sirese jas balalarg'a ishkizilgen.

Qaraqalpaqlar awqat pisiriwde qawi'n shopag'i', ayg'abag'ar, gu'nji, kendir ha'm tag'i' basqa da wo'simliklerden ali'ng'an maylardan paydalang'an. Ha'rbir awi'lda may shi'g'ari'wshi' juwazxanalar boli'p, woni'n' iyesi juwazshi'lar dep atalg'an.

Qaraqalpaqlar turmi'si'nda go'shli tag'amlarg'a ko'birek itibar berilgen. Go'shli awqatlarg'a iri qara mal, qoy, yeshki, tawi'q go'shlerinen paydalang'an. A'sirese wolardi'n' yen' jaqsi' ko'rip pisiretug'i'n awqati' go'sh sorpa bolg'an. Woni'n' sorpasi'na biyday ha'm ju'weri uni'nan tayarlang'an gu'rtik sali'ni'p, qaraqalpaqlardi'n' milliy tag'ami' gu'rtik pisirilgen.

Qaraqalpaqlar turmi'si'nda an'shi'li'qti'n' da worni' u'lken bolg'ani' sebepli, wolar an' go'shlerinen de ko'p paydalang'an. An' go'shlerinen kiyik, qoyan, qi'rg'awi'l ha'm basqa da an'lardi'n' go'shlerinen ha'r qi'yli' awqatlar tayarlang'an. Xali'q arasi'nda kiyiktin' go'shi yeshkinin' go'shine, qi'rg'awi'ldi'n' go'shi tawi'qti'n' go'shine ten'lestirilgen. An' go'shlerinen tayarlanatug'i'n awqatlardan a'sirese qoyan sha'wle yen' jaqsi' ko'retug'i'n tag'amlardan yesaplang'an. Qi's ku'nleri ushi'n go'shler duzlap, qaq yetilip saqlanatug'i'n bolg'an.

Qaraqalpaqlar ma'kan yetken aymaqta: Aral ten'izi ha'm A'miwda'rya boylari'nda bul waqi'tta ko'l ha'm kanallar ko'p bolg'an. Bul ko'l ha'm kanallar bali'qqa wog'ada bay boli'p, xali'q sazan, bekire, su'wen, i'laqa usag'an bali'qlardi' awlap, ku'ndelikli turmi'sta paydalani'p kelgen. Bali'qtan ha'r qi'yli' awqatlar pisirgen. Bali'qti' mayda quwi'ri'p bali'q quwi'rdaq tayarlang'an. Taza bali'qtan sorpa pisirip, woni'n' sorpasi'na biyday uni'nan islengen gu'rtik sali'ni'p, bali'q qarma tayarlag'an. Bali'qtan awqatlar tayarlaw menen bir qatarda wolardi'

keptirip, qaqpash yetip te paydalang'an. Shi'mbay, Qon'i'rat ha'm basqa da qalalarda arnawli' bali'q bazarlari', bali'q quwi'rdaqxanalari' bolg'an.

Bulardan basqa qaraqalpaqlar turmi'si'nda tek g'ana bayram ku'nleri pisiriletug'i'n bayram tag'amlari' bolg'an. Ma'selen, ba'ha'rdin' kirip keliwi menen baslanatug'i'n Nawri'z bayrami'nda nawri'z go'je ha'm su'melek tayarlag'an.

A'yyemgi da'wirlerden saqlani'p kiyati'rg'an su'melek biyday da'ninen tayarlang'an. Tazalang'an biyday suwda bo'rttirilip, bo'leklerge bo'linip kelide tu'yilgen. Wonnan shi'qqan suwi' qazang'a biyday yamasa ju'weri uni'nan azg'ana qosi'li'p qaynati'lg'an. Su'melek ila'hiy tag'am dep yesaplani'p, woni' taza jerde, pa'kize dep sanalg'an hayallar ta'repinen tayarlang'an. Su'melek — «juwanni'n' jin'ishkerip, jin'ishkenin' u'zilip turg'an» waqti'nda din'ke yendiriwshi, toyi'mli' awqat si'pati'nda pisirilgen. Nawri'z go'je — jeti tu'rli da'nnen tayarlang'an. Nawri'z go'je pisirgen xojali'q jaqsi' niyet penen pisirgen go'jeden qon'si'lari'na taratqan.

Qaraqalpaqlar ku'ndelik turmi'si'nda ha'm awqat pisiriwde pali'z-baqsha yeginlerinen paydalang'an. Qawi'n, g'arbi'z, asqabaq, palawqabaq, piyaz, geshir si'yaqli' yeginlerdi wo'z ati'zlari'na yegip, wolardi'n' wo'nimlerin qi's ku'nleri qalay saqlaw kerekligin bilgen. Qawi'nnan qawi'n qaq, qawi'n qurt tayarlag'an.

Xali'q arasi'nda bayram, toy-mereke ko'p bolg'an. Ata-babalari'mi'z a'yyemgi zardushtiylik zamanlardan baslap toy-merekeler xali'q u'rp-a'detlerine sa'ykes wo'tkerilgen. Toylarda at shabi's, i'laq woyi'n, palwan gu'res, ko'kpar woyi'nlari' ha'm basqa da xali'q woyi'nlari' wo'tkerilip, bayraqqa ha'r qi'yli' zatlar qoyi'lg'an.

Xali'q turmi'si'nda qi'z uzati'w da'stu'ri ken' wori'n alg'an. Qi'z ha'm jigittin' ata-analari' bir-biri menen kelisimge kelip, qali'n'mal mug'dari' belgilengen. Qi'z aytti'ri'li'p, qali'n'mal to'legennen keyin ku'yew wo'z qali'n'li'g'i' menen qi'z jen'geleri ja'rdeminde so'ylesiwge huquqli' bolg'an. Qali'n'maldi'n' ko'lemi ha'r qi'yli' boli'p, wo'zgerip woti'rg'an. Qali'n'maldan ti'sqari' su't haqi', yel qa'desi ha'm basqa da qa'delerdi wori'nlawi' tiyis bolg'an.

Qali'n'mal ha'm qa'deler wori'nlang'annan son', belgilengen mu'ddette qi'z uzati'w toyi' wo'tkerilip, qi'z jen'geleri ha'm ku'yew jigit jora-joldaslari' menen qi'zdi' uzati'p ali'p ketken. Qi'zdi'n' ata-anasi' qi'zi' ushi'n mu'mkinshiligi bolg'ansha arnap wotaw tayarlag'an.

Qi'z uzati'lg'annan keyin, jigittin' ata-anasi' kelin tu'siriw toyi'n bergen. Bul toyda bet ashar ayti'w da'stu'rge aynalg'an. Bet ashardi'n' wazi'ypasi' — jan'a tu'sken kelindi ata-yenesi, ag'ayin-tuwi'sqanlari' ha'm jan'a tu'sken jerindegi ag'ayin, qon'si'-qobalar ha'm awi'l adamlari' menen jaqi'nnan tani'sti'ri'w boli'p, bet ashar ayti'wshi' bular jo'ninde i'qsham suli'w poetikali'q so'zler ja'rdeminde tani'sti'rg'an.

Bunnan basqa besik toyi', tusaw kesiw, su'nnet ha'm mu'shel toylari' wo'tkerilgen. Bul toylardi'n' ha'rbiri wo'zine sa'ykes wo'zgeshelikleri menen bala tuwi'li'wdan yer jetemen degenshe da'wirlerde jaqsi' niyetler menen wo'tkerilgen.

Bul toylarda ha'r qi'yli' xali'q woyi'nlari'nan ti'sqari' ji'rawlar, baqsi'lar aytti'ri'lg'an. Alti'n qabaq atti'ri'w woyi'ni' wo'tkerilip, qabaqti' ati'p tu'sirgen adamlarg'a si'yli'qlar berilgen. Qi'z-jigitler ushi'n arnawli' u'y berilip geshtek uyi'mlasti'ri'lg'an. Wonda a'tko'nshek tebiw, qi'z-jigit ayti'slari' wo'tkerilgen.

Qaraqalpaqlar arasi'nda islam dinine shekemgi da'stu'rler wori'n alg'an. Wolar ten'izge, suwg'a, wotqa, ata-babasi'nin' a'rwag'i'na si'yi'ng'an. Qaraqalpaqlar jerdi hu'rmetlep, wog'an si'yi'ng'an. Jerdi taza saqlawdi' woni' qorg'awdi', biykar paydalanbawdi' u'yretken. Ha'rbir haywanni'n' iyesi-piri bar dep isengen. Qoy piri — Shopan ata, si'yi'r piri — Za'n'gi baba, ji'lqi' piri — Qambar ata, tu'ye piri — Woysi'l qara degen tu'sinikler bolg'an.

Xali'q arasi'nda wo'lgen adamlardi' jerlew da'stu'ri islam dininin' talaplari'na muwapi'q ju'rgizilgen. Wo'liktin' betin qublag'a — Ma'kke Ma'dina ta'repke qoyi'p jerlegen. Ha'rbir awi'ldi'n', ruwdi'n' wo'zlerinin' qoyi'mshi'li'g'i' boli'p, xali'q bul qoyi'mshi'li'qqa wo'tken ata-babalardi'n' ruwxi' saqlang'an jer retinde u'lken hu'rmet penen qarap, qoyi'mshi'li'qlardi' qa'sterlegen.

Adam wo'lgennen son' xali'q da'stu'rine sa'ykes namazi', jetisi, qi'rqi', ju'zi ha'm ji'li' wo'tkerilgen. Bug'an ali'slarg'a



Qara u'ydin' ishki bezewi.

xabar jiberilip, wo'lgen adamni'n' yaki woni'n' jaqi'nlari'ni'n' tami'r-tani'slari', ag'ayinleri shaqi'ri'lg'an. Merekede wo'lgen adamg'a arnap joqlaw ayti'ladi' ha'm woni'n' ruwxi'na bag'i'shlap quran woqi'ladi'. Ji'li' bolaman degenshe xojali'q ag'zalari' qara kiyim kiyip ju'rgen. Piyshembi, iyis ku'nleri marhum hu'rmetine iyis shi'g'ari'li'p, bawi'rsaq ha'm shelpek pisirgen, quran woqi'lg'an.

Qaraqalpaqlar wo'tken da'wirlerde ha'r tu'rli bayramlardi' bayramlag'an. Solardi'n' biri Nawri'z bayrami' boli'p, bul bayram a'yyemgi waqi'tlardan beri Worta Aziya xali'qlari'ni'n' turmi'si'nda ken'nen belgilengen. Bul bayram ha'r ji'li' ku'n menen tu'n ten'lesken waqi'tta, yag'ni'y 21-mart ku'nine ten' kelgen. Bul ku'n jan'a ji'ldi'n' baslang'an ku'ni, yag'ni'y ba'ha'rdin' baslani'wi' si'pati'nda g'alaba xali'q bayrami' boli'p belgilengen.

Nawri'z bayrami' wo'zinin' kelip shi'g'i'wi' boyi'nsha yerte zamanlarg'a bari'p taqaladi'. Nawri'z bayrami' diyqanshi'li'q penen ba'ha'r menen baylani'sli' payda bolg'an bayram. Nawri'zdi'n' a'yyemgi da'wirlerde kelip shi'qqanli'g'i' tuwrali' ulli' ilimpaz Beruniy wo'z miynetlerinde ko'rsetip bergen.

Qaraqalpaqlarda Nawri'z 21-mart ku'ni belgilengen. Usi' ku'nnen baslap da'stu'r boyi'nsha jerge tuqi'm taslap, diyqanshi'li'q yetiwge bolatug'i'n bolg'an.

Nawri'z asi' ishilgennen son' Nawri'z seyili baslang'an. Seyil yeki ha'ptege shekem dawam yetetug'i'n bolg'an. Seyilge awi'l jasi' u'lkeni ta'repinen belgilengen adam basshi'li'q yetken.

Seyilde aldi'n ala belgilengen da'stu'r boyi'nsha a'tiraptag'i' awi'llarg'a ha'm qalalarg'a xabar jiberilip, bayram mu'na'sebeti menen at jari'slari', i'laq woyi'ni', arqan tarti'spaq, palwan gu'resleri si'yaqli' sport jari'slari' menen qatar qoshqar du'gispesi, qoraz uri'sti'ri'w si'yaqli' zawi'qlar wo'tkerilip, son'i'nan baqsi', ji'rawlardi'n' atqari'wi'nda qosi'qlar ha'm da'stanlar ti'n'lang'an.

Qi'z-jigitler arnawli' quri'lg'an a'tko'nsheklerde ushqan. Jaslar bayrami' keshte wo'tkerilgen woti'ri'spa, geshteklerde dawam yetken. Geshteklerde jigit ag'asi' ha'm qi'z jen'gesi basshi'li'q yetken. Wolardi'n' basshi'li'g'i'nda saz-sa'wbet ha'm woyi'n zawi'qlar wo'tkerilgen.

Worazadan yeki ay keyin qurbanli'q hayt bayrami' belgilengen. Bul bayram diniy tu'sinik ha'm isenimler menen baylani'sli' bayram boli'p, bul bayramda ha'rbir musi'lman quday joli'na ji'li'na bir ma'rte qurbanli'q islewi kerek bolg'an. Qaraqalpaqlar arasi'nda qurbanli'qqa ko'binese iri qara mallardi' soyg'an. A'dette qurbi' jetpegenler jeti xojali'q birigip bir mal soyg'an. Mu'mkinshiligine qaray qoy-yeshkiler de soyi'lg'an.

Soyi'lg'an mallardi'n' go'shleri toli'g'i' menen asi'li'p, pisirilgen awqatqa qon'si'-qoba, ag'ayi'n-tuwg'anlar mira't yetilip, berilgen sadaqani'n' hu'rmetine sadaqa beriwshinin' ata-babalari'na arnalg'an quranlar woqi'lg'an ha'm pa'tiya berilgen.

Da'stu'r boyi'nsha qurbanli'q ku'ni jeti u'yden awqat jep, quran woqi'p, pa'tiya islew sawap dep yesaplag'an. Soni'n' menen birge Qurban Hayt ku'ni ha'r qi'yli' woyi'n-zawi'qlar da wo'tkerilgen. Bul ku'n qaraqalpaqlar ushi'n yen' u'lken bayramlardan yesaplang'an.

Qaraqalpaqlar wo'zbekler, qazaqlar, tu'rkmenler ha'm qon'si' xali'qlar arasi'nda islam dinine shekemgi zoroastrizm dinine tiyisli a'detler, bilimler ju'da' ko'p saqlang'an.

Qaraqalpaqlar u'lken aymaqlarda jasap, Aral boylari'ni'n' geografiyasi'n jaqsi' bilgen. Wolar diyqanshi'li'q, sharwashi'li'q,

bali'qshi'li'q islerin rawajlandi'ri'w ushi'n ta'biyatti'n' si'rlari'n, juldi'zlardi', ku'n menen tu'n, ha'r ji'ldi'n' ha'r ma'wsimnin' jaqsi' biliwi kerek bolg'an. Wolar hawa rayi'ni'n' ji'l sayi'n wo'zgeriwin, ji'lli'li'q ha'm suwi'qli'qti'n' baslani'w waqi'tlari'n boljap bilgen. Aspan juldi'zlari'na qarap, wolar tu'nlerde arqa menen qublani'n' qayaqta yekenligin ani'qlap bilip, adaspay bir awi'ldan yekinshi awi'lg'a baratug'i'n bolg'an. Woni'n' ushi'n wolar aspandag'i' juldi'zlardi'n' wornalasi'w ta'rtibin bilgen. «Temir qazi'q», «sholpan», «jeti qaraqshi'», «u'rker» ha'm tag'i' basqa da juldi'zlarg'a qarap ji'l ma'wsimlerinin' wo'zgerislerin bilgen. Sonday-aq, «su'mbile», «ta'rezi» ha'm basqa da juldi'zlardi'n' qa'siyetlerin xali'q bilgen ha'm wolarg'a qarap wo'zlerinin' ta'jiriybe islerinde ken'nen paydalang'an.

Qaraqalpaqlarda ha'r won yeki ji'l bir mu'shel boli'p yesaplanadi'. Ha'rbir ji'ldi'n' wo'z ati' bolg'an. Ha'r ji'ldi'n' da wo'zinin' belgili qa'siyeti boli'p, wolar haywan atlari' menen atalg'an. Ha'rbir qaraqalpaq wo'zinin' tuwi'lg'an ji'li'n usi' haywan atlari' menen bilgen. Qaraqalpaqlarda xali'q kalendari' usi' won yeki haywan atlari' menen belgili bolg'an.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Xalqi'mi'z qanday da'nli awqatlardan paydalang'an?
2. Su'tli awqatlardi'n' qanday tu'rleri bolg'an?
3. Qanday bayram tag'amlari'n bilesiz?
4. Pali'z-baqsha yeginlerinen pisiriletug'i'n qanday awqatlar bolg'an?
5. Qi'z uzati'w da'stu'ri qanday bolg'an?
6. Islam dinine shekemgi zardushtiylik dininin' qanday qaldi'qlari' bolg'an?
7. Nawri'z bayramlari' qalay wo'tkerilgen?
8. Xali'q kalendari' tuwrali' nelerdi bilesiz?

## §15. Ruwxi'y ma'deniyat

XIX a'sirde A'miwda'rya boylari'nda ha'm Aral jag'alari'nda jasag'an xali'q joqari' ruwxi'y ma'deniyatqa iye bolg'an. Ha'rbir awi'lda meshitler boli'p, xali'qti'n' ul-qi'zlari' jas waqti'nan baslap meshitlerge bari'p bilim alg'an. Meshitlerde jas balalarg'a wo'z tuwi'p wo'sken jerin su'yiw, jas waqti'nan baslap miynet su'ygishlikke, insandi' qa'dirlewge, bilim ali'wg'a ha'm de yen' jaqsi' insani'yli'q qa'siyetlerge ta'rbiyalag'an. Bul woqi'w

wori'nlari'nda ulli' ulamalardi'n' jazg'an diniy kitaplari' arab tili, parsi' tili ha'm de Ferdawsiydin', Nawayi'ni'n', Fizuliydin' miyraslari' u'yretilgen.

XIX a'sirde qaraqalpaqlar arasi'nda islam dini ken' tarqali'p bilimli adamlar ju'da' ko'p bolg'an. Wolar baslang'i'sh bilimdi wo'z awi'llari'ndag'i' mekteplerde alg'an. Ha'rbir awi'ldi'n' mektep mollasi' bolg'an. Awi'ldi'n' ha'rbir balasi' jeti jasqa tolg'annan keyin mekteplerge qatnap, mollani'n' basshi'li'g'i'nda sawati'n ashqan.

Bul mekteplerde arab alfavitinde woqi'w ha'm jazi'w u'yretiliw menen birge baslang'i'sh diniy tu'sinikler berilgen. Usi'nday mekteplerdin' sani' XIX a'sirde Qaraqalpaqstan aymag'i'nda 318 bolg'an.

Mekteplerdi pitirgen jaslar wo'zlerinin' i'qlasi'na ha'm materialli'q mu'mkinshiliklerine qarap, joqari' woqi'w wori'nlarda — medreselerde bilimin jetilistirgen. Bunday medreselerden Aral jag'alari'nda quri'lg'an Qaraqum iyshan medresesi Pu'tkil Worayli'q Aziyag'a belgili bolg'an. Bunnan basqa qaraqalpaqlar arasi'nda sol si'yaqli' birneshe medreseler bolg'an. Bulardan: Qalila axun, Yembergen axun, Ayi'mbet iyshan, Iyshanqaladag'i' medreseler. Solardi'n' arasi'nda Tas medrese ha'm Qaraqum iyshan medreseleri ha'zirgi Qaraqalpaqstan aymag'i'nda sufizm ta'liymati'n tarqati'wda u'lken xi'zmet atqarg'an.

Tas medrese ha'zirgi A'miwda'rya rayoni' aymag'i'nda 1841-ji'li' Xojaniyaz biy ta'repinen quri'lg'an.

Qaraqum iyshan medresesi XIX a'sirdin' wortalari'nda quri'lg'an. Woni'n' talabalar woqi'ytug'i'n 30 wo'jiresi bolg'an. Medresede wo'z zamani'na i'layi'q kitapxana bolg'an. Woni'n' qori'nda A'liysher Nawayi', Ferdawsiy ha'm basqa da shi'g'i's a'debiyati' klassiklerinin' shi'g'armalari' menen tolg'an kitaplar bolg'an. Bul kitapxana ken'es ha'kimiyati' ji'llari' ishinde joq yetilgen.

Qaraqum iyshanlari' Aral boyi' xali'qlari' menen soni'n' ishinde qaraqalpaq, qazaq, wo'zbek xali'qlari'ni'n' arasi'nda sufizm ideyalari'n tarati'wda u'lken a'hmiyetke iye bolg'an. Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' belgili wa'killeri Berdaq shayi'r Qaraqum iyshanni'n' medresesinde woqi'g'an. Qaraqum iyshan medresesinin' qalg'an wori'nlari' yelege shekem Aral boyi' jag'alari'nda saqlani'p tur. Wonda Ku'nxoja, Berdaq shayi'r



Shi'n'qobi'z.

qa'birlerine u'lken yestelik sali'ng'an.

Qaraqalpaqlar haqqi'nda qazaq xalqi'ni'n' ulli' ilimpazi' Shoqan Walixanov aytqani'nday, wolar sahrani'n' bu'lbu'li bolg'an. Wolar qosi'qsi'z, da'stanlarsi'z, tariyxi'y a'n'gimelersiz wo'zlerinin' toy-merekelerin wo'tkermegen. Qaraqalpaqlarda folklor u'lgileri wog'ada ko'p bolg'an. Folklor u'lgilerinin' bizin' zamani'mi'zg'a jetken nusqalari'ni'n' ilimpazlar ta'repinen 100 tomli'g'i' basi'li'p shi'qti'. Xali'q wo'zlerinin' so'z ustalari' bolg'an sheshenlerin, dilwarlari'n, ji'raw-baqsi'lari'n u'lken hu'rmet-izzetke bo'legen. Qosi'qlar, ji'rlar xali'qti'n' turmi'si'nda bolg'an jan'ali'qlarg'a tariyxi'y waqi'yalarg'a baylani'sli' bolg'an. Wolardi'n' arasi'nan bet ashar u'lken wori'n iyelegen. Soni'n' menen birge «Ha'wjar», «Si'n'si'w» ha'm basqa da qosi'qlar ken' wori'n alg'an. Xali'qti'n' turmi'si'ndag'i' qayg'i'li' waqi'yalarg'a baylani'sli' ayti'latug'i'n «Joqlaw» da u'lken wori'n iyelegen. Wonda wo'lgen adamni'n' islegen xi'zmetlerin, minez-qulqi'n, basqalarda ushi'raspaytug'i'n jaqsi' ta'replerin ayti'p joqlaw, xali'qqa u'lken ta'sir yetken. Ha'rbir awi'lda hayal-qi'zlar jaqi'n adamlari'na bolg'an ji'lli' sezimlerin bildirgen.



Qobi'z.

**Yertekler.** Qaraqalpaqlarda ju'da' ko'p yertekler saqlang'an. Wolardi'n' ko'pshiligi a'yyemgi da'wirlerden saqlani'p, xali'q turmi'si'nda bolg'an ja'miyetlik siyasiy wo'zgerislerdi bildirgen. Qaraqalpaq yerteklerinin' tu'rleri wog'ada ko'p. Wolar wo'zlerinin' mazmuni'na qarap bo'lingen. Qaraqalpaqlar arasi'nda ken'nen taralg'an yerteklerdin' birewi rus izertlewshisi I. Karazin ta'repinen 1873-ji'li' Shi'mbay qalasi'nan 80 jasar

shamasi'ndag'i' yertekshi kempir awzi'nan jazi'p ali'ng'an ha'm woni' basti'ri'p shi'g'arg'an. Bul yertek «Hayallar patshali'g'i' tuwrali' yertek» dep atali'p, wol a'yyemgi amazonkalar da'wiri tuwrali' mag'luwmatlar beredi. Sonday-aq, «An'qaw mergen», «Jiyrenshe sheshen», «Aldar ko'se», «Xoja Nasraddin» usag'an yertekler bolg'an. Ko'p yertekler qon'si' xali'qlardi'n' yertekleri menen jaqi'n bolg'an.

Qaraqalpaqlarda geypara adamlardi'n' wo'mirine baylani'sli' ku'ldirgi so'zler ko'p bolg'an. Wolardan Wo'mirbek laqqi' tuwrali' ko'plegen ku'ldirgi so'zler saqlani'p bizin' ku'nlerimizge shekem jetip kelgen.

**Qaharmanli'q da'stanlari'**. Qaraqalpaqlar arasi'nda a'yyemgi waqi'tlardan beri qaharmanli'q da'stanlar ken'nen taralg'an. Wolardan «Qi'ri'q qi'z», «Alpami's», «Qoblan», «Ma'spatsha» usag'an qaharmanli'q da'stanlar ken'nen ma'lim. Wolar xali'q tariyxi'ni'n' joldasi' bolg'an. Qaraqalpaqlar yeski da'stanlardi' yadi'nda saqlawg'a, woni' a'wladtan-a'wladqa jetkeriwge u'lken itibar bergen.

Qaraqalpaqlar arasi'nda yen' su'yikli bati'rli'q da'stanlardan biri «Yedige» da'stani' boli'p yesaplanadi'. Izertlewshilerdin' ko'rsetiwi boyi'nsha «Yedige» da'stani'nda su'wretlengen waqi'yalar, adamlardi'n' atlari' tariyxta bolg'an. Qaraqalpaq ji'rawlari' bul da'stang'a xali'qti'n' basi'nan wo'tken tariyxi'y waqi'ya si'pati'nda qarag'an.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si'nda «Qi'ri'q qi'z» da'stani' yen' a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Wonda qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si' ha'm ma'deniyati' tuwrali' ko'plegen mag'luwmatlar bar.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' «Alpami's» da'stani'nda da a'yyemgi da'wirdegi tariyxi'y waqi'yalar menen birge XVIII—XIX a'sirdegi azatli'q gu'resi wo'z sa'wlesin tapqan.

**Tariyxi'y an'i'zlar**. Qaraqalpaqlar basqa tu'rkiy xali'qlarg'a uqsap awi'zsha an'i'zlarg'a



Duwtar.

u'lken itibar bergen. Qaraqalpaqlar tariyxi' boyi'nsha ko'plegen mag'luwmatlar ji'ynag'an T. A. Jdanko, R. Qosbergenov, S. Kamalov, U. Shalekenov, L. S. Tolstova wo'zlerinin' tariyxi'y miynetlerin jazba tariyxi'y derekler menen birge qaraqalpaqlar arasi'nan ji'ynalg'an an'i'zlar, tariyxi'y a'psanalar negizinde jazdi'. Wolardi'n' pikiri boyi'nsha XVIII — XIX a'sirdegi qaraqalpaqlardi'n' Si'rda'rya, Jan'ada'rya, A'miwda'rya boyi'ndag'i' qoni'slari', wolardi'n' Worta Aziya jerlerine qoni'slasi'w tariyxi' boyi'nsha awi'zsha mag'luwmatlari', Xiywa xanli'g'i'ni'n' tariyxi'y mag'luwmatlari' menen tuwra keletug'i'nli'g'i'n ko'rsetken.

**Tolg'awlar**. Qaraqalpaqlar jawgershilikti ko'p ko'rgen xali'q. Sonli'qtan da, xali'qti'n' awi'r awhali', wo'zlerinin' woti'rg'an jerlerin taslap ko'shiwi tuwrali' ji'rawlar ta'repinen atqari'li'p usi' ku'nlerge shekem jetken.

Wormambet tolg'awi' XVI a'sirdin' waqi'yalari'n sa'wlelendirgen. Wormambet tariyxta bolg'an adam. Wol nog'ayli' awqami'ni'n' basshi'si' bolg'an, qaraqalpaqlardi'n' nog'ayli' da'wirindegi tariyxi' boyi'nsha ko'plegen mag'luwmatlar beredi.


Ku'nxoja Ibrayi'm uli'.

**Qaraqalpaq a'debiyati' wa'killeri. Ku'nxoja (1799—1880).** XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'rlari' wo'zlerinin' shi'g'armalari'nda Xiywa xanli'g'i'nda bolg'an siyasiy waqi'yalardi' wo'zlerinin' poeziyali'q shi'g'armalari'nda jazi'p bardi'. Xali'qti'n' ku'n ko'risi, xojali'g'i', toy-merekeleri, arzi'w-a'rmanlari' wo'z sa'wlesin tapqan. Solardi'n' biri Ku'nxoja shayi'r boli'p Xiywa xanli'g'i'nda jasag'an xali'qlardi'n' turmi'si'n ko'rsetken. Wol qaraqalpaq diyqanlari'n, sharwalari'ni'n', bali'qshi'lari'ni'n' awhali'n ko'rsetetug'i'n shi'g'armalari'n jazg'an.

Ku'nxoja Xiywa xanli'g'i'ni'n' paytaxti' Xiywa qalasi'nda wo'tkerilgen so'z ustalari'ni'n' jari'si'na shaqi'rti'lg'an. Wonda wol wo'zinin' «Umi'tpaspan» shi'g'armasi'n jazg'an. Wonda Xiywa xanli'g'i'ni'n' XIX a'sirdin' wortalari'ndag'i' social-ekonomikali'q ha'm ma'deniy turmi'si'n ko'rsetken.

**A'jiniyaz Qosi'bay uli' (1824—1878).** A'jiniyaz qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' arasi'nda yen' joqari' da'rejeli bilimge iye bolg'an. Wol Xiywa qalasi'ndag'i' joqari' bilim worayi' bolg'an medreseni woqi'p pitkergen. Bul medresede wo'z waqti'nda ulli' tu'rkmen shayi'ri' Maqtumquli' da bilim alg'an. Wol birneshe tillerdi bilgen. Shi'g'i's xali'qlari'ni'n' lirikasi'n u'yrengen. Xali'q turmi'si'nan ali'p a'jayi'p shi'g'armalar do'retken. Wol Qazaqstanda, Rossiya ma'mleketinin' aymaqlari'nda, Orenburg, Bashqurstan, Tatarstan jerlerinde bolg'an.



A'jiniyaz Qosi'bay uli'.

A'jiniyaz shi'g'armalari'nda xali'qti'n' tariyxi'y-etnografiyali'q mag'luwmatlari' ken' tu'rde sa'wlelengen. Wol qaraqalpaq qi'zlari'ni'n' a'jayi'p kiyim-kenshekleri, wolardi'n' suli'w ko'rki tuwrali' a'jayi'p shi'g'armalar jazg'an. Wolar qi'ssaxanlar yadi'nda usi' ku'nlerge shekem kelip jetken.

A'jiniyaz qaraqalpaq xalqi'ni'n' ma'deniy turmi'si'nda a'hmiyetli wori'n iyelegen «Bozataw» poemasi'ni'n' avtori'. Woni'n' qazaqti'n' shayi'r qi'zi' Qi'z Men'esh penen ayti'si' Qazaqstan, O'zbekistan aymaqlari'nda ken' taralg'an. Bul u'lken tariyxi'y shi'g'armalar qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi'n u'yreniwde u'lken a'hmiyetke iye boli'p yesaplanadi'.

**Berdaq G'arg'abay uli' (1827—1900).** Qaraqalpaq ma'deniyati', tariyxi'nda ko'rnekli wori'n iyelegen Berdaq 1827-ji'li' Aral ten'izi aymag'i'nda tuwi'li'p, 1900-ji'li' 73 jasi'nda qayti's bolg'an. Wo'zinin' jasli'q ji'llari'n diyqanlar, bali'qshi'lar arasi'nda wo'tkerip, ko'plegen da'stanlar, qosi'qlar do'retken. Wol jas waqti'nan baslap xali'q arasi'nda tarqalg'an Nawayi'ni'n', Ferdawsiydin', Fizuliydin' ha'm basqa da musi'lman xali'qlari'ni'n' shi'g'armalari'n qi'zi'g'i'p u'yrengen. Wo'zinin'



Berdaq G'arg'abay uli'.

tuwi'lg'an jerindegi diniy woqi'w worni'n tamamlag'an. Woni'n' sanali' wo'miri qaraqalpaqlardi'n' Xiywa xanli'g'i'ni'n' qurami'nda bolg'an da'wirine sa'ykes keledi.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si'n, tariyxi'n sa'wlelendiretug'i'n ju'da' ko'plegen shi'g'armalar jazg'an. Wol wo'zinin' «Aqmaq patsha» shi'g'armasi'nda qaraqalpaq hayal-qi'zlari'ni'n' ma'rtligin, go'zzalli'g'i'n ta'riyipleydi.

Berdaq shayi'rdi'n' tariyxi'y shi'g'armalari' arasi'nda ko'rnekli wori'n iyelegen shi'g'armalari'ni'n' biri «Shejire». Wonda qaraqalpaq xalqi'ni'n' kelip shi'g'i'w tariyxi' poeziyali'q til menen su'wretlengen.

Berdaq qaraqalpaq xalqi'ni'n' XIX a'sirdegi turmi'si'ni'n' tariyxi'y deregi si'pati'nda u'lken a'hmiyetke iye. A'sirese Berdaq shi'g'armalari'na qaraqalpaq basshi'lari'ni'n' Xiywa, Buxara xanlari'na qarsi' ko'terilisleri tuwrali' da birqansha da'stanlar shi'g'arg'an. Wolardan «Xorezm», «Aydosbiy», «Yernazarbiy», «Amangeldi» ha'm basqa da shi'g'armalari' u'lken tariyxi'y a'hmiyetke iye boli'p yesaplanadi'.



Wo'tesh Alshi'nbay uli'.

**Wo'tesh shayi'r Alshi'nbay uli' (1829—1902).** Qaraqalpaq xalqi'ni'n' a'debiyati'nda Wo'tesh Alshi'nbay uli'ni'n' shi'g'armalari' ayri'qsha wori'n iyeleydi. Wo'tesh 1829-ji'li' Aral ten'izinin' boyi'ndag'i' atawlardi'n' birinde tuwi'lg'an. Wol waqi'tta bul jerler A'miwda'ryani'n' bir shaqabi' bolg'an, Ko'ko'zek da'ryasi' quyi'p turg'an. Woni'n' yeki jag'asi'nda qali'n' yel woti'rg'an. Wol jerde birqansha meshit ha'm medreseler bolg'an. Wolarda balalar woqi'p bilim alg'an. Bul woqi'w wori'nlari'nda Buxara ha'm Xiywada bilim ali'p kelgen mollalar sabaq bergen. Usi' mekteplerde bilim alg'an Wo'tesh shayi'r musi'lman xali'qlari'ni'n' a'debiy shi'g'armalari' menen jaqsi' tani's bolg'an. Woni'n' jazg'an shi'g'armalari'nda «Yusup-Zlixa», «Taxir-Zuxra», «Layli-Majnun», «Farxad-Shiyrin», «G'a'rip-ashi'q», «Shaxsa'nem» ha'm basqa da da'stanlardi'n' atlari'

ko'rinedi. Bug'an qarag'anda Wo'tesh jas waqti'nan baslap a'debiy shi'g'armalardi' teren' u'yrengen.

Wo'tesh shayi'r Berdaq shayi'r menen dos ha'm ag'ayin, dayi'li'-jiyenli bolg'an. Berdaq shayi'rdi'n' wo'limine arnap iri ko'lemli shi'g'arma jazg'an. Wonda Berdaq shayi'rdi'n' wo'miri, qaraqalpaq a'debiyati'nda tutqan worni'na joqari' baha bergen. Soni'n' menen birge Jiyen ji'raw, Ku'nxoja, A'jiniyaz ha'm basqa da qaraqalpaq shayi'rlari'na si'patlama bergen.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qaraqalpaqlardag'i' mektepler tuwrali' nelerdi bilesiz?
2. Medreseler qay jerlerde bolg'an ha'm wolarda qanday bilim berilgen?
3. Qaraqum iyshan medresesi qay jerde quri'lg'an?
4. Tas medrese qaysi' rayon territoriyasi'nda bolg'an?
5. Qaraqalpaqlar arasi'nda saqlang'an «Hayallar patshali'g'i' haqqi'nda yertek» qashan ha'm kim ta'repinen jazi'p ali'ng'an?
6. Qaraqalpaq folklori' tuwrali' pikir aytqan ilimpaz kim?
7. «Wormanbet tolg'awi'» neshinshi a'sirdegi waqi'yalardi' sa'wlelendiredi?
8. Ku'nxoja shayi'r qanday waqi'yalardi' sa'wlelendiredi?
9. A'jiniyaz shayi'r wo'miri ha'm do'retpeleri tuwrali' ayti'p berin'?
10. Berdaq shayi'r tariyxi'y shi'g'armalari' tuwrali' ne bilesiz?
11. Wo'tesh shayi'rdi'n' qaysi' shi'g'armalari'n bilesiz?

## §16. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' qon'si' xali'qlar menen ma'deniy baylani'slari'

XIX a'sirdin' I yari'mi'nda qaraqalpaqlardi'n' wo'zbekler menen ekonomikali'q, siyasiy ha'm ma'deniy baylani'slari' ku'sheygen. Qaraqalpaqlar XIX a'sirdin' basi'nda, a'sirese Raxim xan ha'm Allaquli' da'wirinde xanli'qti'n' siyasiy islerine aralasqan. Qaraqalpaqlar qon'si' xali'qlardan, birinshi na'wbette diyqanshi'li'q ma'deniyati'n u'yrenip Xorezm jerinde u'lken irrigaciyali'q quri'li'slarg'a belsene qatnasqan. Bul tuwrali' akademik Ya. G. Gulyamov wo'zinin' miynetlerinde arnawli' tu'rde ko'rsetip wo'tken.

Qaraqalpaqlar Xiywa xanli'g'i'ni'n' bazarlari'na negizinen iri qara mallardi' jetkerip berip turg'an. Xiywa xanlari' qaraqalpaqlardi'n' qara mallari'na u'lken itibar bergen. Soni'n' menen

birge qaraqalpaqlar Xiywa xanli'g'i'nda yen' ataqli' bali'qshi'lar boli'p, wolar awlag'an bali'qlar xanli'qti'n' ko'plegen qalalari'ndag'i' bazarlarda u'lken talapqa iye bolg'an. Qaraqalpaqlar wo'zlerinin' ko'plegen an'i'zlari'nda, tariyxi'y bilimlerinde wo'zbeklerdi ha'm xanli'qtag'i' basqa xali'qlardi' bir uyadan kelip shi'qqan xali'qlar dep yesaplag'an. A'sirese, Xiywa xanli'g'i'nda XIX a'sirde u'stemlik yetken Xiywa xanlari'n wolardi'n' qon'i'rat ruwi'nan shi'qqanli'g'i' ushi'n wo'zlerine beyim ko'rgen. Geypara biyler wolar menen jaqsi' qatnasi'qlarg'a iye bolg'an. Ma'selen, qaraqalpaqlar tariyxi'nda belgili bolg'an Aydos biy Xiywa xani' Muxammed Raxim I menen jaqsi' qatnasi'qlarg'a iye bolg'an. Woni'n' qollap quwatlawi' menen wol qaraqalpaq qa'wimlerinin' u'stinen basshi'li'q yetiw huquqlari'na iye bolg'an.

Berdaq Garg'abay uli'ni'n' «Shejire» shi'g'armasi'ndag'i' wo'zbek ha'm qaraqalpaq xalqi'ni'n' kelip shi'g'i'w tami'rlari'ni'n' bir yekenligin ko'rsetetug'i'n qatarlar bar.

«Mu'yten, qon'i'rat, qi'tay, qi'pshaq,
Keneges, man'g'i't, aq pi'shaq,
Ba'ri alti' ruw qaraqalpaq,
Wo'zbekten ayri'lg'an yeken»

— degen so'zler xali'qti'n' tariyxi'y pikirleri boli'p yesaplanadi'.

Qaraqalpaqlardi'n' arasi'nda wo'zbek a'debiyati'ni'n' hasi'l nusqalari' ken'nen tarag'an. Shi'mbayda, Qon'i'ratta, Xojelide ha'm basqa da qalalarda ko'rip woti'rg'an da'wirde kitap du'kanlari' boli'p, wonda wo'zbek a'debiyati'ni'n' klassiklerinin' shi'g'armlari' ko'plep sati'lg'an. Wolardan wo'zbek shayi'ri' Alisher Nawayi'ni'n' shi'g'armalari' tarqalg'an. Bul tuwrali' wo'tken a'sirdin' wortalari'nda Qaraqalpaqstang'a kelgen rus yelshileri wo'zlerinin' jazba mag'luwmatlari'n qaldi'rg'an.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' klassikleri bolg'an Jiyen ji'raw, Ku'nxoja, Berdaq, Wo'tesh, Womar wo'z shi'g'armalari'nda shi'g'i's xali'qlari' a'debiyati' shi'g'armalari'nda shi'g'i's xali'qlari' a'debiyati' shi'g'armalari'ni'n' atlari'n ju'da' ko'plep keltirgen.

Bir xali'qti'n' ma'deniyat mu'likleri yekinshi xali'qqa tezden tarap woti'rg'an. Qaraqalpaqlarda ken' tu'rde belgili bolg'an xali'q da'stanlari' «Alpami's», «Yedige», «Qoblan», «G'a'rip

ashi'q», «Go'rug'li'» qon'si' xali'qlarda soni'n' ishinde qaraqalpaq ha'm wo'zbek xali'qlari' arasi'nda ken'nen taralg'an. Sebebi yeki xali'qti'n' woti'rg'an awi'llari' aralas, qoylari' qoralas bolg'an.

Wo'zbek a'debiyati' ha'm tariyxi' menen qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' derlik barli'g'i' tani's bolg'an. Wolar wo'zbek shayi'rlari'ni'n' shi'g'armalari'n woqi'p u'yrengen. Sonli'qtanda Berdaq shayi'r ko'plegen ulli' shi'g'i's shayi'rlari'ni'n' qatari'nda ulli' Alisher Nawayi'ni'n' ati'n hu'rmet penen tilge aladi'. Wol «Nawayi'dan sawat ashti'm» dep jazg'an wo'zinin' «Izler yedim» degen shi'g'armasi'nda. Qaraqalpaq ji'raw-baqsi'lari', shayi'r ha'm qi'ssaxanlari' Worayli'q Aziya xali'qlari'ni'n' ma'deniyati', ulli' ali'm ha'm shayi'rlari'ni'n' jasag'an jerleri menen tani's bolg'an. Wolardi'n' birqanshalari' Xiywani'n', Buxarani'n', Samarqandti'n' meshit-medreselerinde ta'lim alg'an. Ma'selen, belgili qaraqalpaq shayi'ri' A'jiniyaz Xiywa qalasi'ni'n' medreselerinde, Qutli'murat inaq Sherg'azi' xan medreselerinde woqi'g'an. Wolar axun da'rejesine jetisken.

Xiywa xanlari' ta'repinen uyi'mlasti'ri'lg'an shayi'rlar ayti'si'nda Ku'nxoja da qatnasi'p xan sarayi'nda bolg'anli'g'i'n, wonda shayi'rlar mushayrasi'na qatnasqanli'g'i'n bilemiz.

Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' a'jayi'p shi'g'armalari' O'zbekistanni'n' ko'plegen jerlerinde ma'lim bolg'an. Ma'selen, qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' ko'rnekli wa'kili bolg'an A'jiniyazdi'n' Qi'z Men'esh penen ayti'si' buni'n' ayqi'n mi'sali' bola aladi'. Qaraqalpaq ha'm wo'zbek ji'raw-baqsi'lari' xali'q da'stanlari'n, yeki xali'qti'n' birlikte atqarg'anli'g'i' tuwrali' ko'plegen mag'luwmatlar bar. Wo'zbek xalqi'ni'n' muzi'ka tarawi'nda yerisken tabi'slari' Xorezm xali'qlari'ni'n' arasi'nda da ken'nen taralg'an. Wolardi'n' arasi'nda «Muxalles», «Tabriz» ha'm basqa da namalar barli'q Xorezm xali'qlari'na wortaq namalar bolg'an. Uluwma alg'anda qaraqalpaq ha'm wo'zbek ma'deniyati' wo'zlerindegi yen' jaqsi' qa'siyetlerdi qabi'l yetip bayi'ti'p woti'rg'an.

Qaraqalpaq ha'm qazaq xali'qlari'ni'n' arasi'ndag'i' baylani'slar yeki xali'qti'n' tariyxi'ni'n' barli'q da'wirlerinde bolg'an. Bul baylani'slar XIX a'sirde de dawam yetip birqansha da'rejede ku'sheygen.

XIX a'sirdin' basi'nda qazaqlardi'n' birqansha bo'legi Xiywa xanlari' ta'repinen jawlap ali'ni'p Xiywa xanli'g'i'ni'n' ayma-

g'i'na ko'shirilgen. Qaraqalpaqlar menen qazaqlar Aral ten'i-zinin' jag'alari'nda woti'ri'p wolardi'n' arasi'ndag'i' ekonomikali'q baylani'slar ku'sheygen. Qazaqlar qaraqalpaqlardan ha'm to'mengi A'miwda'rya boylari'nda jasawshi' basqa da xali'qlardan, a'sirese wo'zbeklerden diyqanshi'li'q wo'nimlerin sati'p ali'p woti'rg'an. Qon'i'rat qalasi'nda arnawli' qazaq bazari' boli'p, bunda U'stirt ha'm Jayi'q jag'alari'nan qazaqlar kelip sharwa wo'nimlerin sati'p woti'rg'an.

1873-ji'li' A'miwda'rya boylari'n izertlegen rus izertlewshisi A. Kaulbarsti'n' «A'miwda'rya yeteklerinde» degen kitabi'nda qaraqalpaq ha'm qazaq awi'llari'ni'n' aralas woti'rg'anli'g'i' tuwrali' ko'plegen mag'luwmatlar keltirgen. A'sirese, Ko'ko'zek da'ryasi'ni'n' boylari', Jan'asuw, Qon'i'rat, Shomanay jerlerinde qaraqalpaq ha'm qazaqlardi'n' aralas woti'rg'anli'g'i' tuwrali' jazg'an.

Usi'nday baylani'slar siyasiy tarawda da birqansha da'rejede bolg'an. Qaraqalpaqlar menen qazaqlar Xiywa xanli'g'i'ni'n' zuli'mli'qlari'na qarsi' ko'terilislerge de birge qatnasqan. Woni'n' ayqi'n mi'sali' yetip qaraqalpaqlardi'n' Xiywa xanli'g'i'ni'n' zuli'mli'qlari'na qarsi' 1855—1856-ji'llardag'i' ko'terilislerine qazaqlardi'n' wa'killeri de qatnasqan. Ha'tteki usi' ko'terilistin' basshi'si'ni'n' biri si'pati'nda qazaq to'relerinen bolg'an Zarli'q xan yetip saylang'an. Zarli'q xan Xiywa xanlari' ta'repinen wo'ltirilgen.

Qazaqlardi'n' turmi'si' ha'm ma'deniyati' menen qaraqalpaq shayi'rlari' tani's bolg'an. Wolardi'n' a'debiy shi'g'armalari'n woqi'p, ha'tteki qazaq tilinde shi'g'armalar jazi'wg'a yerisken. Bulardi'n' arasi'nda belgili qaraqalpaq shayi'ri' Berdaq G'arg'a-bay uli' qazaqlar arasi'nda ju'da' ko'p bolg'an. Qazaq xalqi'ni'n' a'debiyati'n ju'da' jaqsi' bilgen. Qazaq tilinde wo'zinin' Aydosqa arnalg'an shi'g'armasi'n jazg'an.

Belgili qazaq ilimpazi' Shoqan Walixanov qaraqalpaqlardi'n' tariyxi'n, ma'deniyati'n, a'debiyati'n ju'da' teren' bilgen. Woni'n' miynetlerinde Tu'rkstan xali'qlari'ni'n' wortaq mu'lki bolg'an Yedige, Jiyrenshe sheshen, Qorqi't ata, Asan Qayg'i', Alpami's, Qoblan ha'm basqa da ma'deniy miyraslar tuwrali' mag'luwmatlar bar.

Shoqan Walixanov qaraqalpaqlardi' Worta Aziyani'n' yen' miynet su'ygish xali'qlari'ni'n' biri yekenligin ko'rsetken.

Woni'n' so'zi boyi'nsha 1747-ji'li' Ablayxan, u'ysin ruwi'ni'n' biylerinin' sorawlari' boyi'nsha wolarg'a basshi'li'q yetiwge wo'zinin' balasi' A'dildi jiberip, wog'an Talas da'ryasi'ni'n' boyi'nan qala sali'p berip, wog'an miynet su'ygish qaraqalpaqlardi' qoni'slasti'rg'anli'g'i'n ko'rsetken.

Shoqan Walixanov Worayli'q Aziya xali'qlari'ni'n' ma'deniy miyraslari'na baha bergende qaraqalpaq ma'deniyati'na ju'da' joqari' baha berip, qaraqalpaqlardi' Worayli'q Aziyani'n' sahra xali'qlari' arasi'nda «yen' birinshi shayi'rlar ha'm qosi'qshi'lar» dep qaraqalpaqlar arasi'ndag'i' tariyxi'y ha'm a'debiy shi'g'armalarg'a joqari' baha beredi.

XIX a'sirdegi Xiywa xanli'g'i'ndag'i' jasag'an xali'qlardi'n' arasi'nda tu'rkmenler sani' boyi'nsha wo'zbeklerden keyingi belgili wori'ndi' iyelegen. Tu'rkmenlerdin' xojali'q turmi'si'nda sharwashi'li'q basli' wori'n tutqan. Wolar Xiywa xanli'g'i'nda belgili da'rejede ha'r tu'rli sali'q to'lemler to'lep turg'an. Tu'rkmenler, qaraqalpaqlar ha'm aralli' wo'zbekler Xiywa xanli'g'i'nda arnawli' sali'q bolg'an «salg'i'rt kespe» degen sali'qti' to'lep turg'an. Qaraqalpaqlarlar menen tu'rkmenlerdin' kelip shi'g'i'wi'nda birqansha jaqi'nli'qlar bolg'an. Bul tuwrali' xali'q an'i'zlari'nda, shejirelerinde ko'plegen mag'luwmatlar bar. A'sirese, xali'q shejirelerinde tu'rkmenlerdin' ata-babalari'n Seyilxan degen at penen, qaraqalpaqlardi'n' ata-bablari'n Jayi'lg'annan taralg'anli'g'i'n, wolardi'n' bir atadan kelip shi'qqanli'g'i' tuwrali' mag'li'wmalar bar. Berdaq shayi'r wo'zinin' «Shejire»sinde Jayi'lg'an menen Seyilxanni'n' bir atadan taralg'anli'g'i'n ko'rsetedi.

Xiywa xanli'g'i'nda aymaqli'q jaqtan ju'da' jaqi'n jasag'an tu'rkmenler menen qaraqalpaqlar arasi'nda jaqi'n ekonomikali'q baylani'slar bolg'an. Qaraqalpaqstan jerlerindegi qalalarg'a tu'rkmenler wo'zlerinin' mallari'n a'kelip sati'p, bul jerden wolar awi'l xojali'q zatlari'n, a'sirese biyday, ju'weri ha'm basqa da da'n wo'nimlerin ali'p ketip woti'rg'an.

Qaraqalpaqlarlar arasi'nda tu'rkmenler toqi'g'an suli'w gilemler Qaraqalpaqstanni'n' Shi'mbay, Qon'i'rat, Xojeli ha'm basqa qalalari'ndag'i' bazarlarda u'lken talapqa iye bolg'an.

Qaraqalpaqlar tu'rkmenler menen birge XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda Xiywa xanli'g'i'ni'n' awi'r zuli'mli'qlari'na qarsi' birneshe ma'rtebe ko'terilislerge shi'qqan. A'sirese,

1855—1856-ji'llari'dag'i' Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilis waqti'nda ha'm 1858-ji'lg'i' Qon'i'rat qalasi'ndag'i' ko'terilis waqti'nda tu'rkmenler menen qari'm-qatnas ku'sheygen. Xiywa xanlari'ni'n' siyasati'na qarsi' bolg'an geypara qaraqalpaqlar tu'rkmenler arasi'na qashi'p bari'p baspana tapqanli'g'i' tuwrali' da ko'plegen mag'luwmatlar bar.

Qaraqalpaqlar menen tu'rkmenler arasi'nda ti'g'i'z ma'deniy baylani'slar bolg'an. Ma'selen, «G'a'rip ashi'q» da'stani' tu'rkmenler menen qaraqalpaqlar arasi'nda da xali'qti'n' su'yip ti'n'laytug'i'n da'stanlari'ni'n' biri bolg'an. Bul da'stan tek g'ana usi' yeki xali'qti'n' arasi'nda tarali'p qalmastan Worayli'q Aziya xali'qlari'ni'n' derlik wortaq mu'lki. Wo'tken a'sirdin' wortalari'nda yag'ni'y 1824-ji'li' rus a'skeriy xi'zmetkeri N. Muravev Xorezm jerinen G'a'rip ashi'q tuwrali' an'i'zdi' jazi'p alg'an. Qaraqalpaq shayi'rlari' qaraqalpaq qi'zlari'ni'n' suli'w ko'rkin su'wretlegende wolardi'n' a'jayi'p kelbetin Shaxsanemnin' suli'w ko'rkine ten'egen. Soni'n' menen birge qaraqalpaqlar arasi'nda yen' ko'p taralg'an «Sayatxan Xamra», «Ashi'q Na'jep», «Nadjep ug'lan» ha'm basqa da da'stanlar tu'rkmenler arqali' qaraqalpaqlar arasi'na tarap, ko'plegen qaraqalpaq baqsi'lari' wolardi' toy mereklerde u'lken ruxlani'wshi'li'q penen atqarg'an.

Qaraqalpaqlar menen tu'rkmenler arasi'nda da yen' su'ykimli xali'q da'stanlari'ni'n' bir Go'rug'li' da'stani' bolg'an. Bul da'stanni'n' yen' da'slepki shi'qqan watani' Azerbayjan aymag'i' bolg'an. Wol jerden bul da'stan tu'rkmenler arasi'na ken' tarali'p, wonnan Xorezm ha'm qaraqalpaqlar arasi'nda ken' tu'rde belgili bolg'an. Qaraqalpaq baqsi'lari' arasi'nda bul da'stan u'lken yosh ha'm ko'terin'kilik penen atqari'lg'an.

Qaraqalpaq shayi'rlari' bolg'an A'jiniyaz, Berdaq, Wo'tesh ha'm basqalar Go'rug'li' da'stani'n woqi'p xali'q arasi'nda tarati'wshi'lar bolg'an. Go'rug'li' da'stani'ni'n' jazba nusqalar di' qaraqalpaqlar arasi'nda ken'nen tarqalg'an. Go'rug'li'ni'n' azatli'q, a'dillik ushi'n ju'rgizgen gu'resleri wolardi' ruxlandi'rg'an. Wolar xali'q bati'rlari'n Go'rug'li'ni'n' bati'rli'g'i' menen sali'sti'radi'. Ma'selen, Berdaq shayi'r:

«Go'rug'li' bektey yer yedi,
Qatarda qosa nar yedi,

Toli' jurtqa da'rkar yedi,
Sheyit wo'ldi Yernazar biy»

— degen so'zlerdi jazg'an.

Qaraqalpaq ha'm tu'rkmen shayi'rlari'ni'n' arasi'nda ti'g'i'z baylani'slar bolg'an. Woni'n' ayqi'n mi'sali' tu'rkmen xalqi'ni'n' ulli' shayi'ri' Maqtumquli'ni'n' shi'g'armalari' qaraqalpaqlarda jazba ha'm awi'zsha tu'rinde taralg'an. Qaraqalpaqstan jerleri Maqtumquli'ni'n' shayi'rli'q watani' dep atali'ng'an.

Qaraqalpaq shayi'rlari' Jiyen ji'raw, Ku'nxoja, Wo'tesh, A'jiniyaz ha'm Berdaq shayi'rlar Maqtumquli' shi'g'armlari'ni'n' shi'n ashi'g'i' bolg'an. Woni'n' so'zlerinen ruxlani'p wo'zine jan azi'g'i' si'pati'nda qabi'l yetken. Woni'n' shi'g'armalari'ni'n' joqari' ruwxi'yli'g'i'na ha'm ko'rkem suli'wli'g'i'na joqari' baha bergen.

***Sorawlar ha'm tapsi'rmalar:***

1. Qaraqalpaqlar menen qon'si' xali'qlar arasi'nda XIX a'sirdin' birinshi yari'mi'nda qanday ekonomikali'q baylani'slar bolg'an?
2. Qaraqalpaqlar shejiresinde qaraqalpaqlardi'n' qon'si' xali'qlar menen etnikali'q baylani'slari' tuwrali' qanday mag'luwmatlar bar?
3. Qaraqalpaqlar menen qon'si' xali'qlar arasi'nda qanday muzi'kali'q uluwmali'qlar bar?
4. Qaraqalpaqlar ha'm qon'si' xali'qlar arasi'nda ten'dey taralg'an qanday da'stanlardi' bilesiz?
5. Qaraqalpaqlar arasi'nda ulli' wo'zbek shayi'ri' Nawayi'ni'n' shi'g'armalari' tuwrali' kimler pikirler aytqan?
6. Qaraqalpaqlar arasi'nda Maqtumquli' shi'g'armalari'ni'n' tarali'wi' tuwrali' ayti'p berin'?
7. Shoqan Walixanovti'n' qaraqalpaqlar tariyxi' ha'm ma'deniyati' tuwrali' qanday pikirlerin ha'm shi'g'armalari'n bilesiz?

## Juwmaqlaw

Biz sizler menen ko'rip u'yrengen XVI—XIX a'sirdegi qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi' — bul wo'z aldi'na xali'q si'pati'nda qa'liplesken ha'm g'a'rezsiz jasawg'a gu'res ju'rgizgen xali'qti'n' tariyxi' boli'p yesaplanadi'. Qaraqalpaqlar Si'rda'rya ha'm A'miwda'ryani'n' Aral ten'izine quyar jerlerin u'lken diyqanshi'li'q maydani'na aylandi'rdi'. Uzi'nli'g'i' birneshe

kilometrge jetetug'i'n uzi'n kanallar quri'p, qurg'ap ati'rg'an jerlerdi bag'i' bostan, diyqanshi'li'q rayonlari'na aylandi'rdi'. Soni'n' menen birge ata-babalari'mi'z usta adamlar boli'p, ju'da' a'jayi'p wo'nermentshilik buyi'mlari'n islep wo'zlerinin' mu'ta'jliklerine paydalang'an.

Qaraqalpaqlar Worta Aziyani'n' yen' a'jayi'p a'debiy shi'g'armalari'n do'retken xosh hawaz shayi'r ha'm da'stanshi'lari' bolg'an. Wolardi' do'retken shayi'rlardi'n' atlari' xali'qti'n' yadi'nda qalg'an.

Qaraqalpaqlar basqa xali'qlar si'yaqli' wo'zinin' ma'mleketine iye bolg'an. Biraq bul ma'mlekettin' wo'zin-wo'zi basqari'wi' qanday da'rejede bolg'anli'g'i'na qaramastan wol ko'pshilik ma'mleketler menen XVIII—XIX a'sirlerde Rossiya, Qazaqstan, Buxara ha'm Xiywa xanli'g'i' menen baylani'slar wornatqan. Wo'z ana tariyxi'mi'zdi'n' rawajlani'w joli'nda xalqi'mi'z ju'da' ko'plegen materialli'q ha'm ruwxi'y ma'deniyat du'zgen. Biraq bul tariyxi'mi'zdi' teren'nen u'yreniwimiz kerek. Biz tariyxi'mi'zdi' teren'nen u'yreniw arqali' keleshekke ko'z taslaymi'z.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n' ko'p a'sirlik tariyxi' da'wirinde ju'da' ko'plegen a'jayi'p waqi'yalardi', a'sirler dawami'nda qa'liplesken bay materialli'q ha'm ruwxi'y ma'deniyat du'zip Aral ten'izi boylari'n diyqanshi'li'qqa, sharwashi'li'qqa, bali'qshi'li'qqa aylandi'ri'p, bizge ata-babalari'mi'z u'lken miyras qaldi'ri'p ketti. Biz usi' qunli' miyrasti', Watan topi'rag'i'n, ana ta'biyati'mi'zdi' ko'zdin' qarashi'g'i'nday saqlap, kelesi a'wladlarg'a gu'llengen ulli' Watan qaldi'ri'wi'mi'z kerek. Tariyx — bul wo'tmish, ha'zirgi ku'n ha'm keleshek. Bular bir-biri menen aji'ralmaytug'i'n janli' qubi'li's.

Prezidentimiz Islam Karimov wo'zinin' shi'g'i'p so'ylegen so'zlerinde qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi'na, woni'n' a'jayi'p ma'deniyati'na, ha'zirge shekem saqlang'an a'jayi'p kiyim-kensheklerine, xosh hawazli' jigitler ha'm qi'zlar atqarg'an muzi'ka ma'deniyati'na ju'da' joqari' baha bergenligin bilemiz ha'm bul bahalar qaraqalpaq xalqi'ni'n' tariyxi' ha'm ma'deniyati'n ja'ne de teren'irek u'yreniw kerekligine ha'm woni' xali'q arasi'na jayi'w isine bizlerge yosh, ku'sh-quwat bag'i'shlaydi'. Usi'ni'li'p woti'rg'an bul woqi'wli'q usi' bag'dardag'i' isleniwi kerek bolg'an jumi'slardi'n' birinen yesaplanadi'.

## TARIYXIY SA'NELER KO'RSETKISHI

**1505-ji'l.** — Xorezmnin' Sheybaniyxan qoli'na wo'tiwi.
**1578-ji'l.** — Qaraqalpaqlar haqqi'nda yen' da'slepki jazba mag'luwmatti'n' payda boli'wi'.
**1580—1598-jj.** — Tawke xanni'n' xanli'q da'wiri.
**1593-ji'l.** — Abdullaxanni'n' Xorezmdi jawlap ali'wi'.
**1558—1602-jj.** — Haji'mxanni'n' xanli'q da'wiri.
**1603-ji'l.** — Qaraqalpaqlardi'n' Buxara xanli'g'i'na qarsi' ko'terilisi.
**1614-ji'l.** — Qalmaqlardi'n' Volga boylari'na atlani'si'.
**1611-ji'l.** — Buxara xani' Imamquli' xanni'n' Tu'rkstan qaraqalpaqlari'na shabi'wi'li'.
**1605—1663-jj.** — Xiywa xani' Abulg'azi'ni'n' jasag'an ji'llari'.
**1620-ji'l.** — Worta Aziyag'a rus yelshisi Ivan Xoxlovti'n' keliwi.
**1644—1663-jj.** — Xiywa xani' Abdulg'azi'ni'n' basqarg'an da'wiri.
**1680—1718-jj.** — Qazaq xani' Tawkenin' basqarg'an da'wiri.
**XVIII a'sirdin' basi'** — Qoqan xanli'g'i'ni'n' Buxaradan bo'linip shi'g'i'wi'.
**1702—1714-jj.** — Xiywada Arab Muxammedtin' basqarg'an da'wiri.
**1714—1717-jj.** — Patsha Rossiyasi' ta'repinen Worta Aziyag'a jiberilgen Bekovich-Cherkasskiydin' a'skeriy atlani'si'.
**1715—1728-jj.** — Xiywani' Sherg'azi' xanni'n' basqarg'an da'wiri
**1722-ji'l.** — Rossiya patshasi' Petr I menen qaraqalpaq xani' Yeshmuxammedtin' qatnasi'qlari'.
**1723-ji'l.** — Si'rda'ryani'n' worta ag'i'si' boylari'na Jong'ar qalmaqlari'ni'n' shabi'wi'l jasawi'.
**1728—1740-jj.** — Xiywani'n' Elbars xan ta'repinen basqari'lg'an da'wiri
**1731-ji'l.** — Qazaqti'n' kishi ju'zinin' xani' Abulxayi'rdi'n' Rossiya puxarashi'li'g'i'n qabi'l yetiwi.
**1731-ji'l.** — Qaraqalpaqlarg'a Rossiya yelshisi A. Tevkelevtin' keliwi.
**1740-ji'l.** — Iran shaxi' Nadir shaxti'n' Xiywani' basi'p ali'wi'.
**1740-ji'l.** — Rus yelshileri Gladishev ha'm Muravinnin' qaraqalpaqlar arasi'na keliwi.
**1743-ji'l.** — Abulxayi'rdi'n' qaraqalpaqlarg'a islegen shabi'wi'
**1741-ji'l.** — Xiywali'lardi'n' Iran ha'kimligine qarsi' ko'terilisi
**1746—1756-jj.** — Xiywani' G'ayi'p xanni'n' basqari'wi'.

**1758-ji'l.** — Cin imperiyasi ta'repinen Jong'ar ma'mleketinin' qulati'li'wi'

**1763-ji'l.** — Xiywa xanli'g'i'nda Qon'i'rat dinastiyasi'ni'n' ha'kimiyat basi'na keliwi.

**1763—1790-jj.** — Muxammed A'min inaqti'n' Xiywa xanli'g'i'nda basshi'li'q yetiwi

**1790—1804-jj.** — Xiywada A'wez inaqti'n' basqarg'an ji'llari'.

**1806—1825-jj.** — Muxammed Raximnin' Xiywani' basqari'wi'.

**1811-ji'l.** — Aralli'lardi'n' Xiywa xanli'g'i'na bag'i'ndi'ri'li'wi'.

**1811-ji'l.** — Jan'ada'rya qaraqalpaqlari'ni'n' Xiywa xanli'g'i' ta'repinen bag'i'ndi'ri'li'wi'.

**1824-ji'l.** — A'jiniyaz shayi'rdi'n' tuwi'li'wi'.

**1827-ji'l.** — Aydos biy basshi'li'g'i'ndag'i' qaraqalpaqlardi'n' Xiywag'a qarsi' ko'terilisi.

**1827—1900-jj.** — Berdaq shayi'r jasag'an ji'llar.

**1829-1902 jj.** — Wo'tesh shayi'r jasag'an ji'llar.

**1839-ji'l.** — Xiywag'a general Perovskiy atlani'si' ha'm woni'n' qi'yrati'li'wi'.

**1847-ji'l.** — Aral flotiliyasi'ni'n' quri'li'wi'.

**1855—1856-jj.** — Yernazar biy basshi'li'g'i'ndag'i' ko'terilis.

**1859-jj.** — Qon'i'rat ko'terilisi.

**1864—1910-jj.** — Muxammed Raximxan II xanli'g'i'ni'n' da'wiri

**1865-ji'l.** — Tashkent qalasi'ni'n' Rossiya imperiyasi' ta're-pinen basi'p ali'ni'wi'.

**1868-ji'l.** — Buxara xanli'g'i'ni'n' Rossiya imperiyasi' ta're-pinen basi'p ali'ni'wi'.

**1873-ji'l.** — Xiywa xanli'g'i'ni'n' Rossiya imperiyasi' ta'repinen basi'p ali'ni'wi'.

## A'DEBIYATLAR DIZIMI

**Karimov I. A.** O'zbekistan XXI a'sir bosag'asi'nda: qa'wipsizlikke qa'wipler, turaqli'li'q sha'rtleri ha'm rawajlani'w kepillikleri. No'kis «Qaraqalpaqstan» 1998.

**Karimov I. A.** O'zbekistan XXI a'sirge umti'lmaqta. T., 1999.

**Karimov I. A.** Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo'lida. T., 1999.

**Karimov I. A.** Tarixiy xotirasiz kelajak yuq. T., 1998

**Karimov I. A.** O'zbekistan g'a'rezsizlik qarsan'i'nda. T., 2011.

**Adambaeva T.** Revolyuciyag'a shekemgi qaraqalpaq muzi'kasi'. No'kis. Qaraqalpaqstan, 1976.

**Andrianov B. V.** Arqa Xorezm qaraqalpaqlari'ni'n' etnikali'q territoriyasi'. M. 1958.

**Andrianov B.V.** Qaraqalpaqlardi'n' A'miwda'ryani'n' to'mengi jag'i'na qoni'slasi'w tariyxi'nan. No'kis, 1963.

**Axmedov B. A.** Ko'shpeli wo'zbekler ma'mleketi. M., 1965.

**Axmedov B. A.** Tarix saboqlari. T., 1994.

**Berdiev J. T.** XVI—XVII a'sirlerde qaraqalpaqlar tariyxi'ni'n' an'i'zlarda ha'm xali'q awi'zeki do'retpelerinde sa'wleleniwi. N., 1995.

**Walixanov Sh. Ch.** Shi'g'armalar toplami' 5 tomli'g'i'. Alma-ata 1961.

**Grekov B. D. Yakubovskiy A. Yu.** Alti'n worda ha'm woni'n' qulawi'. M., 1950

**Gulyamov Ya. G.** A'yyemgi da'wirden ha'zirgi ku'nge shekemgi Xorezmnin' suwg'ari'li'w tariyxi'nan. T., 1957

**Yesbergenov X., Xojaniyazov J.** Qaraqalpaq folklori'nda etnografiyali'q motivler. T., 1988.

**Jdanko T.A.** Xorezm oazisi qaraqalpaqlari'. M., 1952.

**Jdanko T.A.** Qaraqalpaqlar tariyxi'y etnografiyasi'ni'n' ocherki. M.L., 1950.

**Jirmunskiy V. M.** Turk qaharmanli'q eposi'. M., 1974.

Qaraqalpaqstanni'n' jan'a tariyxi' N., 2003.

**Kamalov S. K.** XVIII—XIX a'sir qaraqalpaqlari'. T., 1968.

**Kamalov S. K.** Qaraqalpaqlardi'n' XIX a'sirdegi Xiywa xanlari'na qarsi' milliy azatli'q gu'resleri. N., 1955.

**Kamalov S.K.** Qaraqalpaqlardi'n' xali'q boli'p qa'liplesiwi ha'm woni'n' ma'mleketshiligi. N., 2001.

**Kilichev T.** Xorezm xali'q teatri'. T., 1988.

**Qosbergenov R.K.** Qaraqalpaqstanni'n' Rossiyag'a qosi'li'wi'. N., 1972.

**Qarli'baev M.A.** XIX— XX a'sir baslari'nda qaraqalpaq medreseleri. N., 1995.

Ocherki istori Karakalpakskoy ASSR.Tom I, T., 1964.

**Worazbaeva U.** Qi'ri'q qi'z da'stani'nda tariyxiy etnografiyali'q derekler. N., 1990.

**Sari'baev K.S.** Qaraqalpaqstandag'i' jer-suw qatnasi'qlari' tariyxi'nan. (XIX a'sirdin' aqi'ri' XX a'sirdin' basi') N., 1965.

**Tlewmuratov M.T.** Berdaqti'n' shi'g'armlari'ndag'i' tariyxi'y derekler. N., 1968.

**Tlewmuratov M.T.** Beruniydin' tariyxi'y miyraslari'. N., 1973.

**Tlewmuratov M.T.** Qaraqalpaqlardi'n' tuwi'sqan xali'qlar menen ma'deniy baylani'slari'. No'kis 1989.

**Tlewmuratov M.T.** Qaraqalpaq poeziyasi' tariyxi'y derek. N., 1994 .

**Tlewmuratov M.T.** Qaraqalpaq ha'm wo'zbek xali'qlari'ni'n' ma'deniy baylani'slari'ni'n' tariyxi'nan. N., 1993.

**Tlewmuratov M. Berdiev J.** Qaraqalpaqstan tariyxi' (XVI—XIX a'sir) N., 1996.

**Tolstova L. S.** Joqarg'i' qaraqalpaqlar. N., 1979

**Wo'temisov A.** Qaraqalpaqstan bali'qshi'lari'. N., 1979.

**Shamambetov B. Yusupov Wo.** O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan tariyxi' boyi'nsha derekler. N. 1996.

## MAZMUNI'

Kirisiw ........ 3
§1. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' etnikali'q qa'liplesiw tariyxi'nan. XVI a'sirdegi qaraqalpaqlardi'n' ma'deniyati' ........ 4
§2. XVII—XVIII a'sirlerde Xiywa xanli'g'i'. XVII a'sirdegi qaraqalpaqlar ........ 13
§3. XVIII a'sirdin' birinshi yari'mi'nda, siyasiy waqi'yalar. XVIII a'sirdegi Qaraqalpaq-Rossiya qatnasi'qlari' ........ 21
§4. Qaraqalpaqlardi'n' aralli' wo'zbekler menen qatnasi'qlari', ma'mleketshiligi ........ 27
§5. Qaraqalpaqlardi'n' XVIII a'sirdegi ja'miyetlik turmi'si', xojali'g'i'. Qaraqalpaqlardi'n' turmi'si' ha'm ma'deniyati' ........ 34
§6. Qaraqalpaqlar Xiywa xanli'g'i' qurami'nda (1810—1873) ........ 41
§7. Xali'qti'n' xojali'q turmi'si'. Diyqanshi'li'q ha'm sharwashi'li'q ........ 48
§8. Bali'qshi'li'q, wo'nermentshilik, sawda ha'm sali'q sistemasi' ........ 54
§9. 1827 — 1828-ji'llardag'i' Aydos biy basshi'li'g'i'ndag'i' xali'q ko'terilisi ... 64
§10. 1855 — 1856-ji'llardag'i' Yernazar Alako'z basshi'li'g'i'ndag'i' xali'q ko'terilisi ........ 69
§11. 1858—1859-ji'llardag'i' Qon'i'rat ko'terilisi ........ 74
§12. Qaraqalpaqlarda basqari'w sistemasi' ha'm ma'mleketshiligi ........ 80
§13. A'miw boyi'ndag'i' awi'llar, qalalar, qorg'anlar, turaq jaylar ha'm xali'qti'n' milliy kiyim-kenshekleri ........ 86
§14. Milliy tag'amlar, xali'qti'n' u'rp-a'detleri, bayramlari' ........ 94
§15. Ruwxi'y ma'deniyat ........ 100
§16. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' qon'si' xali'qlar menen ma'deniy baylani'slari' ........ 107
Juwmaqlaw ........ 113
Tariyxi'y sa'neler ko'rsetkishi ........ 115
A'debiyatlar dizimi ........ 117

**M. Tlewmuratov, J. T. Berdiev,**
**Z. Tlewmuratova**

# QARAQALPAQSTAN TARIYXI'

## 8-KLASS

ULUWMA WORTA BILIM BERIW MEKTEPLERI USHI'N

Qayta islengen ha'm toli'qti'ri'lg'an basi'li'm

*«Bilim» baspasi'*
*No'kis—2014*

Redaktori' *A. Saparova*
Xud. redaktori' *I. Serjanov*
Tex. redaktori' *Z. Allamuratov*
Operatori' *A. Begdullaeva*

**Licenziya: AI № 108, berilgen waqti' 2008-ji'l 15-iyul.**

Basi'wg'a ruqsat yetilgen waqti' 27.08.2014-j. Formati' 60x90 $^{1}/_{16}$. Kegl 11. Ofset baspa usi'li'nda basi'ldi'. Ko'lemi 7,5 baspa tabaq. 7,10 yesap baspa tabaq. Buyi'rtpa №530. Nusqasi' 5215 dana.

«Bilim» baspasi', 230103. No'kis qalasi', Qaraqalpaqstan ko'shesi, 9.

**Elektron ma'nzil:** bilim.baspa@bk.ru

JSHJ «Niso Poligraf» i'nda basi'p shi'g'arildi'.
Tashkent oblasti', Urta Chi'rchi'q rayoni' «Oq ota» KFY,
p. Mashal, Markaz ko'shesi, 1.



«BILIM»

ISBN 978-9943-4190-9-4